

Kay K Ap Vini Pou Epou Selès

Ak Epouz Terès La

64-0802

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Ann rete kanpe yon moman, alòske n ap koube kè nou kounye a devan Bondye.

2 Papa nou nan Syèl la, nou vrèman rekonesan pou privilèj nou genyen pou nou isi a jodi a, asanble ansanm nan Non Seyè Jezi a. Nou priye pou Ou padonnen peche nou, e kòm nou isi a pou tounen atansyon nou nan direksyon bagay ki Etènèl ak Lavi ki blayi pi lwen pase riv mòtèl sa. Kounye a nou priye ke Ou va ban nou nan enstriksyon W yo, sou kouman nou dwe kondwi nou, kisa nou dwe fè a lavni, e menm nan prezans lan kounye a, pou nou rive posede plas sa ke nou ye a...ki te pwomèt.

3 Gen anpil ki malad e ki nan bezwen nan peyi a, e yo pa fini vwayaj yo. E gran lènmi nou an, pa sèlman lènmi pa nou, men lènmi pa W, vini pou asayi yo epi pou--epi pou fini ak lavi yo, epi voye yo nan yon--yon tonm anvan lè yo. E n ap mande pou yo, jodi a, pou ke Oumenm ak mizerikòd ak gras Ou, Seyè, va ogmante jou yo jouk lè ki te rezève a.

4 Gen mouchwa ak pake ki blayi isi a, sou lestrad la, oswa chè a. E nan koulwa yo epi ozalantou plas la, genyen ki sou branka, sivyè, ki malad epi ki aflije, ki kanpe nan oditwa a epi yo prèske pa gen fòs pou yo kanpe.

5 O bondye Etènèl, Sila Ki Beni, Ke Ou tande priyè nou maten an, atravè San Seyè Jezi; san Ou pa gade inikite nou, men nou konnen ke Li te kanpe nan plas nou, e Li se Sila ki reprezante nou pou priyè sa. Ke tout moun geri pou glwa Ou, Seyè.

6 Beni mouchwa sa yo. Lè yo poze yo sou malad yo, ke yo geri.

7 E kounye a, Papa, antan n ap tann gran sèvis gerizon an, nou kwè ki pral swiv, brize pou nou chimen Lavi a, Seyè, pou ke nou ka konnen atravè Pawòl Ou kisa nou ta dwe fè. Paske nou mande li nan Non Jezi. Amèn.

8 Kòm toujou, mwen konsidere sa kòm youn nan pi gran privilèj mwen genyen, pou m nan kay Bondye e pou m pale ak pèp Li. E kounye a mwen kwè se trè sere, e mwen gen yon leson

byen long. Kifè mwen...mwen--mwen gen konfyans ke--ke nou va alèz, otan ke nou kapab, jouk nou fini Mesaj la.

9 Kounye a, li fè cho, men nou rekonesan pou èkondisyone a. Men, yon gwoup gwosè sa, pa gen èkondisyone ki ka pran swen l, ou wè, paske pwòp kò nou se yon jeneratè, anviwon katrevendizwit degre, k ap bay chalè san rete, epi nou chita byen sere. Men mwen--mwen gen konfyans ke Bondye va jis rann nou osi alèz ke L kapab.

10 E lè nou nan, konstwi rasanbleman tankou sa, mwen--mwen pa t ap fè nou vin isi a, nan okenn fason, si m pat panse se te pou ede nou, si m pat panse ke sa t ap bon pou nou, e ke nou t ap pwofite de sa, lè nou vini. Epi, antan nou konnen tou ke nou pa gen twò lontan pou fè sa, e ke n ap--n ap apwoche vè lafen tan yo menm, e mwen--mwen vle fè chak moman konte, ke mwen kapab, pou Wayòm Li. E kounye a mwen gen konfyans ke Seyè Bondye a va beni nou kòm nou rasanble.

11 E mwen vle di nou, ke, yè mwen ta pral diferan kote, pou m al wè kèk nan malad yo ak aflije yo, nan motèl yo, e mwen te rankontre kèk nan manadyè yo semenn sa, kèk nan restoran yo. Tankou mwen te nan Ranch House la semenn sa, laba a, e manadyè a t ap ban m lamèn antan nou t ap soti. Epi li te di, li te rele m: "Frè Branham." M te mande m kouman li fè konnen m. Epi li di...

Mwen di: "Se ou ki manadyè a?"

12 Li di: "Mwen se pwopriyetè a." Kifè donk li di: "Wi, moun ou yo konn vin isi a pou manje, lè yo sot laba." Yo di: "Yo..."

E mwen di: "Ebyen, mwen panse yo anvayi w."

13 Li di: "Mesye, sa se youn nan gwoup moun ki pi debyen ke m janm wè." Li di: "Yo vrèman janti."

14 Mwen t ale nan yon motèl yè, pou m al wè yon jèn dam ke m te vle pale avè l, papa l ak manman l te la, e mwen te dwe al bò kote manadyè a pou m wè ki kote mot-... nan ki chanm yo te ye.

15 Li di: "E ou se Frè Branham?" Sa se laba nan Oaks.

E mwen di: "Wi, mesye."

16 Li di: "Mwen vle ba w lamèn." Li di...Li te prezante m bay madanm li; yon trè bon koup. Yo di: "Chak moun nan motèl sa ap asiste sèvis ou yo. Nou rezève l pou yo." Epi li di: "Nou refize tout lòt kliyan nou yo."

Epi mwen di: "Ebyen, mwen remèsye w pou sa."

17 Li di: "Frè Branham, youn nan gwoup moun ki pi janti mwen jan m wè, se moun ki vin bò isi a, ki asiste reyinyon w yo."

18 M t ale yè swa kay yon zanmi m, Mesye Becker laba a, e mwen te toujou renmen sandwich li yo. Li sitèlman yon...Li, mwen te konnen l depi lè m te yon ti gason; m te konnen l diran tout vi m. Te gen yon koup ki te chita la ki soti nan--nan ansyen plas la, laba nan Riverside Hotel la laba. Kifè yo...Mesye Becker di: "Billy?"

19 Mwen di: "Kisa k genyen, Homer?" Nou konn nou youn lòt trè byen.

Li di: "Mwen fè manje pou tout moun ou yo laba a."

20 Gen apeprè desan, oswa yon bagay konsa, chak dimanch, ki manje nan Blue Boar. E tout kote m ale m tande y ap di kijan nou janti.

21 Kanmarad sa di: "Laba nan--nan Riverview a laba," li di, "tout plas sa okipe avèk moun ki asiste reyinyon an." Li di: "Gen dè santèn ki p ap ka antre."

22 Kifè, poutèt nou konsa, pou mwen nou se sèl sou tè a. Mwen--mwen sitèlman rekonesan pou m konnen ke m gen privilèj pou preche a yon gwoup moun ke menm pechè yo ak moun...m pa di moun sa yo se pechè yo ye, men m vle di moun ke, ki nan biznis e latriye, ki ka di ke nou janti, e yo apresye nou nan biznis yo, bò kote yo. Nou konnen, se sa ki vle di sale. M apresye sa, kondwit nou, fason nou pran swen bagay yo.

23 M toujou di: "Si youn vini epi li pa gen, pa gen lajan pou peye fakti li, jis rele m." Ou wè? Mwen di: "N ap fè yon bagay sou sa." Epi mwen di: "Toujou ba yo manje, menm si yo gen lajan oswa non." Ou wè, nenpòt aranjman ka fèt.

24 M santi nou se pitit mwen. Nou se--nou se zetwal ke mwen...Si janmè m gen youn lè m rive laba, se nou ki va bijou, pati ki va briye pi plis la, nan--nan kouwòn ministè mwen. Lè li va kouwonnen, se nou ki va bijou a.

25 E m t ap pale nou, nan tan pase yo, apwopo Sèt So yo, Laz Legliz yo, ak bagay ki--ki t ap pran plas.

26 E kounye a, maten an, mwen gen yon sijè trè enpòtan. Pou mwen, se youn ki gen anpil benediksyon. M espere l ap gen menm enpak la sou ou. E si mwen te ka bay li avèk menm enspirasyon m te resevwa l la, se t ap mèveye, men sa pral depann de Bondye pou fè sa.

27 M t ap pale nou de *kote* ak *kisa* k ap pase, e nou wè tout bagay sa yo te pran plas.

28 Kounye a m ap pale, maten an, sou: *Kay K Ap Vini Pou Epou Selès Ak Epouz Terès la*, ki kote yo pral viv. E, paske, mwen gen konfyans ke gras a Dye nou tout fè pati gran ekonomi Bondye sa.

29 E kounye a m--m espere ke n ap sipòte m, ke nou gen Bib nou, kreyon nou, oswa nenpòt sa nou fè pou li avè m, paske m pral refere m ak anpil Ekriti. M pral eseye fini bonè ase pou m ka priye pou malad yo; e mwen te pwomèt sa. Nou te vini, nou te priye pandan dènye ti moman sa, nan chanm yo epi ozalantou, pou sila yo ki jis prèske san sekou epi ki san espwa.

30 E, si Seyè a vle, m pral gen yon lòt sèvis pwobableman jou k ap sèz la, jis petèt pou priye pou malad yo.

31 M konmanse vakans mwen kounye a. Depi janvyè dènye, m ap vwayaje, epi m retounen pa bò isi a. M senpleman prale, m pral gen pou mennen fanmi mwen Tucson demen maten, epi m ap retounen pou m pase tan isi a la nan Kentucky, avèk nan zanmi m yo, pou fè lachas, chase ekirèy, pandan kèk semèn, oswa petèt sèt ou uit, dis jou, nenpòt sa l ye a, amwen ke Seyè a kondwi m yon lòt kote. M pa janm konnen, jis ki kote w pral ye; nou pa janm konn sa, paske sa se nan men Bondye, Bondye sèl.

32 Kounye a pou gran sijè sa, nou--nou...mwen sipoze, si m ta pran tan m sou sa, kòm gen on pakèt bagay pou pote vini, sa ta ka pran dè semèn. Men mwen ekri kèk Ekriti, kèk nòt, jis pou m touche pwen enpòtan yo, pou fè nou etidye.

33 Alò byento, petèt, si Seyè a vle, an oktòb, m pa konn kilè, men nenpòt kilè Li va pouvwa, m ta renmen gen kèk jou, jis pou gen reyinyon tout tan, sou chapit 12 Apokalips la, pou relye ak sa isi a. O, mwen kwè sa t ap gran. Li jis t ap gran. Li t ap gran pou wè kijan Li fè.

34 Alò, noumenm ki vin ansanm kounye a, mwen te di yè swa, mwen di: "Ou konnen, lè mwen..." Nan maten, tankou chak maten, mwen panse: "Lè m vin isi a la, m pral salye tout zanmi m yo ki la." Kounye a kouman m pral fè sa?

35 Pou m gen avèk mwen isi a, tankou bon zanmi m lan, Doktè Lee Vayle ki chita dèyè a la, madanm byenneme l la ak pitit fi l la. Epi Frè Roy Borders, e, mwen panse, Frè Ruddell, Frè Beeler, ak Frè Palmer, epi Frè Jackson. E, o, la la,...Presye frè sa yo ki sot diferan kote! Frè Anthony Milano, e, o, tout kote w gade, ou wè kèk lòt frè! Sa yo ki soti nan Arkansas, m pa ka sonje non yo; Frè John, Frè Earl Martin, ak Frè Blair. E, o, jis gen...nou...Sa jis pa gen fen, ou wè. M sitèlman kontan genyen yon gwoup konsa ki rasanble ozalantou m lè m ap anseye Pawòl Bondye, dèzòm ke mwen kwè ki se dèzòm brav, de vrè zòm pa Bondye.

36 Mwen rekonesan pou ti tabènak sa. Mwen rekonesan pou senk pòt li yo ki louvri pou piblik la. Chak pòt...Nou gen kat dyak isi a, dèzòm ranpli ak Lespri; kat administratè, dèzòm ranpli ak Lespri. Gen de nan chak pòt. Epi gen yon pòt doub sou devan an, pou de pastè yo, bèje yo.

37 Nou kontan genyen w; nou remèsye Bondye pou sa. Ke Li toujou beni w.

38 Kounye a nou vle kanpe jis yon moman, pandan n ap li nan 2 Pyè chapit 3, epitou nan Liv Apokalips 21.

39 Alòske nou kanpe, O Seyè, ranpli kè nou ak kontantman akòz lekti Pawòl Ou, antan n konnen Jezi te di, ke, "Syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl Mwen p ap janm fayi." Nou konnen ankò ke Li di: "Tout Ekriti dwe akonpli." E alòske n ap li bagay sa yo, ke nou kapab resevwa de Ou yon konpreyansyon, de lè ke n ap viv la. Nou mande li nan Non Jezi, Otè Liv la. Amèn.

40 2 Pyè 3.

Frè m yo, sa fè dezyèm lèt m ap ekri nou. Nan tou de lèt yo mwen te vle fè nou chonje tout bagay sa yo, pou lespri moun ki dwat yo pa dòmi, pou n te ka gen bon lide nan tèt nou.

Se pou n toujou sonje sa pwofèt Bondye yo te di nou depi lontan. Toujou sonje kòmandman Seyè ki delivrans nou an. Se kòmandman sa yo apòt yo te moutre nou.

Anvan tout bagay se pou nou konprann sa byen: lè dènye jou yo va rive, gen moun ki pou parèt k apal pase bagay Bondye yo anba rizib. Se moun k ap viv dapre tout vye lanvi yo genyen.

*Y a di: Kote pwomès li te fè nou an? Li pat di li
t ap vini?..(Si sa pa koresponn ak fanm enfidèl sa...)
...Depi sou tan zansèt nou yo ki mouri,
tout bagay rete menm jan yo te ye a lè latè te
fenk kreye.*

*Men, moun sa yo, lè y ap pale konsa, yo fè
espre bliye sa ki te rive nan tan lontan: Bondye
te pale epi li te fè syèl la. Se li ki te fè tè a soti nan
dlo a, se li ki te fè dlo a fè tè a.*

Se li ki te fè dlo a moute kouvri latè nan tan lontan pou l te detwi tout bagay.

*Dapre menm pawòl Bondye a, syèl la ak tè a ki la
kounye a ap tann dife a. Yo la ap tann jou jijman an,
lè tout mechan yo va disparèt.*

*Men nou menm, frè m renmen anpil yo, gen yon
bagay nou pa dwe janm bliye: Pou Bondye, yon
jou se tankou mil an, mil an se tankou yon jou.*

*Seyè a pa pran twòp reta pou kenbe pwomès li yo,
jan kèk moun kwè a. Okontrè, se pasyans l ap pran
ak nou, paske li pa ta renmen pèsonn peri, li ta vle pou tout moun vin repanti.*

Men, jou Seyè a ap vini sou nou tankou yon vòlò nan mitan lannwit. Lè sa a, syèl la ak tè a, avèk yon gwo bri...pral pase avèk yon gwo bri. Tout bagay pral pran dife, y ap fonn nèt. Latè a ak dènye bagay ki ladan l va boule, y ap tounen sann.

Si tout bagay gen pou pase konsa, nou pa bezwen mande ki kalite moun nou dwe ye: Se pou nou sèvi Bondye, se pou nou viv pou li ase.

Konsa, pandan n ap tann jou Bondye a, jou ki gen pou rive a, ann fè sa nou kapab pou nou fè l rive pi vit toujou. Jou sa a, syèl la pral pase nan gwo flanm dife. Tout bagay pral fonn nan dife.

Men nou menm, n ap tann lòt syèl ak lòt tè Bondye te pwomèt la kote se bagay ki dwat devan Bondye ase k ap fèt.

Se poutèt sa, frè m yo, pandan n ap tann bagay sa yo, ann fè sa nou kapab pou Bondye ka jwenn nou ap viv ak kè poze, san okenn fòt, ni okenn defo.

Konprann sa byen, se pou nou ka sove kifè Seyè a ap pran tout pasyans sa a ak nou. Se sa menm byenneme frè nou... Pòl... te ekri nou dapre bon konprann Bondye te ba li a.

Konsa tou...nan tout lèt li yo, li pale nou sou bagay sa yo. Gen kèk pwèn ladan yo ki difisil pou konprann. Se konsa, moun inyoran yo ak moun ki fèb nan konfyans Bondye yo ap tòde sans pawòl yo, tankou--tankou yo fè l pou lòt liv yo tou. Men, se sa menm k ap fin pèdi yo.

Se poutèt sa, frè mwen renmen anpil yo, kounye a nou tout avèti. Pran prekosyon nou pou nou pa kite mechan sa yo trennen nou ale ak manti yo, pou nou pa pèdi pozisyon kote nou...kanpe fèm lan.

Okontrè, se pou nou grandi nan gras...ak konesans Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou. Se pou li tout lwanj la, kounye a ak pou tout tan. Amèn.

41 Kounye a nan Apokalips Kris la, nan chapit 21 an, m ap li Pawòl sa yo.

Aprè sa, mwen wè yon lòt syèl ak yon lòt latè.

Premye syèl la ak premye latè a te disparèt. Pat gen okenn lanmè ankò.

Aprè sa, mwenmenm Jean, mwen wè lavil Bondye a, Jerizalèm nèf lan, ki t ap desann sòti bò kote Bondye ye nan syèl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye ki pral kontre mari li.

Mwen tandè yon vwa ki t ap sòti bò fòtèy la, li t ap di byen fò: Kounye a, kay Bondye a se nan mitan moun l ap ye. L ap rete nan mitan yo, lèzòm ap yon pèp pou li. Se Bondye menm k ap viv avèk yo, li va Bondye pou yo.

Li gen pou l seche tout dlo nan je yo. P ap gen lanmò ankò, yo p ap nan lapenn ankò, yo p ap janm plenyen ankò, yo p ap janm souffri ankò. Tout vye

bagay sa yo pral disparèt.

*Lè sa a, moun ki te chita sou twòn lan di: Kounye a,
mwen fè tout bagay vin nèf!...Aprè sa li di m: Ou
mèt ekri sa, paske pawòl mwen se pawòl ki vre,
pawòl tout moun dwe kwè.*

*Aprè sa li di ankò: Bon. Tout bagay fin fèt. Mwen se
Alfa ak Omega, mwen se konmansman, mwen se
finisman. Si yon moun swaf dlo, m a ba li bwè dlo
gratis nan sous dlo ki bay lavi a.*

*Se sa moun ki va genyen batay la va resevwa nan
men m. M a va Bondye li, li va pitit mwen.*

Annou lapriyè.

42 Seyè Jezi, ak yon pwomès konsa epi yon diskou sevè konsa ke Jezi Limenm ak apòt la ba nou konsènan lè n ap apwoche a, ba nou, O Seyè, direksyon Ou, pou nou ka konnen kouman pou n apwoche sa fason kòrèk la. Paske, l ap vini, nou konnen sa. Lèzekriti dwe akonpli, e se konsa li va ye. E kounye a, Seyè, nou reklame mizerikòd Ou sou nou tout, kòm n ap etidye Pawòl Ou. Akonpaye nou epi devwale Li pou nou, Seyè, paske nou mande li nan Non Jezi. Amèn!

Nou mèt chita.

43 Kounye a, m ap mande m si te ka gen yon fason ki posib, petèt pou yo te ka etenn limyè ki nan sal prensipal la, epi jis kite sa yo ki sou estrad la isi a, sa ki t ap pwobableman miyò, epi sa t ap anlve kèk kouran. Nou te manke sote yon transfòmasyon, yè swa. E si konsyèj la vle fè sa pou nou, nou ta apresye etenn limyè ki nan fon yo, limyè nan sal prensipal la. Epi mwen panse nou va gen ase limyè pou wè, pou ekri.

44 Kounye a, sijè m lan, pou m anonse l ankò, ke n ap apwoche sijè a--a sou: *Kay K Ap Vini Pou Epou Selès Ak Epouz Terès La.*

45 Kounye a kòm sa te ye...M jis pral gen pou m fè sa. Li jis fè two cho anwo a la, ou wè. Wi, mesye. Kòm nou...M konnen madanm mwen pa renmen lè m fè sa; men, sa, retire levit mwen. Li jis fè two cho anwo a la. Ou wè, nou gen lè laba a, epi isi a li jis separe nan yon ti plim, ou wè. Kounye a, a--a lavni, oswa...

46 Nan yon tan pase, pito, nou te etidye *Sèt So Yo, Sèt Aj Legliz Yo*. Frè Vayle ak lòt yo ap travay sou sa yo kounye a, fidèlman, pou mete yo sou fòm liv.

47 E antan nou wè tout bagay misterye sa yo ke nou wè ki vin akonpli, alò mwen panse, apre m fin konprann sa, nan lè n ap viv la, ak pozisyon an; pa gen pèsòn ki ta vle chita vrèman ak tout konsyans li epi egzamine sa ki te di, epi sa ki te pwomèt pou rive, e sa ki te rive, men ki pa ta ka di ke bagay sa yo akonpli. Ou wè? Egzakteman sa Bondye te di Li ta fè, Li te fè l egzakteman alalèt. Ou wè?

48 Kounye a, mwen panse nan bagay sa, ke, antan m pa konnen kilè Seyè Jezi ka parèt, mwen te panse ke sa t ap byen, sa sanble fè Sentespri a plezi ke nou pale sou sa, alò; epi petèt retounen sou sa ankò, de oswa twa fwa, paske m p ap gen tan tout bon pou m pote tout sa.

49 Kòm lè w ap abòde yon--yon sijè ki kapab fè yon moun trebiche, ou pa ka pote l jouk li bout pou fè l klè, alò ou retounen pou w atrap pwochen sijè a.

50 Epi pita, nan...si Seyè a vle, nou va antre nan douzyèm so yo, oswa non...Padonnen m. Chapit 12 Apokalips la, ki blayi nan mitan Vini Seyè a ak fen Twonpèt yo, e latriye. Nou pral eseye pote sa ankò, pou montre kilès Satan ye, e kisa l te fè, ki kote l soti, ki objektif li, e kijan ke gran bote sa yo te ba li a te lakòz chit li. Sediksyon l te lakòz chit li; labote.

51 Alò, kouman sa fè enposib pou yon moun ki vle gade a sa kòrèkteman, "semans" sèpan sa. M ta vle bay yon defi sou sa, pou nenpòt moun, ou wè, ki ta vle gade l, avèk--avèk jis yon bon sans absolü. Yon timoun ka wè sa. Ou wè? Bon, e nou va rive sou sa pita.

52 Kounye a, nou konprann isi a ke de Ekriti sa yo...Rezon poutèt mwen li 2 Pyè chapit twa a, epi m konpare l ak Apokalips chapit 21, toulede isi a ap pale de menm sijè a, men Jan pat janm--janm ekri l jan Pyè te fè l la. Ou wè? Nou konprann ke gran Kay Lepouz sa dwe isi a sou latè.

53 E kounye a si nou li, jis tankou chapit 21 an, chapit 21 nan Apokalips, apot la di isi a, oswa pwofèt la di ke: “Mwen te wè yon Syèl Nèf ak yon Tè Nèf.” Sanble tankou gen yon destriksyon total.

54 Kounye a, fason mwen toujou jwenn Mesaj mwen yo se nan lapriyè. M chita m ap lapriyè epi yon bagay revele pou mwen. Epi mwen tann kèk minit epi mwen verifye si I kòrèk, epi mwen santi I pi pwòch. Epi pafwa mwen kontinye tann jouk li transfòme an vizyon. Men lè li konmanse vini, epi mwen gen konviksyon ke li vin de Bondye, epi m ale nan Lekriti. Ou wè, Sa se, li dwe konfimasyon tout bagay espirityèl ki fèt, paske Bib la se revelasyon konplèt Jezikri; ou wè, Se Kò Li.

55 E kounye a, antan m ap fè sa, petèt mwen ka jwenn yon kote nan Lekriti ki jis pa sanble li kòrèk, e m va poze tèt mwen kesyon. M retounen ankò nan lapriyè. Li vini ankò. Alò mwen--alò mwen konmanse egzamine Ekriti m lan.

56 Bon, Bib nou an ekri an anglè, e mo anglè yo chanje, tout tan. Pa egzanzp, tankou Sen Jan 14, li di: “Gen anpil abitasyon Lakay Papa Mwen,” yon abitasyon nan yon kay. Ebyen, alò, oumenm, kisa w ap fè ak sa alò, se pou w mennen I ankò nan--nan orijinèl la--la epi gade kisa Jak te vle di, oswa retounen nan Ebre a, oswa Grèk la, apati de premye tradiksyon an. Epi ladann li di: “Gen anpil palè nan Wayòm Papa Mwen.” Ebyen, alò, retounen nan tan ke tradiktè yo te tradwi pou Wa Jak, *wayòm* lan te rele, an anglè, yon “kay,” e wa a se te papa delege I yo. Men rezon kifè yo te tradwi I: “Gen anpil abitasyon Lakay Papa mwen.” Ou wè? E alò ou tonbe sou mo sa yo e ou dwe fè rechèch sou yo.

57 Alò, ou wè, apati de enspirasyon sa...Chè sa maten an, m ap di, pa yon sèl fwa sa pat janm okenn lòt bagay ke dirèkteman, Lekriti. Se konsa *Semans Sèpan* ak tout lòt bagay sa yo vini. Ou wè? Pa...

58 E se, reyèlman, si yon kanmarad ta jis li epi li ta di: “Gen anpil abitasyon Lakay Papa Mwen,” si ou pat rete pou w etidye, priye, ou t ap konfi nèt. Ou wè? Men jis kontinye priye. Bondye toujou rann sa korèk, si li vin de Bondye.

59 Kounye a, Jan eksplike chanjman an ak...kijan li pral rive...Li pa eksplike I, pito, men Pyè fè sa. Jan jis di: “Mwen wè Syèl Nèf ak Latè Nèf; premye syèl yo ak premye tè a te disparèt. Pat gen lanmè ankò. Mwenmenm Jan, m te wè Vil sen an ki t ap desann sòti kote Bondye nan Syèl, prepare tankou yon Lepouz ki abiye pou al rankontre Mari I.” Men, nou retounen nan 2 Pyè kounye a pou n dekouvri, Pyè eksplike kouman pwosesis la pral fèt. Kounye a, si w ap gade a sa Jan di, sa sanble tankou: “Paske premye syèl yo ak premye tè a te disparèt,” detwi nèt ale. Ou wè, alò, sa sonnen trè etranj. Kidonk sa te frape atansyon m, e m te konmanse fè

rechèch sou mo a, “disparèt.” E, kounye a, men se klè ke toulede sa yo, apòt la ak pwofèt la, t ap pale de menm bagay la.

60 E kounye a, tou, nan Liv Ezayi a, kounye a, si ke ou ta vle note Ekriti sa yo, nan Ezayi 65:17. Ezayi, ap pale de Milenyòm lan, mil an repo sa yo pou--pou pèp Bondye a. Ezayi te pale de sa, epi li di: “Mwen...Te gen yon...Tout ansyen bagay yo te disparèt,” e kouman yo ta gen pou bati kay, pou abite yo. Si nou te gen tan...Petèt n ap jis pran tan epi--epi li sa jis yon minit, Ezayi 65, e annou jis li la pandan kèk minit. E men ni, drèt, pou nou. Kounye a, pou n konmanse, Ezayi 65:17.

E, men ni, mwen kreye yon syèl nèf ak yon tè nèf:...

61 Kounye a, Ezayi, pwofèt la, te youn nan pwofèt yo ki te ekri egzakteman tout Bib la nèt nan pwofesi li. Li konmanse avèk kreyasyon an; nan mitan Liv li a, apeprè nan chapit 40 la, Jan Batis vini, Nouvo Testaman an; epi li fini isi a, nan Liv li a, nan Apokalips, nan Milenyòm lan. Men swasantsis liv yo nan Bib la, e genyen swasantsis chapit nan Ezayi. Li ekri yon kòmantè konplè.

62 Kounye a, nou wè, isi a kounye a li rive nan chapit 65 lan, rete yon chapit, e li pale de Milenyòm lan. Remake kijan sa bèl.

...gade, mwen kreye yon syèl nèf ak...yon tè nèf:

Pèsòn p ap sonje sa ki te pase nan tan lontan. Sa

p ap janm vin nan tè yo ankò. (Sa dwe “disparèt.”)

Sa m pral fè a ap bay kè kontan, moun ap fè fèt san

rete. Mwen pral fè yon lòt vil Jerizalèm kote tout

moun pral fè fèt. Moun li yo pral kontan.

Mwenmenm m ap fè fèt pou Jerizalèm, m ap

kontan pou pèp mwen an. P ap gen kriye ankò

nan vil la! P ap gen rele mande sekou ankò!

*Timoun p ap mouri tou piti ankò! Granmoun ap fè
tout tan yo! Pi bonnè pou yo mouri se va sou
santan. Moun ki va rive gen santan anvan yo mouri
ya mouri jenn! Moun ki va mouri anvan yo rive gen
santan, se moun ki va gen madichon! Alò pral...*

*Moun va bati kay pou yo rete. Y a plante jaden
rezen pou yo manje rezen.*

*Yo p ap bati kay ankò pou se lòt moun ki pou rete
ladan yo; (sa se, fè m nou yo, pitit nou vin eritye l,
oswa kèk nan eritye nou yo)... Yo p ap plante jaden
ankò pou se lòt moun ki pou manje l: (y ap fè pwòp
plantasyon pa yo e yo va rete la; yo gen Lavi
Etènèl)...Pèp mwen an ap viv rive gen menm laj ak
pyebwa. E...pèp mwen chwazi a va jwi travay yo fè
ak men yo kont kò yo.*

*Yo p ap kraze kò yo travay pou bontan ankò, ni yo
p ap gen timoun pou yo wè y ap peri; paske yo va
fòme yon ras beni pa Seyè a, e pitit yo va avèk yo.*

63 Kounye a remake, men kote m pral rive, nan yon ti moman.

*Anvan menm yo fin lapriyè, m ap gen tan reponn
yo. Anvan menm yo fèmen bouch yo, m ap gen*

tan ba yo sa yo mande a.

E lou a ak ayo a pral manje ansanm. Lyon an

pral manje pay menm jan ak bèf:...sèpan an va

manje pousyè. E p ap gen okenn danje ni domaj

ankò sou tout mòn ki apa pou mwen an, Seyè a di.

64 Ala yon pwomès, de pwofèt sa yo ak gran saj yo, anseyan nan Bib la, trè lontan nan epòk ansyen yo, ki te wè Jou gloriye sa k ap vini!

65 Dapre pasaj sa yo, yon moun te ka panse, oswa dirije, pito, pou kwè ke tout planèt la nèt, tè sa, pral detwi, "Mwen va fè yon Syèl Nèf ak yon Tè Nèf," ou wè, e ke syèl la va disparèt epi tè a va disparèt, detwi konplètman nèt. Men yon etid pwofon, epi avèk èd Sentespri a, nou ka wè Laverite sou sa; e se nan sa n ap antre la.

66 Se sèlman atmosfè yo ki antoure l, ak peche sa a ki sou tè a, ki pral detwi. Ou wè ? Koulye a, nou reyalize ke syèl la vle di " atmosfè anwo yo." Ou wè?

67 Ki sa sa fè? Sè ke Lè sa a, pikan chadon yo , ak maladi, ak lanmò, ak politik, ak pechè yo, ak pechrès yo, ak move lespri yo, pral disparèt epi aneyanti. Ou wè? Sa te dwe fèt fason sa a , paske nou pral viv isit la menm. Nou pral pwouve l ak Bib la. Isit la menm se kote nap viv la. Koulye a remake, pikan chadon, bann mikwòb, pakèt maladi ak lòt bagay, pral elimine konplètman. Tout bagay sa a, egzistans ki gen sou tè a, kounye a, sistèm ke lòm fè, politik yo, peche, tout kalite move lespri ki kontamine mond lan, epi tout syèl yo anwo nou isit la kontamine ak move lespri. Koulye a, nou pral ale an pwofondè e an longè, nan sa a, ou wè.

68 tout sa egziste nan syèl yo, oswa atmosfè yo, epi tè a ki la a kounye a. Tè sa a kenbe bagay sa yo, men li pa t fè t pou rezon sa a. Peche te lakoz kel te vin konsa. Ou wè? Se Bondye Kreyatè a, ki te fè l. Men tout ...

69 Epi tout kò ke n na p viv ladan yo koulye a te nan tè a lè Bondye te kreye l, paske w te vin de pousyè tè a. Tout bagay te depoze la a. Lè Bondye te kreye l, ou te nan panse L. E nan Limenm, Gran Etènèl la, te gen panse a, ki se atribi L la.

70 Epi kounye a peche te lakòz tout bagay sa yo rive. Epi Bondye, atravè laj sa a, ap rasanble materyèl li.

71 Satan toujou isit la. Se rezon sa a ki fè tout bagay sa yo ap rive. Li toujou isit la, epi tout fòs demoniak li yo toujou la a. Remake, se poutèt sa tè a tèlman souye koulye a. Se pou sa tout pouriti ak bagay ridikil sa yo ap rive a ; san kap koule, lagè, politik, peche, adiltè, tout kalite salte kap fèt la, se paske Satan se chèf tè a ak atmosfè sa a. Ou di, " atmos a - ...?" Wi mesye!

72 Syèl la ak tè a tou lè de kounye kontamine ak move lespri ki ka akize nou devan Bondye. Jezi la a pou entèsede pou nou. Ou wè? Alòs ke akizatè yo ap kontinye lonje dwèt yo, " yo te fè si, yo te fè sa, yo te fè si ", men san an toujou kouvri. Li te vin rachte sa k te Eli sa l te predestine. Se pou sa ke l tèlman souye jodi a.

73 La a, apot la, nan Dezyèm liv Pyè la a, 2yèm chapit, ak 5yèm ak ... ak 5yèm e 6yèm vèsè a. Wi, m te jwen li. Li refere a twa etap tè a. Gade, li - li jwenn ke l gen twa etap. Remake kijan l mennen yo.

74 " ansyen mond lan te soti nan dlo a," kounye a, se te mond anvan delij la.

75 Koulye a, sa ki se, mond aktyèl ke nap viv ladann lan kounye a, ke yo rele l yon "mond."

76 " Ansyen mond lan ki te soti nan dlo," Jenèz 1: 1. Koulye a "mond lan" ki prezan kounye a. Epi apre sa, li refere a yon lòt ankò, "mond ki gen pou vini an," Nouvo Mond lan. Twa mond; twa etap mond lan.

77 Epi remake kijan Bondye rann klè pou nou plan redanmsyon l. Oh, sa jis fè nanm mwen tresayi lè m te wè l, Ki jan l te rann klè pou nou isit la kounye a plan redanmsyon l lan. Koulye a konpare sa ke n wè ak pwòp je nou . Sa ke Bondye te fè pou rachte mond li a, Li te fè menm

plan an pou delivvè Pèp li a, paske Bondye ki enchanjable la pap chanje nan okenn nan plan I yo oswa anyen menm. Se tèlman yon bagay gloriye!

78 Kijan Li te mennen nou a limenm, a yon tabènak nan noumenm, pa twa etap nan la gras; jis menm jan Li te kondwi mond lan nan twa etap, pou vin nan mond lan. Jan ke Bondye pral vini nan mond lan apre ke I fin pase a travè twa diferan etap pirifikasyon an, se egzakteman jan I vin a noumenm nan twa etap la gras. M te anseye sa nan kòmansman an ; M pa janm chanje, depi lè a. Se Pawòl Bondye a.

79 Ou dwe kenbe twa ou yo ansanm, sèt ou yo, douz ou yo. Nimero yo nan Bib la dwe fonksyone pafètman oswa ou pral gen tablo w la tou melanje. Si w pa ka konprann li, jis kontinye priye. Siveye byen, li pral ajiste, egzakteman. Bondye pafè nan twa a. Ou wè?

80 Remake, " anyen mond lan," antediluvyen an ; "mond lan" ki prezan kounye a ; ak Youn k ap vini an.

81 Koulye a, premye etap ke L mennen nou an... Wè, plan redanmsyon an ki se egzakteman menm bagay la tou pa tout. Li sèvi ak menm metòd la. Li pa janm chanje. Li te di, nan Malachi 3, M se Bondye, epi M pa chanje." Fason ke L fè I, ebyen, si L sove premye nonm Li te janm sove a, pa san yon nonm inosan ki koule, Li pral dwe sove pwochen an; ak chak moun li pral sove a men fason an.

82 Si L geri yon nonm nan nenpòt ki moman pandan vwayaj lavi a; ke seswa nan jou Jezi yo, apot yo, pwofèt yo, nenpòt kilè a; lè menm kondisyon sa yo te rankontre, Li ta gen pou fè I ankò. Se kòrèk. Li pa chanje. Lòm chanje, tan chanje, laj chanje, dispansasyon chanje, men Bondye rete menm nan. Li pafè. Ala yon espwa sa ta dwe bay moun ki malad yo!

83 Si L te geri yon moun, Li ta dwe fè I ankò lè menm kondisyon yo ta rankontre. Li janm, janm te sove yon nonm, Li ta dwe fè I sou menm baz ke I te fè I premye fwa a. Si L te janm ranpli yon nonm ak Sentespri a, Li ta dwe fè I sou menm baz Li te fè I premye fwa a. Si L te janm fè yon nonm soti vivan nan kavo, Li ta dwe fè I yon dezyèm fwa, e chak lòt fwa, sou menm prensip la.

84 Li pa chanje. Oh, ala yon espwa sa ban mwen! Ki sa l ye? Se pa nan kèk teyori lèzòm fè, yon bagay ke gwoup moun sa yo reyini sou li; men Pawòl enchanjab li a. Ou di, "Èske se laverite?"

85 Li di, "Se pou chak pawòl lòm se yon manti, epi ke pam nan se laverite." "Paske syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl mwen pa janm fayi." "Tout ekriti yo te bay sou enspirasyon, Se poutèt sa l bon e pwofitab pou doktrin." Apre sa, sonje, ke, "Tout Ekriti pral akonpli," chak ti bout ladann.

86 Remake ki jan Bondye rann li klè pou nou. Epi si sa pa t yon-yon gwo konfimasyon, yon bon ... yon fòmidad, benediksyon lanmou ki vin de Bondye! Lè m wè sa a, e M wè l depi m te yon ti jenn gason, se te tou premye fwa ke Kris la te fè fas avè m, m te kanmenm toujou anseye twa etap lagras sa a. Remake si se pa vre kounye a.

87 Ebyen, premye etap la se "Repantans anwè Bondye." Epi answit se, se batèm dlo, "batèm dlo," "repanti, epi batize nan non Jezi Kris la." ou wè, batèm dlo swiv, ki montre ke repantans lan te otantik. Kidonk, pou "remèt" peche pase nou yo, ki pa gen anyen pou wè ak peche nan lavni a. Li sèlman remèt. "Repanti, epi batize nan non Jezi Kris la." Poukisa ? " Remisyon ." anlve peche pase pa gen anyen pou wè ak lavni. Jis, peche w yo te dekoupe, sa w te fè.

88 Ou pa ka repanti pou sa ke Adan te fè. Ou pa janm te fè l; Adan te fè l. Ou jis jwenn padon pou sa w fè. Vye nati a toujou la a.

89 Kite m pran tablo sa a jis yon minit. [Frè Branham trase ilustrasyon sou tablo a -ed.] Koulye a, men yon kè imen. Koulye a, m pa...M trè lwen pou m ta yon atis. Men yon kè imen ; e men yon kè imen. Koulye a, Sa bò isit la gen yon koulèv andann, sa se peche, la a li gen lavi l. Sa bò la a gen yon kolonb anndann, ki se Sentespri a, la a li gen lavi. Bon, sa bò isit la, li gen malis, la ènn, jalouzi; se sa ki lakòz sa, se kanmarad sa a isit la a. Bon, sa bò la a gen lanmou, ak kè kontan , ak pasyans ; e se sa k fè sa, anba la a.

90 Koulye a, lè yo mande w, oswa ou padonnen de peche w yo, ou te sèlman fè sa a, te retire sa a. Men, bagay ki te fè w fè l la toujou la. Sa a se rasin tout mal; sa toujou la. Remake, answit ou repanti, epi batize nan non Jezi Kris la, ki te padonnen w peche ou yo. Remake.

91 Answit, dezyèmman, vinn sanktifikasyon, ki fò w prepare pou sentete a, pou panse byen. Pran apa ... sanktifikasyon an se yon mo Grèk konpoze, ki vle di " netwaye, epi mete sou kote pou fè sèvis."

92 Apre sa, pwochen an, se batèm dife ak Sentespri a, pou ke Bondye ka demere nan nou. Epi dife Bondye a va netwaye kè nou de peche, e plase Sentespri anndann. Answit nou pwodwi menm Vi ke L pwodwi, paske L nan nou.

93 Remake, nan nesan natirèl la, lè yon fanm bay nesans a yon ti bebe. Lavi natirèl tipifye lavi espirityèl la. Lè yon fanm bay nesans a yon ti bebe, nan natirèl la, premye bagay ki rive sèke li kase lè zo, apre sa se san, e answit se lespri (kise lavi). Ou pran ti bebe a epi ba l ou ti tap [Frè Branham tape men l ansanm yon fwa-Ed.], E lamenm li pete rèl, rele anmwe. Dlo, san , lespri.

94 Kidonk, lè yon bebe fèt nan Wayom Bondye a, li vin menm fason an: dlo, San, Lespri.

95 Koulye a remake, sanktifikasyon, twazyèm etap la ... dezyèm etap la, netwaye panse a; dispoze kè a, lide nan kè a, nan bi pou sentete.

96 Yon nonm ka repanti pou peche epi l toujou ap panse ... Ebyen, petèt li se yon-yon nonm imoral, chak fanm imoral li jwenn, sa toujou la. Petèt li se yon tafyatè; chak fwa li santi odè bwason, sa toujou la. Ou wè?

97 Men Lè l, lè l te vin sanktifye, sa netwaye dezi sa a nan li. Ou wè? Li anlve dezi a. Li ka toujou tante, men li wete volonte a. Toujou, li poko finn bon nèt.

98 Apre sa, li te batize ak Sentespri a e de fe. dezenfekte, pirifye, netwaye; e apre mete nan sèvis Bondye a. Sanktifikasyon an sèlman mete yo de kote pou sèvis.

99 Epi remake jis egzakteman kouman sa vini, mesaj kap vini yo. Martin Luther, jistikasyon; John Wesley, sanktifikasyon; lapannkot, batèm Sentespri. Mesaj yo, se pou sa pa ka gen lòt laj de sa, wè . Nou nan fen tan. Twa etap yo. Batèm nan netwaye kè a ak Sentespri a.

100 Ki jan sa etonan kounye a, li fè kote nou dwe abite a pase atravè menm pwosesis la.

101 Kounye a , Li te rele Legliz la atravè jistifikasyon, rele I atravè sanktifikasyon, answit te ranpli I avèk Sentespri a epi dife. Epi li te mennen I atravè yon pwosesis, ke li menm, Sentespri a li menm , Fis Bondye a, te kab demere nan kè imen an. Koulye a, Li te dwe pase atravè sa anvan I ka antre anndan I.

102 Remake, li te fè mond lan, kote ke Epouz la pral viv la, menm jan an, menm plan an- Sali L la.

103 Remake mond antediluvyen an. Limenm, apre I te fin repanti, atravè Epouz pou jou sa a, Noye, li bay I yon dlo batèm, te kouvri I nèt ak dlo. Alòs, jistifikasyon, ki montre ke L te sou wout pou rele mond sa a ki te tonbe, depi nan jaden Edenn lan, retounen a restorasyon I ankò .

104 Alòs Kris la te vini epi vèse san I sou li, netwaye I e reklame I . [Frè Branham frape sou chè a plizyè fwa - Ed.] Ou wè, se nan mond sa a n ap viv kounye a .

105 Gade kouman Satan, nan ekriti a la a, eseye fè I brize plan Bondye pou resevwa I, ba li I lè I te mennenn sou mòn lan , epi eseye ba li I san ke I pa achte I a san I?

106 Èske w remake ki jan Abraram, lè yo te eseye ba I peyi a, li te achte I ak tèlman anpil pyès lajan, devan pèp la, kòm yon ansèy, kòm yon temwayaj ? "Ke nou konnen jodi sa a ke m te achte plas pou antere sa a." Ou wè, achte !! Epi Satan te eseye ba L Wayom ki te revni a limenm kounye a. Li te eseye bay li kòm yon kado, men li pa t vle resevwa I. Paske, wè, Lè sa a, Satan te kapab toujou gen yon dwa sou li . Men, li te dwe achte. Amèn. Li te Pawòl la nan plenitid li. Yo pa t kapab twonpe I ladann. Ki donk, li bout kounye a pou resevwa yon batèm dife.

107 Ou wè, kounye a, li gen ... Kisa k te pase? Kris te vin rele Legliz a la repantans, batèm nan non Jezi Kris la, pou remisyon an; sanktifye Legliz la; epi ak dife Bondye a, desann boule tout salte, epi vin abite nan kè imen an.

108 Koulye a, mond lan, pou rachete I pou moun rachete sa a, li sèvi ak menm metòd li a. Li te batize I nan dlo, apre destriksyon antedilivien an. Li te vèse san sou li, pou sanktifye I e reklame I. Se pa L li ye. Satan te eseye di, " M pral baw li."

109 Li te di: Non, mesye, m pral achte I. Ke sa sèvi de temwayaj. Li te elve, kòm yon ansèy, ke I te achte I. Li te achte I.

110 Men kounye a, li gen pou pase pa yon batèm dife, dife sen Bondye a, ki pirifye tè ak syèl toutotou I yo. Answit, li te achte I konsa I te ka rachete I pou I te viv sou li, viv sou li nan lapè. Remake, batèm dife a se pou pirifye I de peche, de maladi, de mikwòb maladi, de pechè yo, de demon yo ak group li a. Li fèt pou yo chase I, nan Letan Dife a. Dife sen ki vin de Bondye a, desann sot kot Bondye, nan syèl la, epi boule I nèt, remake, pou prepare I pou ke Bondye ka rete la. Paske, Bondye, nan Nouvo Monn lan kap vini an, dwe rete sou tè a. Paske w di, " Bondye, Li rete nan kè imen an." Men, Li menm ak Epouz li vin Youn, epi yo pral nan Kay yo nan Nouvo Monn lan. Epi menm plan redanmsyon an te itilize pou rachete, tou lè de, mond lan e moun yo ki abite ladann nan.

111 Gade, kè a te dwe netwaye konsa. Anvan ke Bondye ka desann nan pèsòn Sentespri, ki se Kris k ap desann e abite nan kè imen an, ki dabò dwe repanti. Li dwe batize nan dlo, nan Non I, pou montre pou ki moun li ye. Answit li dwe pirifye pa san Jezi a.

112 Alòs dife sen an e Sentespri a, ki vin de Bondye, desann epi boule tout dezi fè peche, tout nati mond lan. "Epi, alòs, sila ki peche volontèman apre ke I resevwa konsepsyon verite a ..." Lè sa a, ankò Bib la di, " li enposib ..." "paske, yon-yon nonm ki fèt nan Bondye pa ka peche; li pa fè peche. " Pa gen okenn fason pou I fè peche. Ki jan li ka yon pechè, e yon redantè, an menm tan an? Kouman m ka nan yon mezon dafè, e deyò mezon dafè an, an menm tan? Ou wè? Oh, li rachete nou pa san I; pa Lespri L. Li pirifye nou! E apre sa li vinn abite nan nou, Legliz la. Se pa denominasyon an, kounye a; legliz la!

113 Remake ak atansyon kounye a alòs ke n ap abòde sa a, plas sa yo ke n dwe abite ladann nan. Bon, koulye a— repantans antedilivien an, alèkile, te mennen batèm dlo a. Answit Kris

te vini e vèsè san I sou li, pou prifye epi reklame I. E answit vinn, pwochen an, destriksyon mond lan jan I ye kounye a .

114 tout peche moun ki nan syèl la anwo a, " li se prens pouvwa anlè a," li elwaye (batay pou I rete yo) benediksyon yo ki vinn de Bondye a. Nan sa gen kout tonè ak zèklè ki vin frape tè a, ak tout lòt bagay, soti nan syèl la, kouch lapli glase, ak siklòn , sikl - ... tanpèt ak tout bann bagay , " ki soti anwo a," ki se Satan, "prens pouvwa ki anlè a. "

115 remake, gad ki jan Satan te eseye pran I, jan m te di kèk minit de sa, nan bay Jezi I san ke L pa achete I. Lè sa a, Satan toujou gen yon reklamasyon, paske I te destine a li, ou wè. Men Jezi achte I pa san I ki te koule, epi retounen I bay a pwopriyetè lejitim lan. Ou wè? Se jan sa a li te achte nou, ak san li, fason Li te rachte legliz la.

116 Epi kounye a batèm dife netwaye I de tout mikwòb yo, tout maladi I yo, tout afliksyons, menm tout bagay espiritiyèl sa yo ; ki pa noumenm tou, li fè menm fason an; pou prepare I pou ke Bondye ka vin rete ladann, nan laj gloriye sa a a kap vini an, Nouvo Tè a. Ou wè, li rachte I menm jan ke I rachte pèp li a. Li fè tout egzakteman parey, plan redanmsyon I lan. Paske, li se Bondye ki pa chanje a, li toujou menm bagay la tou nan plan I yo.

117 Jan m te di w, anvan, epi te fè w konnen I, e pa tout laj yo, ke Bondye pa ka chanje; li fè konnen I, chak fwa, pa menm fason an.

118 Li te fè konnen I, premye mesaj li, nan mond antediluvyen lan, pa pwofèt Noye.

119 M t ap pale a yon byeneme frè ki chita la a avèk mwen kounye a. Yè, li te di , "Yon bagay ou te di, Frè Branham, ki te toujou souke m." M te di, " Kisa I ye, frè ?"

120 Epi I te di, " Men sa w te di," e se vre , " yon minorite, kouman yon ti gwoup pral sove nan jou vini an. E nou te pale de kouman ke Jezi te di, pòtay la etwa e chemin an sere , men pral gen yon vyek ti gwoup ki pral jwenn li. Koulye a remake, Bib la di, 'Kòm li te ye nan jou Noye kote uit nanm te sove pa dlo, se konsa I va ye nan vini an. "M te di , " Frè, ou jis te gen ... "Li te di," Sonje, gen sèlman uit nanm la a " M te di , "Ou jis te gen mwatye tablo a ."

121 Poutan, Noe se te yon tip de rèz ki te transpòte a, pa gwoup ki te anlve a. Enòk, yon sèl nonm, te pati nan anlèvman anvan inondasyon an te vini, ki montre ke Legliz la pa ale nan tribilasyon an oswa nenpòt bagay ozalantou l. Enòk te anlve, yon sèl moun. Oh, legliz la ka yon bon nonb; men Lepouz la pral yon vyek ti gwoup ki pral fè Lepouz la. Koulye a, legliz la ka gen yon gran nonb; men Lepouz, ou wè, konpare uit ak yon sèl. Lepouz pral Uit fwa mwens, ke legliz la.

122 "E si jis la ap sove avèk difikilte, sak pral rive ak pechè a e mechan an" moun ki konn pou l ta fè mye, epi kontinye ap fè l kanmèm? Sila k ap swiv règ denominasyon yo olye de Pawòl la, kisa yo pral devni, ankò yo te rele yo kreyen, ap pote non Kris la?

123 Koulye a, parfètman, Noe se te yon tip de moun yo ki te pase atravè. Raple w, lè Noe soti, Kam te avè l. Te gen peche ankò ladann. Peche te travèse lòt kote a nan lach la. Enkredilite, dout te travèse, nan lach la, te monte pi wo jijman an. Men, Enòk te monte pi wo pase lach la, li te antre nan prezans Bondye a. ¶ Men Noe te pase atravè e soti, epi te toujou gen peche; yon tip Milenyòm nan, de kondisyon mond lan.

124 Milenyòm nan se pa fen an. Pral gen tan toujou apre Milenyòm nan. Milenyòm nan se yon pòsyon tan; men, pa Nouvo tè a. Non pa ditou. Remake, ak sa a, nou pral rive nan yon ti moman.

125 Gade, tè a, rachte, retounen a pwopriyetè orijinal li a ankò. Li te pran ... Li te pran l nan men Satan. Li rale l, retire tè a nan men Satan, jis tankou L te retire w nan men Satan, tankou Li te retire ti fanm nan pwi a nan men Satan. Prèt la te kanpe la a, li te kwè l te avèk Bondye, li pa t gen anyen. Ou wè?

126 M ta renmen desine sa a pou ou jis yon ti moman. Koulye a, nou vle rann sa a vrèman klè, konsa kounye swiv ak atansyon ansèyman sa a kounye a. [Frè Branham trase ilistrasyon sou tablo a, pou pwochen kèk paragaf yo -ed.]

127 Koulye a, sa a isit la, isit la se Bondye. Bondye ki se Letènèl, san ... Pa gen pèsonn lòt ke li. Men, nan Bondye, Li te gen atribi. Koulye a, sa a isit la reprezante Pawòl la, Pawòl Bondye a, ki te fè l chè epi abite pami nou nan yon nonm ki se Jezi.

128 Koulye a sa a isit la, zanmi sa a la, nou pral fè l' konsa. Koulye a, sa a li rele fanm lan nan pwi a. Sa a se prèt la, farizyen. Epi ki kote ou wè sa a, tablo ki louvri a, vle di lagras ak sali.

129 Kounye a, " nan kòmansman an se te Pawòl. Epi Pawòl la te fè l chèn e l te abite pami nou. " Twa premye etap yo. Dabò Li te yon atribi, ki te nan Bondye, ke L te panse de li kòm etan imen ; epi l te desann anba a pou l te vinn Jezi ; e kounye a, si w pral la, sèke w te avèk li Lè sa a . Paske, gen yon sèl fòm lavi etènèl, se Bondye ; e ou te dwe yon pati de Bondye a nan konmansman an, pa sa ke w jis te chwazi anba la. Li te chwazi w. "Tout sa Papa a te ban mwen ap vini."

130 Koulye a, gade prèt sa a la a . Nou jwenn pati anba l l isit la, vi aryè l, sa k dèyè do l, predestinasyon l, an aryè plan, li nan peche. Isit la se lanfè, desann la a.

131 Koulye a, ti pati anndan la a, isit la, ki sanble ak tablo a, ki reprezante purte l. Li te yon prèt. Li te yon nonm onorab. Sa a te reprezante l. Li, tou, te dwe yon bon moun, oswa li pa t 'kab yon prèt. Men ou wè kouman l te jwenn li, se te aprantisaj entelektyèl.

132 Koulye a, ti fanm sa a, premye antre l nan la vi , bò isit la, li te yon pwostitye, li te tout blaze. Men toutofon de li, la a , te gen jis yon ti kras konpreyansyon. "M konnen ke lè Mesi a vini ..." Ou wè? Ou wè, sa te la a .

133 Remake, lè Jezi te vini e l manifeste Pawòl la, paske Pawòl la disène panse yo ki te nan kè a; jan Ebre 4 di Li pral fè l la , 4:12, ke l ta . "Pawòl la te yon revelatè panse yo ki nan kè a ," epi li te vini kòm Fis Lòm nan, Pwofèt la. Ki sa k te pase? Prèt sa a , ak sèlman aprantisaj entelektyèl li a te di , " Li se yon demon," paske se konsa ke denominasyon l lan te rele l. Ki sa l te fè? Li pa t gen okenn reprezantasyon, konsa li nwasi l.

134 Men ti fanm nan pat gen anyen pou prezante; li te osi souye e sal ke l te kapab. Men, remake, byen fon nan limenm, li te gen reprezantasyon, wè. Epi, lè sa a, li t ap chache sa ki pou te fè l chèn a. Epi lè l te di, "Al chache mari w epi vini isit la." Li te di , "Mesye, m pa gen pèsonn."

135 Li te di , " Ou te di la verite, 'paske ou te gen senk, epi sila ou gen kounye a li pa pou ou. Ou te gen senk. Sa fè sis ou te genyen. "

136 Li te di : Mèt. (Pa, " Ou se ," pa, " Bèlzeboul .") "M wè ke w se yon pwofèt. Koulye a, nou konnen Mesi a, ki rele Kris la, pral vini. E lè l vini, li va fè sa. " Li te di, "Mwen se li."

137 Pa gen dout ankò . Ou pa t bezwen eksplike l . Li te wè l. Li te kwè l. Li te kouri ale ! Poukisa ? Kisa l te fè l? Li rachete l.

138 Kounye a gade, Li te vin pou l te yon Redanmtè. Eske se vre? [Kongregasyon an di : "Amèn." - Ed.] Ki sa rachte vle di ? " Pote tounen." Poukisa l pa t pran prèt la ? Li pa janm te rive la a. Ou wè? Ou wè, li pa t gen okenn reprezantasyon .

139 Li te vin rachte sa k te tonbe a. Nan chit la, sa te mal pase, ak ti jenn fi a; men Bondye te genyen l nan panse l anvan fondasyon mond lan, epi li vin pou pirifye l. Ou wè? Lè sa a, Li ... Li te gen lavi etènèl. Ou wè ?

140 Ki kote, prèt la , ki sa sa te fè pou li? Li voye l ' tounen tou dwat a destinasyon l. Li pa t gen anyen, pou kòmanse, sèlman aprantisaj entelektyèl.

141 Koulye a, koute , zanmi, si sèl bagay ou te genyen se jis aprantisaj entelektyèl, ou jwenn yon bagay ki diferan de sa. Epi w pa p janm kapab jwenn li sof si w te gen reprezantasyon. Se pou rezon sa a m kwè ou vin de Lès a Lwès, nan Nò e nan l Sid; Pawòl la, ki vivan, te manifeste.

142 remake kounye a ki jan Li fè konnen fason l pa pwofèt li yo, nan konmansman an. Li pa janm chanje l.

143 [Espas vid sou kasèt - Ed .] ... delivrans. Li jistifye yon nonm; sanktifyel; voye Sentespri a ak dife , li boule peche a nan li, li demere nan li, li menm.

144 Li fè tè a, ke l pral itilize nan plan redanmsyon an, menm fason an. Li te repanti epi l te batize nan dlo, nan ... pa Noye. Jezi vini epi l sanktifye l, li aspèje san l sou li, e reklame li. Epi nan Nouvo tè sa a, ki gen pou vini an, se pou gen yon batèm dife sen pou netwaye l de

chak maladi, tout bagay ki ladann, epi fè l yon lòt fwa. "Mwen te wè yon nouvo syèl ak yon nouvo latè ."

145 Ou vin yon nouvo moun. Amèn! Pa jis yon vye ki rapyese, nan rantre nan legliz oswa ap eseye tounen yon nouvo paj, men ou se yon nouvo inite konplètman nèf. Bondye pran vye nonm lan epi l boule l ' nèt, ak dife Sentespri a, li vini li men , voye reprezantasyon desann. "Pèsonn pa ka vin a mwen sof si Papa m atire l. Tout sa Papa a ban mwen va vin jwenn mwen. Ou wè li ? [Kongregasyon an di : "Amèn." - Ed.] Menm plan an; menm fason an.

146 Satan te ... yo pral pran tè a nan men l egzakteman a , jis egzakteman tankou yo te pran w nan men satan an. Satan pa ka nwi ; oswa, li ka tante, men li pa ka jwenn yon kretyen ki ne de nouvo. Paske, Bondye , depi nan fondasyon mond lan, te prevwa l , li te voye Jezi vin delivre l, e San an pale pou li. Kouman li ka peche alòs ke menm Bondye pa ta dwe wè l? Li pa menm ka ... Sèl bagay li tandè se vwa w . Li wè reprezantasyon w. Amèn! Sa se vre. Ou wè ?

147 Pa menm mwayen sa a, paske mond lan se youn nan atribi l yo tou kòm ou se youn nan atribi l yo. Mond lan vin youn nan atribi l yo, paske l te nan panse Bondye a, nan konmansman an. Pou gen yon mond, pou ka chita sou yon Twon, pou ka yon Wa, pou ka yon Redanmtè , pou ka yon gerisè, sa a, sa a se atribi Li.

148 Jis tankou yon atribi ou. M pa ka di yon-yon "poto" 'a mwens ke m panse a yon poto. M pa ka di "moun" sof si m panse a yon moun. E lè m panse a yon nonm, epi m di "moun," panse a se atribi m e ekspresyon an se pawòl la. Ou wè?

149 Tankou Ezayi, Ki jan l te kapab di, ke, "Yon vyèj pral ansent "? Ki sa k yon panse?

150 Koulye a, anpil nan nou mande kouman ke disènman yo vini. M pral di w. Gade, se yon mo ke m di. Apre sa, se pa panse pa m paske m pa konnen. M pa konnen ki panse l ye. Kouman pou m ka di w kiyès ou ye epi kote w soti, lè ke m pa konnen w? Kouman m ka di w sa w te fè dis lane de sa, lè m pa t janm wè w nan lavi m? Kouman m ka di w ki kote w pral fè ak sa w pral fè nan dis ane a pati de kounye a ? Kouman m fè konn lavni an? Men se panse yon lòt moun.

151 "Se pou panse ki te nan Kris la dwe nan ou. Se pou panse ki te nan Kris la dwe nan ou .
" Ou wè, lè sa a se pa panse w. Se panse L, nan ou. Epi w pa p eksprime pwòp pawòl ou yo;
w ap eksprime pawòl li.

152 Sa a se kouman anpil fwa frè yo vin konfonn, sou entèpretasyon lang yo, ak bagay sa yo.
Ou wè, yo di bagay ki pa sa, yo pa reyalize ke se Satan. Ou di, "Nan jaden Bondye a ?" Jis
rete tann jiskaske n rive, wa wè si se pa sa, oswa sa. Move zèb yo ak ble a grandi nan menm
jaden an. Yo tou lè de ap viv ak menm solèy ak menm lapli a. Ou wè?

153 "Men, si gen youn pami nou ki se yon pwofèt, mwen Seyè a pral pale avè l. E si sa l di a
rive, Lè sa a, se mwen, ou wè, paske li pa p eksprime pwòp panse l . L ap eksprime panse
m, atribi m nan bagay sa yo ki gen pou vini an, epi m pral sèvi ak bouch li pou eksprime yo.
Aprè ke l fin di yo, yo gen pou yo rive. Syèl ak tè va pase, men Pawòl mwen pa p janm fayi.
"

154 Ezayi te di , "Yon jenn fi vyèj pral ansent ." Se regle. Li pral ansent. Sa Bondye te di a, li
fè l.

155 Oh, fè konnen, pa pwofèt Li, tout manifestasyon L, paske se atribi panse L yo ki eksprime.

156 Koulye a , Se te la a, nan ti fanm sa a la a. Li te youn nan atribi l yo. Ou wè?

157 Epi gen te prèt la, Li te reprezante limyè a. Li te aprann li nan Bib la. Li te aprann ke
Bondye se Bondye. Li te aprann ke sente te a te kòrèk. Li te aprann ke te gen yon lwa nan
Bondye. Li te aprann li akòz de yon konsepsyon entelektyèl. Epi li te fèt nan bon liye a ; li te
yon Levit. Men, li te sèlman konnen l pa konsepsyon entelektyèl. Men, lè limyè tan ... ou wè,
li te aprann li pa sa k te pase, pa sa ki t ap pase; sak te pase! Epi lè l te jwenn sa k te pase a,
denominasyon l pa t di anyen sou li, kidonk li pa t gen okenn reprezantasyon de li.

158 Men Redanmtè a te isit la sou tè a nan moman sa a, pou rachte atribi Bondye yo, e l te
resevwa L Li pa t janm kesyone l. Li te di, " Lè Mesi a va vini, li pral fè sa," e se te regle. E l
te wè l akonpli, alòs ... Li di , " mwen se Mesi a," konsa se te regle. Pa gen kesyon ankò. Li te
jis al di tout lòt moun yo, "Vin, wè ki moun mwen te jwenn."

159 Pwosesis sa yo rann nou pwòp, yon tanp kote pou li abite : jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a avèk dife. Se sa k fè netwayaj (nou an) tanp sa a.

160 Konsa, kòm ansyen estrikti mond lan pat detwi, pa dlo yo lè l te lave a; Estrikti planèt la, ansyen estrikti a , ... tout pousyè tè a, tout bagay ke Bondye mete sou tè a, pa t detwi lè premye mond lan te detwi. E Bib la te di ke l te " detwi," men l pa t janm detwi estrikti a. Li jis detwi peche a ak moun k'ap fè peche ki te sou li a. chapant lan te rete .

161 Men, ou wè, menm jan ak jistifikasyon, tankou oumenm batis ak Methodists yo vle kwè l, jis jistifikasyon, kwè epi fè w batize, se pa ase. Ou pral jwenn ou retounen nan bagay mond lan, ak koupe cheve w e mete bout pantalon, ak tout lòt bagay mond lan. Ou wè, pa t gen anyen ki te rive ankò. Ou jis gade dèyè epi w te wè ke w fè sa k mal.

162 Ki sa 'jistifikasyon te fè pou mond lan? Li pa t janm fè yon bagay pou li ; Sa te rekòmanse la menm ankò, jis anpil peche menm jan l te ye a. Se fason sa a yon nonm aji, e sa a se pi lwen ke l ka ale .

163 Se fason sa ke gran evanjelis la, Billy Graham, te dwe wè. Li te di, "Mwen ale epi m gen trant mil konvèti, lè m retounen nan yon ane epi mwen pa jwenn trant." Se pi lwen ke yo te ale. Ou wè? Epi, sètènman, yo te repanti. M kwè yo te repanti; pi fò nan yo, oswa kèk nan yo, omwen. Men se pa sa ke sa pran. Li pwouve l la a.

164 Koulye a, konsa ansyen chapant mond lan pa t detwi pa dlo a. Mond lan te sèlman lave. Li te resevwa batèm li. Li te batize.

165 Se konsa chapant lan pral rete, menm si l dwe boule pa dife. Li pa p detwi tè a, gade, li jis detwi peche a ki sou li a.

166 Remake la a, kèk nan nou etidyan Bib la, espesyalman Doktè Vayle kap gade m. Remake nan Pyè, nan 2èm chapit Pyè la a , 3èm chapit, pito, li itilize mo "mond lan", kòm yon mo grèk kosmos, ki vle di , " lòd mondyal la." " Tè a va pase, li te fonn eleman yo ak chalè dife." Ou wè ? Sa pa vle di ke tè a, planèt la, sa pral pase. Men, mond lan, kosmos , politik yo, moun k'ap

fè peche yo, sistèm yo, peche, maladi, mikwòb, tout bagay ki mal, pral pase. Tout bagay ki yon fwa ...

167 Bondye yon fwa te souke syèl la, men fwa sa a Li di Li pral souke tè a, syèl la ak tè a ... "Li te souke tè a," pito, " epi apre sa Li pral souke syèl la." Ou wè? "Paske nou resevwa yon Wayòm ki pa ka branle." Li se yon Wayòm ki Etènèl. Gad ki jan li abòde l.

168 Remake isit la, Pyè te di : "Epi li pral fonn ak chalè dife, e zèv yo ki ladann lan ap boule," pa planèt la. " Zèv yo ki ladann lan," zèv yon nonm, tout politisyen ak sistèm yo a, epi tout denominasyon yo ak sistèm ki fèt ak men lòm, tout sa pral pase ak li lè l boule.

169 "Epi- epi syèl la pral pase ak gwo bri " Èske w remake la a ? " Syèl la pral pase ak yon gwo bri." tandè! Tout tè a pral pran dife, epi pral anflamen gaz yo, ki nan tè a epi eksploze l. Se egzakteman sa. Pale ... Bib la te di la a, Pyè te di : "Epi syèl la pral pase, ak tè, ak yon gwo bri." Yon tèl eksplozyon pral bouje l , oh lala , paske l te dwe touye tout maladi , chak pye pikan, chak pikan. Sa dwe fini pou tout bagay, dife a ap boule l. Epi, sonje, li pa sèlman jis yon dife literal, se yon Dife sen, wè , ki pral pran chase Satan ak tout akolit li yo, tout demon l yo. " Syèl la ak tè a tou lè de," amèn, " pral pase," pral touye tout mikwòb yo, tout ensèk , tout lavi natirèl sou li e toutotou l, menm H2O a (dlo a) pral eksploze. Reflech sou li. Wap pale de yon bri!

170 Ou panse ke ti bri lòt bò nan Tucson te yon bagay, lè L te louvri sis So yo, ki te souke peyi a e ozalantou l, epi ki te koze anpil pawòl. Ret tann jouk tè sa a resevwa batèm li !

171 Ou konnen, lè yon nonm resevwa batèm dife a , gen anpil bri ozalantou . Yo panse ke se yon wont, pou tandè moun ka p rele e kriye konsa. Jis rete tann jouk tè al resevwa batèm li !

172 Ya, li pral ekspli ... eksploze li , H2O a, dlo a, paske Bib la te di la a nan Apolalips 21, "epi pa te gen lanmè ankò," li te eksploze. Sa pral chanje fas tè a annantye. Li pral eklate epi vole an miyèt moso. Tout deyò a, kwout la, e dè santèn de pye anba l, yo pral jis tou senpleman konplètman demoli. Atmosfè yo, gaz sa yo, ki nan tè a kounye a, kote y ap jwenn misil ka yo ki pa ka travèse sa a, se yon gwo esfè an wo a la , tout anwo a nan yon jan de esfè ke yo di

ki gen tout kalite gaz; e sa pral eklate. Epi kòlè sen Bondye a pral tonbe sou li, wè , e pral netwaye l, pral chanje fas tè antye.

173 Koulye a, anpil nan ou ki vle note mo sa a , mo grèk sa a, " pase ." Li vin de mo ... M te jwenn li . M te kwè, "Kouman ke mond sa apral pase, e ankò nou pral viv sou li ?" Men, si va remake, kèk nan nou moun ki vle note l, mwen pral eple l pou ou. Mwen pa t 'kab pwononse l, p-a-r-e-r-e-c-h-o-m-i-a. M pa konn ki jan yo pwononse l.

174 Koulye a, fason sa a, jan m te di a, lè m jwenn ... enspirasyon an frape m pou yon bagay, Lè sa a, m tounen chache mo a. Koulye a, men li, m pa ka eple mo a, oswa mwen pa ka - Mwen pa ka pwononse l. Men, pou sa, Seyè a te toujou ban m 'yon fason. M al chèche konnen ki sa mo sa vle di, epi mwen te jwenn li. Ou wè? Alòs m te jwenn li, ankò. Ou wè ?

175 Syèl la ak tè a pral pase, kounye a, mo sa a vle di , "pase de yonfòm a yon lòt." Li pa vle di "aneyantusman," tankou mo anglè a vle di a, pase, se aneyanti. Men mo Hebre a, oswa mo Grèk la la a, li pa vle di pase ; sa vle di, " pase de yon bagay a yon lòt." Ou wè, men, "pou pase de yon kondisyon," li te di , "a yon lòt ."

176 Koulye a, remake, Pòl te itilize l, si ou vle li l kounye a. Ou mèt note l, ou ka li l pita. Nan Tit 3: 5, Pòl ap itilize menm mo sa a, ki vle di rejenerasyon lòm! Ke lòm te pase de yon pechè a yon sen, pa konplètman aneyanti . Lè yon nonm chanje, li pa aneyanti, men li se yon moun chanje. Li te de sa l te ye a sa l ye, pa anayanti.

177 Jezi te itilize menm mo sa a nan Matye 19:28; kounye a se pa 28:19. Koulye a, 19:28, Li te di yo, " W ap chita ak mwen nan Wayòm Papa m , rejenere ," ou wè , " chanje ," lè w chanje . Li itilize menm mo a.

178 Epi li itilize menm mo a lè L te di, ti poulen an, li te di , "Lage ti chwal la epi kite l ale."

179 Li te di menm bagay la nan rezirèksyon Laza a, "Lage l ' ! Chanje l ' ! Li te mare ; kite l ale! "

180 Ki sa l vle di? Tè a pral libere sou lanpriz Satan. Li pral libere . Li pral libere de politik, li pral libere de sistèm relijye denominasyonèl la; pou l ka sèvi pou Wayòm Bondye, ki dwe etabli

isit la sou tè a. Men, osi lontan li nan men Satan, politik ... Satan gouvènè tè a , li posede l, men kounye a Kris te rachte l.

181 Yon fwa, mwen te pwopriyete l, men pa kounye a. Yon fwa, ti fanm sa a te pwopriyete l, men pa kounye a. Ou wè, Li vin retire l anba grif li. Li libere de grif peche, de Satan, sou lavi m, sou vi ou, e kounye a nou pa pou li.

182 Eske w te souvan tande m ' di, nan lapriyè, " wete men w sou pwopriyete Bondye a "? Ou wè ? Amèn! Gen lafwa pou reklame pa w yo. Se dwa w. " Wete men w sou li ! Wete men ou sou li ! " Ou wè, lafwa ap fè l. Oh, lala! Pa aneyanti l, men, jis , " Wete men w sou li ," pou libere l, kite l ale, fè l pase. Li chanje.

183 Tè a pral chanje. Politik pral chanje. Relijyon yo pral chanje. denominasyon yo pral pase. Politik pral pase. Wayòm Bondye va etabli.

184 Nou li nan Jan, li Jan nan Apokalips 6:14, wè , " li dewoule tankou yon woulo liv." Bib la di ... ke l ... Jan di , "Mwen wè syèl la ak tè a pati kankou yon woulo liv." Jan, apokalips 6:14.

185 Jezi te di , " Syèl ak tè a va pase," oswa, nan lòt mo , " syèl ak tè pral chanje ." Wè, li te itilize menm mo sa a la menm ankò .

186 Non, pa aneyanti. Paske, pita, nan Apokalips 21: 2 a 24, li te wè Nouvo Jerizalèm nan ki t'ap desann soti kot Bondye nan syèl la, epi ki te chita sou tè sa a. Sa pa vle di li pral aneyanti. Sistèm yo pral chanje.

187 Danyèl te wè menm bagay la. Yon wòch frape mond lan, te detache san sipò okenn men ; Epi estati sistèm yo annantye te tonbe an myèt moso epi vin tankou pay sou yon glasi an ete, ak van an ki pote l ale. Apre sa, ròch la, limenm, te grandi e te vin nan yon gwo Montay ki kouvri tè a. Siveye Montay sa a kounye a nan yon ti moman. Montay sa a te kouvri tè a.

188 Epi tou, nou jwenn la, la tou, nan, nan Apokalips la, sa di "Wa Nouvo Tè yo va mennen onè ak glwa yo ladann." Nan tè a, ap tabli...Nouvèl Jerizalèm lan ap tabli sou tè sa. Ou wè, sa te jis chanje.

189 Ou va menm nonm lan, nan aspè, ou te ye lè Bondye te rele w la, menm fanm lan. Men, ou wè, sa sa te fè, se te yon rejenerasyon. Ansyen vi a te pase ale. Ansyen dezi a te pase ale. Kote, ou te abitye renmen bwè, ak sèmante, ak fè diskisyon, dechire pit, ap kouri toupatou, bagay imoral, bagay sa te jis mouri. Ou wè? Men kounye a ou abitye...Lè sa ou te zouti Satan; kounye a ou rachte.

190 Se sa mond lan va vin ye, menm jan an, rachte, on Nouvo Syèl ak on Nouvo Tè.

191 Jis tankou w, "Ou se on nouvèl kreyati." E mo Grèk la la, tout moun konnen, se, "Ou se on nouvèl kreyasyon." Amèn! On nouvèl kreyasyon nan menm vye tanp lan. Alelouya. Obsève sa k rive la kounye a. Se Gloriye! Dakò.

192 Bon nou jwenn ke tè sa va gade wa d la tè yo.

193 E, ankò, nan Matye 5:5, Jezi te di, "Moun ki dou a va eritye tè a." Se pa pral, jis pa pral gen on lòt tè. M ap eseye rive nan--nan plan redanmsyon an pou ou, anvan, si m pa gen anyen lòt, ou wè. Batèm Dife a, sou sa, se sèlman pou netwaye l ak fè l vin on plas kòrèk pou moun dou Li a ka viv ladann. Ou wè? O!

194 Tankou L te fè nou menm, kreyasyon Li, pou viv ladann. Anvan Li te ka vin sou li, Li te oblije bannou batèm Dife a; Alò lè w gen batèm Dife sa, sètalò Sentespri a antre pou viv, batèm Dife. Apre sa, lè w gen batèm Dife sa, alò Sentespri a ka antre. Kisa? Lè sa, Li boule tout sa ki kontrè ak Pawòl la, soti nan ou. Ou wè? Li pap kwè anyen lòt ke Pawòl la, paske Li se Pawòl la. Ou wè? Ou wè?

195 Bon, se de sa nou t ap pale lòt jou a, evidans Sentespri a. Ou wè? Evidans Sentespri a se lè w kapab resevwa Pawòl la; pa on sistèm, men w genyen on konpreyansyon klè. Kouman w fè konnen ke Pawòl la klè, ke w konprann Li? Obsève L k ap konfime Tèt Li.

196 "Ebyen," ou va di, "M wè sesi fè l, epi sela." O, wi, move zèb viv menm fason an. Ou wè?

197 Men sa dwe Pawòl la ann antye. Pou w Lepouz, ou dwe on pati de Li. Li se Pawòl la. Ou wè? E se pati nan Li sa ye? Pawòl ki pwomèt pou jodi a lè L ap rele Epouz Li. Vin on pati de Sa. Ou sezi li? Bon, piga, --piga w pèdi sa kounye a. Remake.

E Li te rann li on plas kòrèk pou viv atravè Letènite.

198 Remake, sa malgretou pa refere a...Rèy Milenyòm sa, mil an, se pa Nouvo Tè a. Ou wè, rèy Milenyòm lan se yon rèy diferan. Se nan sa ke nou prale, Milenyòm lan, men se pa Nouvo Tè a, Nouvo Syèl la. Non, non. Se jis on plas pou repo, ou wè, on peryòd repo, se pa ditou Nouvo Syèl ak Nouvo Tè a; paske, ou wè, nan Milenyòm lan nou gen dè bagay ki pap ale ak

Sa. Se on tip ansyen setyèm jou a, an Edenn; setyèm jou a, apre Li te fin fè mond lan. Setyèm jou a, Li te repoze L an Edenn, e se Milenyòm lan.

199 Ou wè, mond lan kounye a gen prèske si mil an. Ou wè? Chak de mil an li te sibi on--on destriksyon. Ou wè?

200 Premye de mil an, delij la te vini, e Li te batize l avèk (kisa?) dlo.

201 De mil an apre a, Jezi te vini pou sanktifye l e reklame l, Li te repann San L sou li, e Li te rele l pa L. Dakò.

202 “M va retounen,” en--en, kounye a kòm Wa ak Rèn Li, e dezyèm de mil an (kisa L fè?) Li vini e Li bay peryòd repo Li a.

203 E apre sa L boule l nèt, e L reklame l pou Zafè pa L; mete Pwòp pwa L ladann.

204 E remake, se pa mond pafè a, Milenyòm sa, se on tip setyèm jou a. Apre sa se Jijman Twòn Blan an. Ou wè, nou toujou gen jijman. Nou ankò nan zafè tan, nan Milenyòm lan. Se on jou, mil an. Se on eleman tan an. Piga, piga w melanje avèk Nouvo Tè a, kounye a, paske se pa sa.

205 Ou ka di m sa. Bon m jis santi on moun taka di m on bagay konsa, “Bon, Frè Branham, kisa w pral fè kounye a? Ou fin epwize tout tip sèt ou yo okonplè. Ki bò w pral fè kounye a? Bon, ou kwè nan dispansasyon.” Se vre, mwen se sa. Mwen kwè ke Bondye se sa, tou. Pran nèt, remake. “Ou pa ret tip dispansasyon menm. Paske, si w pral mete on bagay depase setyèm jou sa, kouman ou pral fè sa? Ki kote w prale kounye a?”

206 Dakò, m vle atire atansyon w sou on bagay, ou wè. En-en. Ou wè? Kifè, se pa fini--m poko fini, ak dispansasyon yo. M gen on lòt Ekriti la. E, sonje, tout nèt dwe akonpli, chak ti bagay Ladann. Ou wè?

207 Bon ou va di, “Frè Branham, w ap eseye mete on bagay byen lwen setyèm jou sa, setyèm jou repo sa.”

208 Menm jan Bondye ki te fè tè a epi te travay pandan sis jou, epi repoze setyèm jou an, se te sèlman on tip de tan, tan an. Men mwen jis sot di la, nou vin Etènèl.

209 “Kifè kote tip ou genyen kounye a? Ou te di ou se on tipolojis. Kifè, kounye a ou, ou pa ret tip.” Non, m pa an mank. Ann jis wè si nou genyen.

210 Ann al nan Levitik, retounen nan chapit 23 Levitik. Bon m vle w remake nan Levitik, kote nou te ye Dimanch pase, oswa dènye...Se sa ki te ban m ide a, jis la. 23yèm chapit Levitik la, epi vèsè 26 la.

211 Bon sonje, genyen sèt fèt. Fèt twonpèt yo, fèt tabènak yo-yo, fèt ofrann ajite a, a...Antou, gen sèt grann fèt, ki te sèlman on tip Sèt Aj Legliz yo. E nou sonje konbyen saba ki te genyen ant youn e lòt? Ou wè, sèt saba ant pannkot e twonpèt yo, ki te Sèt Aj Legliz. E te gen sèt fèt, ki reprezante Sèt Aj Legliz yo. Kenbe nonb ou yo byen an plas.

212 Ou di, "Ebyen, kounye a, frè Branham, ou pa ret anyen ankò. Ou fini ak sèt ou yo."

213 Dakò, annou pran dènye fèt la, ki se fèt tabènak yo. Bon remake la nan vèsè 36 la.

Chak jou, pandan sèt jou, n a boule ofrann nan dife pou Seyè a. Sou uityèm jou a--sou uityèm jou a, se va on konvokasyon sen (gen on lòt tan sen k ap vini)...konvokasyon sen pou ou, epi n a boule ofrann nan dife pou Seyè a. Se va on jou pou adore Bondye. Jou sa a, piga nou fè gwo travay.

214 Kounye a nou gen on "uityèm jou." Bon, gen sèlman sèt jou, men la n ap pale de "uityèm jou a," on konvokasyon sen, konvokasyon. Remake, "Piga w travay jou sa." Uityèm jou a, se (kisa?) retounen nan premye jou a. Ebyen, sa pale de Etènite, jan fòm tou won uit la san w pa rete a. Amèn. Èske w sezi l? [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.]

215 Remake, se te nan menm uityèm jou sa. Dènye jou, fèt tabènak la, remake apre sa, apre dènye jou fèt la, apre dènye Aj Legliz la, apre dènye sèt jou yo okonplè sou tè a, apre Milenyòm lan, ke Konvokasyon Sen sa vini.

216 Sonje, sa a se fèt tabènak yo, *tabènak yo*, "kote pou rasanble." Amèn! Ki kote, "Nan Milenyòm lan," ke Bib la te di, "yo va bati kay; ke yo va abite."

217 Men nan Nouvo Tè a, Li deja ale pou prepare plas la. Li deja konstwi. Nou pa gen anyen pou n wè avèk konstriksyon li. Amèn. Etènè! O, m jis renmen Mo sa! O la la! On Konvokasyon Sen, uityèm jou a. Alòske, gen sèlman sèt jou. Alò uityèm jou a, ki se retounen nan premye jou a ankò, retounen drèt nan premye jou a, uityèm jou a se on Konvo-...Konvokasyon Sen.

218 Remake, sèt jou yo, gen rapò sèlman avèk ansyen kreyasyon an, mond lan avèk zafè tan. Sèt jou, sa se Milenyòm, jou repo a. Menm jan Bondye te travay pandan sis jou, Li te repoze setyèm lan; Legliz ap travay sis jou, pou repoze setyèm lan, men nou ankò nan eleman tan. M pap pale de sa k Etènèl.

219 Men, ou wè, uit jou bagay konsa pa egziste; ou retounen nan premye jou a ankò, ou wè premye jou a.

220 Saba pale de ansyen lwa a, ki te pase ale. Gade saba, ki “te pase,” oswa m te di, “ki te chanje pou on lòt.” Li pat disparèt; li te jis chanje de ansyen lwa a, pou ap gade on jou detèmine nan semèn lan.

221 Ezayi, chapit 19, di, mwen kwè 28:19, li di, “Se presèp sou presèp; on tikras isit la, e on tikras laba.” “Kenbe fèm sa ki bon an.” “Paske se avèk bouch k ap mamote epi se ak lòt lang ke M va pale ak pèp sa. E men repo a.” Ou wè?

222 Ou antre nan Lavi, se pa ap kenbe on jou oswa on lonbraj. Pòl di, la nan Ebre chapit 4. “N ap gade jou epi lonbraj, ak bagay konsa; m ap poze m kesyon sou eksperyans ou.” Ou wè, nou pa pase de obsèvasyon jou a òdonans. “Ou pase de lanmò a Lavi Etènèl,” pa jou ak tan. Ou pase antre nan Letènite. Sa se konvo-..konvokasyon sen an, konvokasyon, pito.

223 *Sèt jou*, obsève, ki “ap pase ale,” oswa, jan m te di a, va “chanje pou on lòt.” Uityèm jou a ap trete avèk nouvo kreyasyon an, pa ansyen kreyasyon an. Uityèm jou a se nouvo kreyasyon an.

224 Paske, se te nan uityèm jou a ke Seyè nou an te resisite soti nan lanmò. Men lòt konvokasyon w lan, sentete a; pa ap konsidere saba, pa ditou, oswa fèt tabènak yo, fèt sesí, ak fèt pannkot. Jezi te resisite soti nan lanmò, pou jistifikasyon nou, uityèm jou an. Apre sèt saba yo, oswa sèt jou yo, Sèt Aj Legliz, Jezi te resisite soti nan lanmò. Uityèm jou, ki se on konvokasyon sen, ou wè, ki se premye jou a.

225 Ou wè, ou te, pase atravè tan, pou tonbe nan Letènite ankò; pa ap obsève jou, ap obsève saba; ak nouvel lin, ak bagay konsa. “Men *te* pase,” chanje fòm ou; pa dezentegre. Glwa! “Men te pase de lanmò a Lavi Etènèl.” O, se sa Bib la anseye nou efektivman! Ou wè, te pase de youn a lòt.

226 Dakò, “te pase,” ansyen saba a pase. Jezi te resisite uityèm jou a. Se te on jou solanèl, sen. E se te on jou; paske jou, se tan, sa te fini. Sa te pase antre nan Letènite. Ou wè, sa te vire tounen nan premye jou a ankò. Ou wè?

227 Letènite se tankou on--on bag. Ou paka jwenn okenn kwen ladann. Ou paka jwenn okenn plas pou w stope nan on sèk won ki pafè. Ou fè jis ap vire vire. M pa fè ka de jouk ki kote ou prale, ou toujou ap avanse. Ou ka kòmanse ap vire won *konsa*; fè tout tou planche a, fè tout tou tè a, ale kite tè a nèt, ou toujou ap avan-...[Espas vid sou bann lan—Editè a.]

228 Tout bagay ki te kreye anba isit la, pèvèti, yo pat kreye, pa Satan, sa va retabli lè gwo klòch annò a va retanti e ke Twonpèt la va sonnen.

229 E byen lwen laba nan kòmansman an, lè kote pou rete atache a te tabli an Edenn, kan lòm te vin sou tè a epi li te chite, on ti ayo te vèse san l, sa t ap pale de gran Ayo a ki ta pral vini pou vèse San pa Li. Kalvè te drese kwa a, sa se te atach pou Ansyen Testaman an; pou sa yo ki te jistifye, ki t ap chache L. E nan nouvèl dispansasyon sa, pou Vini Seyè a, nan Nouvo Tè a, kòd sali a (San an, Pwisans redanmtris ke m ap pale a, atravè menm sistèm lan te rachte toulède lòm ak latè) va leve monte nan Letènite ankò. E Letan Dife a va aneyanti tout bagay ki kont sentete e ki pa predestine pou Li. Èske w sezi sa?

230 Remake, uityèm jou a, Jezi te resisite pou jistifikasyon nou. Wa Etènèl la, ak Wayòm Etènèl la pou w ka batize ladann, nan Lavi Etènèl. Pa sèt jou; sa pat gen anyen pou l wè ak jou yo. Sa ap pale de on lòt jou, ki Etènèl, k ap vini; sa ap pale de on tan Etènèl, Mond ke m ap pale de li a.

231 E, remake, apre karant jou, oswa sèt saba apati de sa, te gen ankò on lòt konvokasyon sen. Kisa k te rive? Sentespri a te tonbe jou Pannkot la, setyèm jou a...Ou pito, uityèm jou a, uityèm jou a, sa te tonbe uityèm jou a. Se te sèt saba pita, egzakteman, apre rezirèksyon Li, ou wè; kifè se t ap sèt fwa sa ankò, sa ki te mennen l tounen drèt ankò nan premye jou nan semèn lan, egzakteman. Ou wè?

232 Men konvokasyon sen w lan, sa pa gen anyen pou l wè avèk bagay yo alalèt. Se trè lwen sa. Se antre nan Wayòm Bondye a, avèk Lavi Etènèl, avèk predestine a ki pat janm kòmanse. Li pat janm kòmanse nan okenn jou. Ou pat sove yon jou kèlkonk. Ou te toujou sove. Amèn. Jezi te jis vini pou rachte sa; men ou te sove, depi kòmansman an, paske ou te gen Lavi Etènèl, pou kòmanse.

233 On pwason twit pap janm on pwason gòj oswa on teta. Li ka nan menm dlo avè l, men li te, on twit, depi nan kòmansman. Filè a sèlman ranmase l, ou wè, men li te sa depi nan kòmansman. Men sa ki...

234 Kidonk, nou pa an mank pou dispansasyon. Èske se vre? Nou an plen nan Lèzekriti. Senkant jou pita, sa te vini.

235 Ou wè, uit pat kab konte nan semèn lan. Ou wè, sa pat kab konte, uit jou nan on semèn. Ou paka fè l, ou wè, paske gen sèlman sèt jou nan on semèn. Vire l jan w vle l. Dimanch se premye jou semèn lan. Ou wè, ou konte sèt, apre sa ou dwe retounen dèyè pou rekòmanse ankò. Konte sèt, retounen epi rekòmanse ankò. Ou wè?

236 E n ap viv dapre tout tip sa yo la, men, kan w rive sou uityèm lan, ou travèse antre nan Letènite. Ou pa vini dapre lalwa, ak rityèl, ak òdonans. Ou vini pa predestinasyon. Amèn! Gen on konvokasyon sen, otantik! Ou wè? E se nou k ap mete fen a setyèm aj la, aj legliz la, aj Pannkotis la. Èske w sezi sa? N ap antre nan konvokasyon sen sa. N ap antre nan vrè, otantik, Etènite sa, kote yo rele Legliz; pa nan yon estasyon kèlkonk, kèk denominasyon men nan Letènite avèk Wa Etènèl li a. Ou wè? Nou pa ladann ditou, sa pa egziste zafè jou, ak bagay konsa, zafè tan. Ou pase a Letènite, kote w te soti a. Ou te La, pou kòmanse. Ou wè?

237 Si w gen Lavi Etènèl, gen on sèl fòm, se Bondye, e ou se on atribi eksprime. Ou wè? Si ou...Si w pa sa, ou pap ka la, de tout fason. “Pèsonn paka vin jwenn Mwen sof si Papa M te atire l.” Ou wè? Ki vle di, “pase ale,” tout bagay ansyen sa yo; men Bagay sila yo pa pase ale, kifè sa ap pale de Letènite. Sentespri a Etènèl. Alò, ou nan Letènite, kote w te ye tout tan, men ou jis rekonèt sa k te rive.

238 Ou wè, ou te kreye pou on bi Etènèl, paske ou te manifestasyon yon--yon atribi ki te nan Bondye, ki te panse a ou e ki te eksprime w; e Li te kreye on tè pou L te pran w soti ladann, pou te fè w yon èt imen. E peche te antre e li te pèvèti chemen L lan. Ou te vini, de tout fason, men ou te pèdi avèk mond lan. Kidonk Li te vini e Li te rachte w, atribi eksprime a, epitou Li te rachte tè sa menm jan an. Apre sa, bi Li te genyen an t ap dewoule. Ou wè? O! Alelouya! O, sa fè m si tèlman byen, jis ap panse sa k ap tann pi devan!

239 Kounye a, nan Efezyen 1:10, yo rele sa, pa on dispansasyon, pa setyèm jou. Yo rele l, “Plenitid tan an.” E kan “plenitid tan an” va rive, se lè sa ke tan ap akonpli. Kan pa gen tan ankò , alò ou va ale nan Letènite, apre ke setyèm aj legliz la va fini, e li fini; aj Litè a fini, aj Metodis la fini, aj Pannkotis la fini. E kounye a ou va antre nan (kisa?) Letènite, kote pa gen on tèl bagay tankou tan ak nonb, ak tan, ak bagay konsa. Amèn! O la la! Ou sezi l kounye a?

240 Oubyen, apre ke tan va akonpli, tout peche ale, al fè wout yo lwen, nan Milenyòm, nan Jijman gran Twòn Blan an. (On tip, pa Sentespri a.) Apre lè mond lan ap pran dife pou l batize, batèm Dife sen k ap sot nan Syèl la; tout peche te pati, tout mikwòb te pati, tout demon te pati, tout tantasyon te pati, tout mechanste te pati. (Tip kounye a.) Alò kisa Bondye fè? Li ka chita sou tè a, ou wè, paske tout peche pati.

241 Se menm bagay la Li fè lè Li ba w batèm Sentespri ak Dife a. Li ka vini pou demere avè w, e nou ka chita nan lye Selès nan Kris Jezi, paske nou deja nan Li. Se pa “nou pral.” Nou chita kounye a menm nan Kris Jezi. Kouman nou te fè antre ladann? Pa on sèl batèm Sentespri a. “Pa on sèl Espri nou tout te batize nan Kris,” ki vle di, nou la kounye a. Se pa “nou pral” nan Kris; nou la! Li se gran Wa espiryèl sou Lespri ki lan nou an, paske nou te nan Li nan kòmansman.

242 Ou wè, Bondye, nan kòmansman, kan L te panse a ou e ak lòt konsa, Li te panse a Li menm ki te dwe vin palpab. Se sa ki te panse L. Ou wè? Kifè, Li te eksprime panse pa Pawòl la. Li te di, “Ke tèl bagay fèt.” “Ke tèl bagay fèt,” e sa te rive. “Ke tèl bagay fèt,” jouk moun yo te di, on jou, “Pa kite Bondye pale!”

244 Li te di, “Kounye a, M va pale ak yo atravè on pwofèt.” Ou wè? “Apati de moman sa, M va pale ak yo atravè on pwofèt.”

245 E pwofèt la te di, “Sa va rive; sa va vini,” e sa te rive, e sa te vini. E sa te rive, e sa te vini, ou wè, jis konsa. Ou sezi l kounye a?

246 “Plenitid tan an” te rive apre ke tan an te akonpli. Peche te pati, apre batèm mond lan, apre ke batèm mond lan te rann li on plas kòrèk ; san maladi, san mikwòb, san pikan, san epin, san lanmò, san tristès, san kè sote; san vyeyisman, anyen ki reprezante lanmò; anyen mal; tout bagay byen; anyen natirèl. Etènèl!

247 Alò, atribi L te eksprime paske li te la, an premye, pou kòmanse. Se sa Li te panse. [Frè Branham ap fè desen sou tablo a—Editè a.]

248 E apre sa k te rive? Li te plase Adan e Èv la sou tè a, e Li te di, “Miltipliye kounye a e ranpli tè a.” Kò yo okonplè te blayi la, e pou w te ka manje Li te fè kò w. Se fason sa Li te pran pou fè sa.

249 Men peche te vini e li te entèwonp plan Li. Sa t ap dewoule, jis menm jan an, tan an fè l la.

250 Men kisa Jezi te fè? Bondye te desann e Li te eksprime Tèt Li sou fòm on Nonm, on èt imen; Li te bay vi Li, olye pou L te rete la. Ki vle di, Li te Wa a, men Li te bay pwòp Tèt Li pou rachte rès yo. Ou sezi sa?

251 E kan tout bagay fini, alò sa retounen nan plas li, e bi Bondye a akonpli. Men Wa Etènèl la ankò ak sijè L yo ki Etènèl, ki te eksprime nan lachè imen, egzakteman fason Li te genyen l lan; peche te pati al fè wout li; le dyab te pati; tout bagay te fini kounye a.

252 Kisa k pral fè l? Tè sa patka on plas pou Syèl la te tabli kounye a. Gade eta l, peche. Yo va netwaye l.

253 Okenn òm, okenn moun, okenn fanm, gason, jenn fi, m pa fè ka ki moun li ye, pa kalifye pou vin sou chè a, oswa menm pretann li se Kreyen, si li pat ranpli ak Sentespri a. Ou pa gen dwa patisipe nan soupe Seyè a, oswa tout kominyon, lavman dè pye, oswa tout lòt bagay, jiskaske w pirifye pa Dife Lespri Bondye.

254 Pèsonn pa gen dwa preche sof si, tankou Moyiz, li te rankontre L deyò la sou teren sakre sa, Kolòn Dife sa pandye la, kote li konnen l kanpe. Ou wè?

255 Remake kouman, kouman nou te avanse. Apre batèm Dife mond lan, tout mikwòb te pati, ki te rann li on plas kòrèk apre sa pou Syèl la vin abite isi sou tè a.

256 Se tip, kounye a, de chita nan lye Selès nan Kris Jezi; pase de etap sa, sal tankou ti fanm lan te ye a, a atribi eksprime Bondye. “Kounye a menm nou se Pitit Bondye,” pa nou *pral*. Nou se atribi panse Bondye. Ou wè?

257 Bon ou di, “Ebyen, gade prèt sa. Èske l pa on pitit Bondye?” Sa pwouve li pat sa. Li patka rekonèt kisa? Èske l te di, “Mwen kwè Bib la”? Sèten. Men li patka rekonèt Pawòl eksprime pou lè a. Li sèlman te gen on aprantisaj entèlektyèl yon gwoup ki te konn apiye l.

258 E se menm bagay la jodi a! Ou wè? M konnen sa frape fò, men se Laverite.

259 Men Pawòl la ki te la, jan l te pwononse egzakteman pou jou sa; e, li menm, malgre l te on gwo save, malgre li te on moun ak renome, men li patka rekonèt Sa. Poukisa? Pe enpòt jan li te save, tout bagay konsa, li toujou pat gen reprezantasyon parapò a predestinasyon. Ou wè?

260 Sèlman predestine a va sila ki va fè l; li menm sèl ki kapab. E sèlman ou menm ki ka fè sa...Paske, gade, sa pwouve predestinasyon. Paske, si w gen Lavi Etènèl, ou dwe te on pati Bondye tout tan paske Li se sèl Sila ki Etènèl la. Ou sezi sa? O, la la! Panse a sa.

261 Kounye obsève sa k rive atravè gran Milenyòm lan. Peche pati nèt ale, Milenyòm lan tabli, se tan kounye a pou Sentespri a pran plas Li.

262 Jis menm jan Li fè l lan nou, “pase de lanmò a Lavi,” pou ap abite nan lye Selès nan Kris, nan Prezans gloriye Li. Menm lanmò fizik va pase ale lè sa; jis menm jan lanmò espiryèl ap pase ale kounye a.

263 Lanmò espiryèl kounye a bagay sa pa egziste pou on--pou on --on sen Bondye ki batize. “Menm si l te mouri, li va toujou vivan. Nenpòt moun k ap viv e ki kwè nan Mwen pap janm mouri.” Tout Ekriti, dwe akonpli. Ou wè? Ou paka mouri. Ou gen Lavi Etènèl. Sèl bagay, Redanmtè a te fè w rekonèt sa. E ou te toujou Sa, e se pou rezon sa ou wè jou w ap viv ladann lan. Konbyen moun ki wè l? Leve men w. Ou wè? Mèsi. Ou wè? Jou n ap viv ladann lan, ou rekonèt li.

264 Bon, Metodis yo di, “Lè w pouse kri, ou genyen L.” Anpil nan yo te pouse kri e yo pat genyen L.

265 Pannkotis yo di, "Lè w pale an lang, ou genyen L." Anpil pale an lang, e yo pat genyen L.

266 Gade kijan, Farizyen sa yo te gen tout sòt de fòm, men lè Pawòl la te manifeste, yo pat rekonèt Li. Ou wè? Ou wè?

267 E si w se Lepouz, Lepouz se on pati de Mari a. E si...Sèl kote ke w va janm rekonèt Li, se rekonèt ki pati nan Mari sa (Pawòl sa) ou ye, ousinon ou pap ka rekonèt ke w se Lepouz. Konbyen moun ki wè sa? [Kongregasyon di, "Amèn."—Editè a.] Ou wè? Ou wè? Ou dwe rekonèt pozisyon w.

268 Ou paka rekonèt on lòt moun. Sa k t ap rive si Moyiz ta vini ak mesaj Noye a? E Noye te on pati de sa, men sa patap mache. Sa k t ap rive si--si--si--si Jezi te vini ak Mesaj Moyiz la? Sa patap mache. Ou wè, se te on aj diferan se te on pwofesi diferan, on pati diferan Pawòl la te dwe akonpli la. Yo te nan yon lòt jou semèn lan. Non, travay Madi a paka fèt Mèkredi. E pa Mèkredi a dwe fèt Mèkredi. Ou wè? Pa Samdi a dwe travay Samdi. Ou wè?

E, yo, yo te rekonèt. "O, Moyiz, nou gen Moyiz."

269 Li te di, "Si nou te konn Moyiz, nou t ap konnen M, paske li se sila ki te pale de Mwen.'Bondye Seyè a va sisite on pwofèt tankou mwen.'" Sezi ide a? O la la! Ou wè?

270 Apre sa Jezi te di, nan Jan 14, "Lè Li, Sentespri a, va vini, Li va raple w bagay sa yo nan memwa w, ou wè, pou montre w jou w ap viv ladann lan. E apre sa, on lòt bagay ki pral fè w konnen L, Li va montre w bagay k ap vini yo," ou wè, ou wè, ou retounen drèt nan pwofesi ankò, "kan Li va vini." Ou wè?

271 Nan Nouvo Tè ak Nouvo Syèl la, pap janm gen nwasè ankò, kan Nouvo Tè sa va vini. Dyab la va anba kòd...Satan, li toujou lib kounye a; li se akizatè a. Men nan Nouvo Tè a, li va anba kòd pou yo jete l nan Letan Dife a, nan Dife sen sa.

272 La, lan Nouvo Tè sa, annou gade l pandan kèk minit kounye a. Lan Nouvo Tè sa, syèl la pap janm nwa ankò; non, sa te vin de malediksyon an, ou wè. Pa gen dwa janm nwa ankò avèk nyaj an kòlè. Van pap janm soufle konsa sou li ankò. Non. Li pa gen dwa janm devaste pyebwa yo, ak kay yo, epi chavire bagay yo. Zèklè ak kòlè pa gen dwa janm devèse soti nan Satan toupatou la, pou touye on nonm k ap mache desann sou wout la, oswa boule on bilding. Ou wè? Non, jamè. Pap gen tifon pou baleye, oswa tanpèt ak tònad, pou detwi kay, e touye timoun piti, ak bagay konsa. En-en, sa pap fèt ankò. Pou ap eseye detwi, pap gen sa la. Satan chase deyò.

273 M swete nou te gen tan kounye a. M jis ap pase sou Ekriti yo, kounye a, pou nou ka pa fini twò ta. M dwe priye pou malad yo.

274 Syèl la ak tè a rankontre; Bondye ak lòm rekonsilye. Yon Edenn restore te kòmanse; tout malediksyon an te pati.

275 Menm jan, tout malediksyon peche al fè wout li kan Sentespri a aksepte w. Ou wè, se pa ou ki aksepte L; se Li ki aksepte w, ou wè, paske Se atribi Bondye. Ou wè, si se Sentespri a, sa vle di, Lespri Bondye; e se atribi,panse Bondye, ki aksepte w poutèt ou te òdone pou bi sa. Ou wè? Poutan, ou te ne lan peche; men Bondye te gen atribi sa, e la ou te eksprime tèt ou la sou tè a, e Li te desann pou pran w. Ou wè, ou retounen *isit la; isit la* se la ou fè pati. Ou wè? Ou wè, peche pèdi pouvwa l. Se vre. Dezi pou peche pati soti nan kè w, kan Sentespri a antre. Ou se on moun restore.

276 E apre sa kan tè a fin restore, pa menm bagay la, pap gen malediksyon ankò, se fini tanpèt, se fini gwo van, se fini tifon--tifon, pito. Ou rekonsilye; lòm ak Bondye rankontre. Nouvo Tè a va plase nan bote Edenn li ankò. Nouvo Tè a va etann, li menm, apre batèm Dife li.

277 Jis pansè, li va pran dife pou l boule. Eleman yo va boule avèk--avèk chalè tèrib. Tout zèv sou tè a va boule. Tout dlo a va eksploze; sa pral an flam epi tout bagay ap eklate. Tout bagay nèt va sote anlè. Vòlkan va eklate, dè milye de mil anlè, lav cho kap boule pral vole. Chak mikwòb... Sentespri Bondye a va pirifye chak aspè tout peche ak tout bagay nèt. Tout demon yo va anba kòd pou jete yo nan Letan Dife a, Dife k ap konsime, kòlè Dife Bondye.

278 Pap gen okenn bèt la pou detwi w ankò. Lè w ap mache ap desann sou wout la, nan jaden bèl flè, pap gen okenn sèpan la pou bondi sou ou epi mòde w, avèk venen pwazon li. O, la la! Èske se pap mèveye? Tande. Pap gen okenn bit tè ki va janm monte avèk ti gazon jòn, pou sèvi tonb, lan Nouvo Tè sa, pap gen okenn nan yo la.

279 Lòm e Bondye te retounen ansanm; Lepouz e Lepou. Syèl la ak tè a youn te anbrase lòt; Bondye te desann pou abite pami lòm. Tabènak Li la avèk yo.

280 Pap gen peche, pap gen tristès. Jamè ou pap jwenn on gout dlo k ap desann koule sou machwè on manman, poutèt bebe li. Amèn. Sa pap rive, sou Nouvo Sòl sa. Non. Li rachte. Li se pa L, e se pou Sa yo ki te rachte soti ladann. Ou wè?

281 Epi, gade, ou se on pati de sòl sa. Èske se vre? E kan L te rachte w, Li te rachte tè a ak menm bagay la, e nou te retounen ansanm ankò. O, kouman sa ka pi klè ankò. Ou wè? Ou te dwe rachte paske ou se on pati de sa. E si San an pat degoute sou ou, yo poko rachte w ankò; yo pa rele w. Apre sa Li pirifye l; se menm bagay la Li fè ak Dife a. Menm si San an te koule, li dwe kanmenm pirifye ak Dife, se vre, pou vin on plas abitab pou Bondye.

282 Bondye te deja chwazi demè Li, nan yon sans. Wayòm Bondye a sou tè a kounye a la, nan kè sen pa L yo. Se atribi Li yo ke L te kòmanse nan kòmansman an. Kounye a atribi L yo rachte. Kisa L ap tann? Pou rachte tè a, pou plase atribi Li yo sou li, pou akonpli egzakteman plan predestine Li a. Èske w sezi l?

283 Remake, okenn tonb, okenn gout dlo nan jye, jamè, okenn sakrifis ak san. Li pa gen dwa janm mouye ak gout dlo nan jye oswa ak san. Non. Pap gen okenn gè. Non. Okenn nyaj ivè. Okenn nèj frèt sou kòf lestomak li; sa pap blayi la ankò sou li. Solèy cho pap janm boule gazon l. Alelouya! Menm dezè a va pouse woz. “Vye dezè, ak pikan sa va fleri, on jou, tankou yon woz,” Bondye te di sa; kan yo va rachte l, kan l va pran batèm Dife l. Gen tout sòt de kaktis ak pikan ak tout bagay la kounye a, men li gen on batèm Dife k ap vini.

284 Menm jan sa te ye pou lòm, lè li te gen rayisman ankò, malis, ak konfli nan li; kan batèm Dife a te vini, sa te netwaye l soti. Jalouzi te fini, pat ret anyen; se jis absoliman on plas abitasyon pou Bondye. E, sonje, se delegasyon L ki pral rankontre l byen lwen laba. Amèn! O, ala on...

285 Se pa jis on istwa; se Laverite. Se sa Bondye di. Se sa Li te pwomèt. Se sa Lepouz pral jwenn. “Menm dezè a,” Li te di, “va fleri, pou vin on woz.”

286 Satan, peche, ak pechè yo, te pati, pou tout tan. Tout bagay te fini; sa te fonn nan Letènite. E tout sa ki te pèvèti, gran akanj sa te vin la on jou, Satan, ki te fè tout mechanste sa, va detwi. Ou sonje, Bib la di, “Si nanm sa pap fè jan Li te di pou fè a, Li va menm detwi nanm sa.”

287 Men, ou wè, Li paka detwi pwòp Tèt Li pou L rete Bondye. Kifè, si nanm sa se pou mond lan, li dwe detwi. Men si l Etènèl, ak Bondye, li pat janm kòmanse, paske li se on pati Bondye e li paka janm detwi. Amèn! Ala sa bèl! Ala--ala rekonesans, Legliz ta dwe genyen poutèt li wè sa!

288 Nou menm moun yo, tout sa w te fè blayi drèt la. Se sa m ap eseye di. M ap pase sou kèk bagay ladann paske m vle retounen sou sa ankò.

289 Menm bagay sa yo, Satan, pechè, te al fè wout yo, pou Letènite; pa gen dwa janm la ankò. Tout...Ou wè, Satan paka kreye. Si l fè sa, li vin Bondye. Ou wè? Li ka sèlman pèvèti sa k te deja kreye. Ou wè? E tout pèvèsyon ap fè sa, ap pèvèti, sa va fini. Epi lanmò se pèvèsyon lavi; e kan pèvèsyon va sispann, pap gen lanmò ankò. Vyeyès se siy lanmò; e kan vyeyès va pati ale, lavi va antre. Tout siy pèvèsyon ak tout lòt bagay al fè wout yo. Wons ak epin se siy peche, “tè a va modi avèk yo,” e yo va sispann. Lanmò va sispann. Vèse san va sispann.

290 Anyen pap janm touche gazon sa ke sentete, Rachte yo. O, la la! Ya. O, m jis santi m tèlman byen. Bondye, ak kreyasyon Li; ak kreyati ki nan kreyasyon sa te rachte pa Pwòp San Li. Sa te netwaye pa Pwòp fason netwayaj pa L; fason pa L pou touye mikwòb, pou touye peche!

291 Se kòm si tout bagay te esterilize, pi bon esterilizasyon nou te janm genyen se dife. Ou ka pran nenpòt bagay pou lave l ak savon ak tout pwodwi chimik yo pale de yo a, li kanmenm pa fin pwòp nèt. Men kite w boule l on sèl fwa!

292 E kan Dife sen Bondye va esterilize tè a avèk pwodwi Chimik yo; L ap souleve Epouz Li anlè, pou l ka antre nan Syèl avè L, pandan sa ap fèt. Epi li va retounen sou tè a ankò, e se va on Nouvo Syèl ak on Nouvo Tè. Ivè frèt paka andomaje l. Ete cho paka andomaje l. Dezè yo va fleri tankou on woz. Peche ak pechè yo va al fè wout yo.

293 Bondye, ak kreyati Li e kreyasyon L, ap abite ansanm an pafèt amoni. Menm jan syèl la ak tè a se madanm ak misye, se konsa l ye pou Kris ak Legliz, e yo tout va rankontre nan on gwo plan gloriye redanmsyon pou mennen l toudwat ankò nan zantray Bondye. Ou sezi li?

294 E, lan Nouvo Tè a, gen on Nouvo Vil. O, la la! Kounye a tandè byen. Pa bliye sa. Sa Jezi te di a, nan Jan 14, Li ta pral fè preparasyon. "Pa kite kè w twouble." Kan Li va pati ale, "Mwen gen bon rezon pou M pati ale. Ou kwè nan Bondye," Li te di, "kwè nan Mwen tou." Yo patka wè Li te Bondye. Li te di, "Ou kwè nan Bondye, kounye a kwè nan Mwen. E Mwen pral prepare on Plas pou ou. Nan Kay Papa M, gen anpil abitasyon; nan Wayòm Papa M gen anpil palè." Kris la, nan konstriksyon Nouvèl Jerizalèm sa kounye a. Bon tandè avèk atansyon. Pa bouje. Piga, piga w manke sa. Kris nan Syèl la, jodi a, ap prepare Nouvèl Jerizalèm lan.

295 Jis menm jan Bondye te kreye tè a an sis jou, Li te fè tè a an sis jou, oswa sis mil an. Tankou l te di a, "Ke w pa inyoran," se sa nou li nan Ekriti a, "mil an se on jou."

296 E Kris te ale e ap prepare on Plas, ki an konstriksyon depi, dè e dè milye dane, ap prepare on Plas. "E lè M va al prepare on Plas, M va retounen ankò, pou resevwa w; konsa kote Mwen ye a, ou va la tou." Remake Redanmtè a ak Rachte yo!

297 M swete nou te gen tan kounye a. M te make la, Salomon k ap site, "jenn fi sa, Lepouz." O, nou jis oblije pase sou sa; li kòmanse twò ta, ou wè. M pral reprann li, ankò. "Kan l te eseye pran l, li te fyanse ak on jenn gason bèje." Kèk moun probableman te ka panse ke se te on kantik li te jis chante. O, non. Salomon se te eritye twòn David, sou tè a, men sa te montre ke wayòm li te gen pou pase ale. Se te on tip Kris ki damou pou Lepouz. Ou wè?

298 Remake ke Jezi te di, Jan 14 kounye a, "Li te ale pou prepare on Plas."

299 O, a kisa sa pral sanble? Èske w te janm panse kounye a, Lepouz, a kisa sa pral sanble? Sa te prepare epi desine pa Achitèk Diven an. A kisa Vil sa pral sanble? Kounye a, nou pral pale de li pandan kèk minit. Achitèk Diven an te prepare l, te desine l. Epi, gade, Li te desine l avèk dè men tand, pou Epouz byeneme Li. A kisa sa pral sanble?

300 Èske w ka imajine w on nonm, ki gen posibilite, k ap marye ak on dam, kouman l t ap konstwi epi mete tout ti detay jis egzakteman selon gou dam lan, jis sa l te ka renmen? Amèn.

301 Bon, Achitèk Diven an te desine Nouvo Vil la, kote Li pral viv ak Epouz Li, jis dapre gou Epouz la. Pa etonan apot la te di, “Jye pat wè, zòrèy pat tande, e non pli sa pat janm monte sou kè lòm.” Ann wè si nou ka plonje ladann jis pou on moman, pou wè a kisa sa pral sanble.

302 Achitèk Diven an te desine sa pou Byeneme Li. Ou wè? O, se pa ti plas sa dwe ye, alòske, ak Nati Divin, yon Achitèk Diven te desine l pou on atribi Diven ki te predestine Divinman pa on Bondye Diven Ki--Ki se Otè Lavi Divin lan! A kisa Vil sa pral sanble! Panse a sa.

303 Sonje, se poko Syèl la. Jan di, “Mwen te wè l ap desann sot nan Syèl.” Li pral sou tè a. Ou wè?

304 Se pa ke tè sa pral pati ale; se on tè rachte. Bondye pat di Li ta pral elve yon nouvell jenerasyon; Li pral rachte sa ki isit la. Li pa pral elve yon nouvell jenerasyon; Li rachte sa ki deja isit la. Li pa pral fè okenn nouvo mond; se sa ki drèt isit la. Li jis pral boule l, pou netwaye l, tankou L te fè pou ou a. Plan L dwe demere pou tout tan. Bon, gade, se sa ki pral rive.

305 Sonje, se pap Syèl la. “L ap desann sot nan Syèl.” Se on Plas pou abite, on Plas pou viv, pou fè abitasyon L. Tankou la, se te Jan, sou lil Patmòs, la nan Apokalips 21, li te wè l “ap desann.” Jan te wè Vil la, “ap desann sot nan Syèl,” tankou on kolonb, jan l te wè l la.

306 Men Bondye ki te vini, desann sou tabènak terès Li, Jezi, nan... “ap desann sot nan Syèl.” Jezi te batize, te al toudwat...

307 Kan L te rankontre pwofèt la! “Pawòl la te vin jwenn pwofèt la.” E Li te Pawòl la. E pwofèt la te kanpe la, ap rejte tout denominasyon pa yo a, tout lòt bagay. E, lè li te wè Pawòl la, Pawòl la te vin dirèk jwenn li.

308 E pwofèt la te tèlman an eta d chòk, ke li te di, “se Mwen ki bezwen batize pa Ou menm. Poukisa W vin kote m?”

309 Li te di, “Kite sa fèt konsa, paske se devwa nou (nou konn mesaj la) pou akonpli tout jistis. Mwen se Sakrifis la; Sa dwe lave.” Li te sipòte l.

310 Kan Li te soti nan dlo a, li te di, "Mwen te wè syèl la louvri." Pwofèt la te wè l. Li te wè syèl la louvri.

311 E men ni, ap desann sot nan Syèl, sou fòm on Kolonb; e on Vwa, k ap di, "Sa se pati tè pa M nan de tè a ke M te rachte, e apati de pati tè sa M pral rachte rès la, paske Li se Pawòl Mwen manifeste." "E mond lan an antye, Mwen te mete l a legzistans pa Pawòl Mwen," Ebre 11. "E Satan te met men sou li tout tan sa, men M te vini pou rachte l. Yon pati ladann te itilize pou fè kò pa Li, e M ap vini pou abite ladann."

312 Jan te di, "M te wè Vil sent lan, Nouvèl Jerizalèm lan ki t ap desann sot nan Syèl, tankou on Epouz ki te prepare pou Mari li." E ki kote li te tabli? Jis egzakteman tankou sa te fèt la; sou tè a.

313 Jezi te on pati tè sa ke Sentespri a te desann sou li a, (èske se vre?) pou L te rete sou Li pou tout tan. Li pat janm kite L. Li te toujou la. Li menm ak Bondye se Youn. Li dwe toujou rete!

314 Kifè Jan te wè Vil sent lan, Nouvèl Jerizalèm lan, ki t ap desann tankou on komèt, ou pito on--on kolonb, ap desann sot nan Syèl epi tabli sou on rachte, sou tout tè a nèt, (pou fè kisa?) pou reklame chak atribi ke tè a te fèt pou li. Chak òm ki te reprezante nan Letènite, e chak fanm, te rachte lè sa. Yo te byen foubi l epi boule l ak Dife.

315 Jezi, nan moman fòt tantasyon L nan dezè a, pandan karant jou. Apre sa, remake, sa te prè pou ministè Li lè sa.

316 Panse a sa, Sentespri a k ap desann sou tè, sou Jezi, epi San sen sa! Kounye a obsève, e m espere m pa al twò pwofon pou ou, ou wè. San sen an ki te kreye pa Bondye; San an, Lavi a, kreyasyon Bondye a. "Jezi se te kòmansman kreyasyon Bondye." O! Ou sezi sa? Bondye, ki te fèt nan kreyasyon. Li te Lespri. Bib la di, "Li se kòmansman kreyasyon Bondye." Kouman L te kòmanse? Nan vant on fanm. Ki se kisa? Fanm lan se pa...

317 Kijan fè moun avèg sa yo paka wè "semans" sèpan an drèt la. Ou wè? Èv te plase isit la sou tè a, e, anvan Satan te janm touche l, oswa nenpòt lòt bagay la, Bondye te di yo, "Miltipliye e ranpli tè a." Se vre, men Satan te antre la. E, si se te pitit Adan, alò kote...

318 Adan te desann dirèkteman de Bondye. E ou sèlman pran nati paran w.

319 E kan w te ne de nouvo, ou te pran Nati Paran w, ki nan Syèl. E Paran Selès ou se atribi Pawòl la...Oswa, Pawòl la se atribi Paran w. Alò, kouman w ka fè renye L, pou on denominasyon? O, la la!

M espere w pa manke sa. Mwen konnen sa vin de Bondye.

320 Jezi. Men L ap vini, ap desann; e men Jezi, atribi Bondye a.

321 Bon, “fanm lan,” li menm. Obsève. Bondye di, “Poutèt yo te fè sa,” Li te di, “M va mete inimitye ant Semans ou e semans sèpan an.” Èske se sa? E fanm lan pa gen okenn semans. Èske w te janm panse a sa? Li posede on chan, pa on semans. Ou wè, sèpan an te deja plase “semans” li la.

322 Alò, si fanm lan pa gen on semans, li dwe ret an plas pou l resevwa on Semans.

323 Ou wè, atravè relasyon seksyèl la, sa te vini de Satan, sèpan an, ki pat on reptil; li te gen janb, paske janb li yo te elimine de li. Li te bèt ki pi rize, sèl bèt ki te ka--te ka akouple ak fanm lan.

324 Pou kounye a semans on bèt pap ka fè l, e okenn lòt. Yo te eseye. Sa pap mache. Ou wè, semans lavi a leksepsyon on mal pap antre nan yon femèl fanm. Li pap fè l.

325 Men se te bagay ki te pi pwòch la. Ou wè, yo paka jwenn espès sa ant chenpaze e lòm. Ou wè, yo chak, pandan y ap evolye ap monte, depi zwazo yo, ap monte jwenn makak, elatriye, ap monte jwenn chenpanze, la gen on “fay.” Se te sèpan an, pa on koulèv; li te pèdi tout fòm li, poutèt li te modi.

326 Kounye a, Bondye pat modi Adan; li te petèt fè menm bagay la, men Li te modi tè a, “wons ak epin.”

327 Li pat modi Èv, men Li te di ke Adan ta pral “chèf” li. Depi lè sa, li pat dwe ap eseye preche ou fè kwakseswa, Adan se chèf li. “E pandan tout tan vi w, nan tritès, ou va pote...lavi sou tè a.” Men Li te di, “M va mete inimitye ant Semans ou...”

328 Bon, li pat gen okenn semans, li pat janm te genyen, kifè, li te dwe resevwa on Semans apati de yon fason. Bondye te bali on Semans, pa par relasyon seksyèl, men pa kreyasyon.

329 Nou menm moun avèg èske nou paka wè ke se “semans” sèpan an? O, la la! Satan te rive la anvan Adan; sa se te “semans” lan.

330 Men li te resevwa on Semans. Se te kisa? Bondye Li menm. “Li te kòmansman kreyasyon Bondye.”

331 Bon gade lè Sèt te ne, oswa Abèl, li te on nonm jis, akòz de papa l. Sèt se menm bagay la.

332 Ki kote bonòm mechan sa te soti; on asasen, on mantè? Ou wè, ou wè kote sa te soti? Sa te dwe on “semans,” paske li te on semans; Kayen te on nonm.

333 O, kote nou bann moun avèg sa yo? “Dye mond lan te rann yo avèg.” Ebyen, se pa etonan, Jezi te di okenn moun paka wè l. Ou wè?

Ou va di, “Poukisa yo pa wè l?”

334 Jezi te di disip Li a, on lè, “Sa bay a ou menm pou w konnen Wayòm Bondye a, men pa a yo menm.”

335 E se pou rezon sa ou vini de mil senksan mil kare a, ou wè. “Sa bay a ou menm pou konnen Wayòm lan.” Gade, gen zanmi ki vini menm de Afrik di Sid e toupatou, nan tan trè ta sa kote Lepouz ap fòme pou ale nan Wayòm lan.

M jis pa gen ase tan. Remake. Obsève kounye a, ou wè.

336 Bon èske w ka wè “semans” sèpan an la, ou ka wè kouman l te fè sa? Sa pafè, ou wè. Bon kèk nan yo te di...

337 Bon, tankou nonm sa nan Tucson lòt jou, k ap eseye...Aa, li ka ap tandè bann sa. Men, si se sa, zanmi, m vle di w on bagay.

338 Kan l te di, “Èv te di,” men ki kote yo pran sa, “M te gen on pitit ki vin de Seyè a, oswa on nonm ki vin de Seyè a.” Enben, se sèten. Bondye gen on lwa.

339 Gade, ou pran on semans epi plante l deyò a la nan on chan kote k gen ble, epi ou plante wons deyò a la. M pa bezwen konnen, menm solèy la e menm lapli a ap fè semans sa viv. Bondye gen on lwa, e lwa sa paka brize.

340 M pa bezwen konnen si on--si on...fanm ki pi ba nan vil la ak nonm ki pi ba a, san marye ak tout lòt bagay, ta annafè, ap viv ansanm epi fè pitit; timoun sa ta dwe vini pa lwa Bondye, paske pa gen lòt fason. Si w pa aksepte sa, ou fè de Satan on kreyatè, e alò li vin on dye. O, ala avèg ou ka avèg! Ou wè, lwa Bondye, sètenman.

341 Si jamè ou dwe gen on bebe, m pa bezwen konnen si se te Ezawou, Jakòb, kikseswa l te ye a, oswa nenpòt moun ak movèz repitasyon, si se te Jida, sa dwe vini de Bondye. Bondye gen on lwa.

342 Bib la di, “Solèy la leve sou moun jis ak moun enjis la; lapli a tonbe sou moun jis ak en...” Ebre chapit 6, ki di sa, “La--lapli a vini souvan sou tè a, pou awoze l, e prepare l pou sa l ap pote, ou konnen, pou bay lavi; men wons ak epin viv ak menm dlo a, menm reyon solèy

la.” Paske, se on lwa Bondye, pou fè pouse chak semans, pou fè chak semans repwodwi tèt li.

343 Kifè, sa te dwe pwodwi “semans” sèpan an. E sa pat janm--janm nwi Bondye; sa te akonpli plan konplè Li, sa te rann Li on Redanmtè. Tout moun avèg ta dwe prèske wè sa, sof si l kache. “dye mond lan” te kache l pou ou. Sa jis pi klè ke nenpòt ki bagay ou ka wè. Men ni. Men “semans” sèpan w lan. Kounye a remake.

Men, “Jezi se te kòmansman kreyasyon Bondye.”

344 Bon kisa fanm lan fè? Alòske jèm lan vin de sèks maskilen an. Kounye a rejte sa? Fanm lan pa gen lavi nan li, ditou. Li sèlman gen on ti ze, ki se on chan la.

345 Tankou w ta pran on chan pou laboure l nèt, epi--epi ou flite sou li, ou spre pou touye tout semans nèt. Pa menm on branch zèb oswa anyen t ap kapab pouse sou li; apre sa ou mete fètilizan ankò, ou seme kèk bon semans la. Si enmi an vini epi li seme kèk lòt semans, menm lwa Bondye a va fè pouse toude semans yo.

346 Ebyen, Bondye pat gen entansyon pou sa te rive, ou wè. Men sa k te rive?

347 Ou wè, espèm ki vin de mal la pote emoglobin lan, ki se san an. Nan san an ou jwenn lavi. E si w te janm...M te deja obsève sa, nan kwazman betay ak bagay konsa. Frè Shakarian avè m nou te swiv sa, e doktè yo elatriye, nou t ap obsève kouman l te ale atravè, pwosede chimi an. Ou wè? La ou te gen espèm femèl la, ki se on bann ze. Men espèm mal la, ki se on bann jèm.

348 Sa a pa gen on tikras jèm ladann. Se sèlman on pwodwi derive lòm. Se konsa fanm lan te rive la, pou kòmansè, e li se sèlman on chan. Men on ze; li gen teren fètil pou vi sa. E vi sa reyisi antre e l ap ranpe. Men on mistè, kisa ki fè ke...

349 “Petèt,” ou va di, “enben, premye a rankontre l. Rès yo mouri.” Ebyen, kouman, kilès ki decide sa? “Ebyen, premye a.” Èske se pral sila ki devan an; premye ze ki devan an, ak premye jèm lan? Non, non.

350 Sa kapab on ze; jis dèyè nèt la, an aryè, nan mitan espèm lan, ki va monte sou on jèm pou l al rankontre l. Sa montre ke gen on entèlijans ki decide si se pral on cheve kannèl, cheve nwa; si l pral piti, gwo; mal, oswa femèl. Ou wè? Ou paka, ou paka fè anyen konsènan sa; sa pap mache. Ou ka melanje yo ansanm, ak tout lòt bagay konsa, sa pap fè okenn diferans. Bondye decide sa. E apre on ti tan, on ti jèm va ap ranpe anndan chan sa, ze a. Li gen tankou on ti ke, sou li, ap tòdye vire; desann, e se kolòn vètebral bebe a.

351 Alò kisa fanm lan ye? Li pa gen okenn semans. Li gen on chan pou resevwa semans lan. Kifè...

352 Ou wè, enmi an te avanse. Pandan bon semè a t ap avanse, ap seme bon Semans; enmi an te rive aprè l, ap seme semans kòwonpi. "Men lapli a tonbe sou moun jis ak moun enjis la; solèy la tou." Yo tout dwe grandi.

353 Jezi te di, "Kite yo grandi ansanm. Jou sa yo va ranmase ivrè yo." E y ap ranmase yo kounye a, nan gwo òganizasyon; sa pral fòme on gwo tonton bal, Konsèy Mondyal Legliz. E kisa fen an te ye? Se te pou boule. Men grenn lan se pou mete nan grenye. Ou wè? La, yo toulède ap viv pa menm bagay la, menm dlo a, menm lapli a.

354 On pyebwa fanmi sitwon, ki on--ki on pwe zoranj, ka pote, li va pote; nan li ou va jwenn, si gen grèf ki fèt sou li, grenad. Li va pwodwi sitwon. Li va pwodwi chadèk. Ou wè? Men se pap zoranj, men y ap viv de menm vi ke pye zoranj lan ap pwodwi a.

355 Yo te enjekte denominasyon anndan Viy lan. Paske, si yo pretann yo se "Kreyen," yo viv de sa. Kayif te fè sa; ou konn kisa l te ye, e poutan li te menm pwofetize. Ou wè? Ou wè, yo viv de sa.

356 O, m swete nou te ka gen on semèn, pou nou te ka jis etidye bagay sa, epi rann li tèlman klè ke ou--ou patap ka manke wè l. Bon m pral pase sou kèk nan bagay sa yo.

Sè M H 357-469

357 Kounye a gade. Gade, men sa yo te desinen sa a pou Epouz Byenneme L, desinen nan lanmou tandrès pou Epouz Li.

358 Sonje ke Sentepri a te desann sou Jezi, ke, Jezi te on pati tè a. Poukisa? Jèm Bondye a, Lavi Bondye a, te fasonnen nan vant yon fanm (se vre?), ki te tè a. Trè byen. Epi apre Lavi Bondye a te antre, kidonk: "Li te kòmansman kreyasyon Bondye a." Ou wè? E apres a San Bondye sa, ki te la pa jèm sa; lè l te vèse nan Kalvè, te tounen tonbe sou latè. Poukisa? Pou rachte tè a. Kounye a, li te jistifye; li te sanktifye; te rele, epi te reklame; e kounye a li dwe resevwa batèm Dife l, pou yo netwaye l pou Jezi ak Epouz Li.

359 E nou se lòt pati sa yo ki te trase sot nan tè sa a. Tè a, nou s on pati tè a; kò nou. Nanm nou se on pati Bondye, yon atribi Bondye, ki te parèt isi a sou latè nan yon kò. Kò a dwe rachte.

360 Kounye a, nanm lan rachte, paske I te nan peche. Kidonk Bondye desann, pa yon pwosesis jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri an, epi te rachte nanm nou.

361 E noumenm, ki fè pati de tè a, nou rachte pa sa. Nou nan pwosesis lan kounye a. L ap kontinye grandi. Kò nou te jistifye anba batèm Noye. Amèn! E, chè nou, lè L te tonbe la. Epi latè dwe netwaye ak Dife, kote n pral viv lan, ak batèm Sentespri an; yon Plas pou Kris ak Epouz Li abite, Nouvèl Jerizalèm lan.

362 Gade Vil sa; latè, pran kay li sou latè. Kounye a nou ka wè klè jan m te di a,...chanjman sa, tè a dwe chanje. Li pa ka pran L konsa. Legliz la patka ale...Oswa, mond lan patka kontinye ale dwat, apre Milenyòm lan, san li pa chanje. Ou wè? Pou I gen yon Plas konsa sou li, I ap gen pou chanje.

363 Jis tankou, nou dwe chanje pa Dife sen L lan, pou modifye epi fè yon plas pou L twouve L anndan nou; sa se: Sentespri a.

364 Remake kounye a, pral gen anpil plas nan Nouvo Tè a. En-en. Ou wè, anpil plas! L ap renouvle, se vre, pa Dife, men pap gen lanmè ankò. Remake, Vil la se demil katsan kilomèt kare.

365 Kounye a koute vrèman byen pandan n ap trase dimansyon sa yo. M vle efase tablo a, jis on moman. [Frè Branham efase imaj anvan I yo—Editè a.]

366 Men yon revelasyon pwofon ki sot nan Bondye. Men, m ap jis stope la. Okenn nan lòt sa yo...M ap pote rès la, si Seyè a vle.

367 Remake kounye a tè a se...Ebyen, vire nan Liv Apokalips la, nou ka wè kòman I te mezire I pa koude epi pa longè estad. Demil twasan...Kidonk kounye a nou dekouvri ke Vil la-la mezire, “demil katsan kilomèt” kare.

368 Nou konn jouk kibò sa t ap rive? M te mezire I, semèn sa. Sa t ap rive sot nan Maine rive Florid, epi sot nan bòdmè nan lès rive jouk nan nèfsan swasannsenk kilomèt, lwès Misisipi. Nan lòt mo, mwatye Etazini, jis pou on Vil.

Ou di: “Pa gen ase plas.”

369 Lè lanmè a disparèt pral genyen, paske prèske kat senkyèm nan li anndan dlo. Se vre? Eksplozyon an seche lanmè a, eklate tè a. O la la! Sonje, demil katsan kilomèt kare, ala yon Vil! E, men, sonje, lanmè a disparèt.

370 “E lajè ak wotè a se menm lan.” Sa t ap fè l demil katsan kilomèt direksyon sa, demil katsan kilomèt direksyon sa; demil katsan kilomèt; longè a pa lajè a pa wotè a. Demil katsan kilomèt, panse a sa, lò transparan. E Vil lan te g on miray toutotou li.

371 Kounye a, kounye a, sa pa vle di nesesèman, kòm si yo egal...Sa te di: “E miray yo ak fondasyon an te egal,” sa pa vle di nesesèman ke s on kib oswa yon kare. G on lòt mezi jewometrik, ke dimansyon yo se menm lan, sa se: yon piramid. Kare, “fòm kare,” epi miray yo te menm.

372 Te m trase l. [Frè Branham trase imaj sou tablo nwa an—Editè a.] Ou wè: longè, lajè, wotè. Nou pral antre nan on bagay, sèten menm jan a mond lan. Ou wè? Remake, dimansyon ang sa se egzakteman menm lan, yo tout, longè pa-pa wotè. G on lòt mezi, piramid lan, ki pwouve l.

373 Sa, etann nan direksyon sa, t ap reponn egzakteman a siy Enòk lan an Ejipt, piramid lan. Li t ap fè l? Enòk, anvan destriksyon antedilivyan an, lè jistifikasyon t ap antre, li te pwodwi on siy, e nan piramid sa gen sèt mach k al nan chanm wa a. Gade sou setyèm mach lan, si n te janm etidye dimansyon piramid lan, kilès ki soti pou pran sa k ap vini an, pou prezante wa a. Gade pozisyon kimoun ki kanpe la, e n ap wè jou n ap viv ladann lan, nan piramid lan.

374 Kounye a, Bondye te fè twa Bib. Kounye a, g on ansèyman sou piramid ki san sans, men g on piramid otantik. Ou wè? Remake. Kounye a, Bondye, premye Bib...Li te fè twa. Bondye gen tout bagay an twa.

375 Jezi vini twa fwa. Li vini, yon fwa, pou rachte Epouz Li; pwochen fwa, pou pran Epouz Li; pwochen fwa, avèk Epouz Li. Ou wè?

376 Kounye a remake kijan sa bèl. Ou wè? E nan piramid sa te gen sèt mach, epi chanm wa a. E nou nan setyèm laj la, anvan Wa a pran Twòn Li. E, sonje, piramid lan pat janm g on pyè fetyè sou tèt li.

377 Premye Bib Bondye a te nan syèl la, Zodyak la; li kòmanse epi pakouri chak aj. Premye an, kòmansman Zodyak la, se yon vyèj; se konsa L vini, an premye. Dènye figi nan Zodyak lan se Leyo, lyon an; dezyèm Vini an. Jis anvan gen pwason ki kwaze, ki se laj kansè a; ke n ap viv ladann kounye a.

378 Te g on piramid apre sa, Enòk, ki te temwaye egzakteman. Nou pa t ap gen tan pou antre ladan l, men, yon jou, avèk èd Bondye, m ap montre nou, jis egzakteman trase dimansyon de lè n ap viv lan. Ou wè?

379 Remake, men mezi jewografik sa kounye a ke n genyen, ke dimansyon yo se menm lan, sa pa vle di nesesèman ke l dwe yon-yon kib. Remake, sa t ap koresponn a Ejip...oswa siy Enòk an Ejip.

380 Nan moman tè a ap pirifye, pa batèm Dife li, pral gen vòlkan, tankou tè sa k ap eksploze, epi pral pouse monte yon Mòn ak fòm piramid. Ou wè? Plen plas pou fè sa! Tout bagay sa pral chanje. Tout sifas la pral chanje. Nou konprann li? L ap pouse yon Mòn an fòm piramid.

381 Sa tap egzakteman ak Pawòl la si l fè sa l pral fè a. Kounye a remake, nan Ezayi 65:25, kote nou te fèk li, Li te di.

Seyè a di: Nan tout mòn sen mwen an, yo pap fè mal oswa detwi.

382 O! "Tout Mòn sen Mwen an!" Sonje, se toujou yon "Mòn."

383 Si miray yo te dwat anwo kou anba, yo te ka sèlman wè Vil lan sou deyò...oswa sou anndan, yo ka sèlman wè Twòn lan sou anndan; men remake yo tap sèlman wè l sou anndan.

Men kounye a nou wè pwomès Ezayi 4:5. Ann jis li l.

384 Èske n prese? [Asanble di: "Non."—Editè a.] Non, pa prese kounye a. Nou-nou-n ap nan-nan on bagay patikilye kounye a, twòp-twòp tan ke nou dwe konprann isi a menm. Paske, m vle fè sa klè. Epi apre lè nou tounen ladan l ankò, m ap-m ap montre nou lè sa a ki kote n ap-ki kote n ap pale a, kisa, nan pwochen etid nou sou sa, yon lòt moman.

385 O, louwanj pou Seyè Jezi! Gade isi a, kijan Pawòl yo paka fayi. Kounye a gade isi a nan Ezayi. M genyen l ekri isi a, si m ka jwenn li ankò, jis on minit. Ezayi 4:5. Kounye a koute, l ap pale de Vini Seyè an, kijan ke fanm yo tap vin sitèlman imoral. O, li te di: "Sèt fanm..." Koute. Ann jis li l. Gade isi a.

Jou sa a, sèt fanm pral kouri dèyè yon sèl gason, y'a di l': -N ap bay tèt nou manje...biye tèt nou. Men, tanpri, kite yo rele nou pa non w pou nou pa wont devan moun!

386 Sa se tan lafen an, kote n ap viv kounye a; maryaj, divòs, ak pwostitasyon, ak kèlkeswa.

Jou sa a, branch Seyè a va bèl e glorie,...fwi latè a va ekselan ak bèl aparans...sila yo ki...chape nan Izrayèl. (Kòman w te chape anba tout kondanasyon sa a! Ou wè?)

E sa va rive, ke *moun* yo te kite nan *Siyon*, ak sila ki s on moun ki rete *nan Jerizalèm*, y'a...(Ann wè.)...*nan Jerizalèm*, ya rele yo sen, menm chak *moun* ki ekri nan mitan vivan yo nan *Jerizalèm*, ou wè:

Kote Seyè a ta va *lave malpwòpte* pitit fi *Siyon* an, (sonje, sa se toujou Epouz lan, ou wè)... e ta va *pirifye san Jerizalèm* (sa se sa k rete nan *Jwif yo*, *plis Epouz lan*, ou wè)...e nan mitan li ak lespri *jijman*, dife...

387 Sa se toujou *jijman Bondye*, lè L fè *jijman final Li*. Rele nou, jistifye nou, epi mennen redanmsyon ban nou; apres a *jijman Li tonbe sou nou*, epi *Sentespri an ak Dife netwaye peche a*. Apres a nou vin pa L.

388 Menm bagay Li fè pou tè a, lè L *pirifye l ak Dife*, “epi pa lespri boule a.” Kounye a gade. Koute! Èske n pare?

E *Seyè a va kreye sou chak plas pou abite nan mòn Siyon an ak sou tout moun li ki sanble la a*, yon *nyaj lafimen lajounen*, ak yon *gwo flanm...dife lannwit*. Paske glwa a ap yon defans sou yo *tout*.

389 [Frè Branham fè imaj sou tablo nwa an—Editè a.] “Seyè an, nan jou sa a, sou tè li, va kreye yon *Dife Limyè pou boule sou jou an*.” Epi l al pi devan epi di: “L ap yon abri, yon repo, yon refij.” Remake, n ap fè *Bib la pale egzakteman, egzakteman*. Miray yo te tou dwat sot anwo al anba, nou pataka wè l. Li dwe panche. “*Tout Mòn sen Mwen an...*” “L ap kreye *Limyè sa sou Mòn sa*, e l va la pou yon defans.” O, nou konn chante chante sa:

O, Vil sa sou Mon Siyon,

Tankou yon pèlren, poutan m toujou renmen l;

Kounye a e atravè laj sa yo,

Lè m rive nan Vil sa a sou Bit la. Ou wè?

390 Remake, *Mòn Sinayi se te kote Bondye te desann sou tè li*, lè L te pale ak *Izrayèl nan yon Kolòn Dife*. Li te desann sou tè yon mòn, *Mòn Sinayi*.

391 Sou *Mòn Transfigirasyon an*, lè L te deklare: “Sa se *Pitit byenneme Mwen an; tande L*,” Li te desann nan yon *Kolòn Limyè epi ap klere byen klere*, sou tè mòn lan, devan *Pyè, Jak, ak Jan*. Epi, anndan la a, Li te reprezante ak toude *Moyiz epi Eli*; sila ki te anlve a, ak mò ki te leve vivan an. Glwa!

392 Nouvo Vil la ak Nouvo Tè a; nouvo kreyasyon an; Vil ki sou Bit la, ak Twòn lan sou tèt li. [Frè Branham trase imaj sou tablo a, pou kèk pwochen paragaf ki vin apre yo—Editè a.] Twòn lan anwo *isi a*, sou tèt la; ak abitan yo, tout anwo ak anba, sou Mòn sa.

393 E miray ki toutotou sa, te gen douz fondasyon. E chak nan yo te gen pyè ki nan pektoral Arawon an, ki te reprezante douz tribi Izrayèl yo.

394 E, nan pòtay yo, yo te gen kat pòtay ki plase egzakteman tankou tanp lan nan dezè a, tankou tant lan te ye nan dezè a. Remake yo chak , te gen-te gen apot yo, twa sou chak bò, douz apot. Chak...E se te sankarannkat koude nan wotè. Sankarannkat koude se egzakteman desan sèz pye, kifè chak nan gwo wòch sa yo fè prèske ven pye wotè, pektoral la nan pòtay sa, te fòme miray sa a ki te toutotou Vil la.

395 Kounye a li, Vil la, pa plase sou tèt miray la, paske yon vil, demil katsan kilomèt, pataka fè sa. Se miray la *isi a* ke w antre ladann, tankou pòtay ansyen Jerizalèm lan. Ou te antre nan miray la, anndan sa.

396 E chak nan sa yo, te gen douz fondasyon, epi yo chak te gen emwod ak diferan pyè presye sa yo, ki te reprezante douz tribi Izrayèl yo.

397 E apot yo, yo chak, sou gwo pòtay sa, ki fèt ak on sèl pèl masif, non yon apot grave. E èske Jezi pat di: “N ap chita sou douz twòn, ap jije douz tribi Izrayèl yo”? Kimoun ki plase nan pòtay la, pou jije, lè yo antre nan Vil la? O la la! Men nou. Wa sou latè yo nan antre nan Vil la, vin devan jij apostolik lan, jan Jezi te pwomèt la. O la la!

398 Sou Twòn sa, sou tèt li, demil katsan kilomèt nan wotè, lemonn antye ap wè Limyé mond lan, Jezi, ki chita sou Twòn lan sou tèt mond lan, tèt Legliz lan, tèt Mòn Siyon; ki se demil katsan kilomèt, mwatye gwo Etazini, e monte anwo dwat jouk nou ka wè L nan tout mond lan, demil katsan kilomèt wotè.

399 E tout anwo anba *isi a*, se pral Rachte yo. Pral gen kay annò pi. Pral gen avni, ak pak, ak jaden. Epi Rivyè Lavi an k ap vini, koule sot nan Twòn lan, epi ap kouri desann nan ti fose yo epi, o, sou teras yo. Epi Pyebwa Lavi an pral fleri nan chak lakou; epi pote fwi L yo; douz fwa pa ane, yon fwi chanje chak mwa.

400 E wa yo ki sou tè a va vini pou pote respè yo. “E fèy yo va pou gerizon nasyon yo,” kan wa yo va an pè deyò la. Lè yo va soti, yo va pran nan yon pyebwa, yon fèy tankou sa. Jan kolonb lan te retounen an, kote kòlè Bondye te fin pase, pou sa te mennen fèy sa nan lach la. Kifè lè yon wa va deplase, pou vin pote glwa pa l nan demè Epouz la isit la anndan Vil la, li va kenbe on fèy pou lòt wa vwazen l lan, pou di, “Nou an pè pou tout tan.” Amèn! Gerizon pou

nasyon yo! “Tout bagay regle. On lè nou te konn goumen youn pou san lòt, frè. E nou te konn cheri, epi ap rele; epi tire, epi boule timoun, ak tout bagay konsa. Men kounye a gen lapè, gerizon.” Pa maladi men gerizon; tout bagay fini. Gerizon pou nasyon! Amèn!

401 Vil ak Twòn sou tèt li a. Apokalips 21:23: “E yo pa bezwen okenn limyè, paske Ayo an ak Seyè Bondye a se Limyè li.” Ou wè? Seyè Bondye an se Kolòn Dife sa a ki te swiv timoun Izrayèl yo atravè dezè a. E L te monte sou Twòn lan, nan Wayòm pafè sa a...lè tan... “Wayòm ke Jezi dwe remèt Papa a, konsa Bondye ka tout nèt, nan tout bagay.” Jezi chita sou Twòn Li isit la, tankou Jozèf nou an. E Wa a se Limyè sa k ap sou tèt Mòn Siyon an, e Limyè sen L lan pral anvayi Vil la an antye. Alelouya!

402 Demil katsan kilomèt nan wotè, ak demil katsan kilomèt kare, ak paradi Bondye yo ki bati nan tout Vil sa a; lari yo, avni yo! Li Apokalips 21, pou wè si se pa vre. Ou wè: “Yo pa bezwen okenn limyè la, paske Ayo a se Limyè a.” E yo ka wè L sou Twòn lan, chita, demil katsan kilomèt.

403 Li pa monte tou dwat nèt tankou sa. Li panche, tankou piramid lan. Si se te mwaye nan distans lan, lè sa a sa t ap monte apeprè *konsa*, nou wè, sot nan yon vil al n on lòt...kounye a si n ap remake, sot on bò nan Vil la al nan yon lòt.

404 M te ka lage on ti bagay la si n vle m fè sa. Èske n te remake ti gwoup isit la? Se jis apeprè pati sa a, li kouvri on sikonferans gwosè. Georgia, Kalifòni, rive Saskatchewan; sot Kansas, rive kote limit wochez Maine; se sa li kouvri. Se apeprè sa ki reprezante drèt isit la, apeprè demil katsan kilomèt kare.

O, yo sot nan Lès ak Lwès,

Yo sot nan peyi lwenten;

Pou fete ak Wa nou; pou dine...(Sou kisa? “Lòm pap viv ak pen sèlman.” Men ak Pen, Pawòl la!)...pou dine antan ke envite Li;

Ala beni peleren sa yo beni!

Nan mond lan, m dwe di, m pat janm wè moun tankou yo.

O, ap kontanple visaj sen Li

Klere ak Limyè Diven;

Patisipan beni gras Li,

Tankou bijou nan kouwòn Li va klere.

O, Jezi ap vin byento,

Alò pwoblèm nou ap fini.

O, e si Seyè nou ta vini nan moman sa a?

405 Sa pap long. Tout bagay la pafètman. Jewografikman, Sodòm, mesaje yo; tout bagay byen chita jis egzakteman kòmsadwatèt. Ou wè? Kisa sa vle di? Jis panse, pou ap vini nan ti tabènak sa, demil katsan kilomèt kare, menm dimansyon an.

406 Poukisa Bondye si tèlman gen panse L epi sitèlman konsidere ti plas an Palestin sa, ou wè, alòske se jis on ti kote? Men jis anndan la a se kote tanp lan tabli. Se la ke Nouvèl Jerizalèm lan pral soti, la a menm. “Olivye, Mòn Olivye a va fann, on pati a dwat on pati agòch,” sèten, lè l va pouse monte soti pa anba. Se pa, jan yo di a, l ap pouse apa tankou sa. Li pral pouse monte: “Nan jou sa lè Li va poze pye sen Li yo sou Montay la.” Remake, sou Twòn Li, demil katsan kilomèt de wotè!

407 Sonje, Satan te eseye tante L, yon fwa, sou tèt yon mòn. Ou wè?

408 Nouvo Vil la gen douz fondasyon, jan n te pakouri l la, douz patriyach; sankarann kat koude; ak pektoral Arawon an; douz pòtay an pèl, douz non disip.

409 Jezi an pozisyon, Pyè fetyè a, sou Twòn lan, lè sen L yo kouwone L: “Wa dè wa, Seyè dè Seyè.” Epi L se Pyè fetyè a.

410 M pa gen bous mwen avè m. Men si nou remake nan bous pa nou, si nou gen on biyè dola, yo gen so Lèzetazini; yon èg nan yon bout, ki kenbe javlo yo, amwari yo, jan sa te fèt la; e nan lòt bout la, ou jwenn piramid lan, ak on jye ki wè tout anlè tèt li. Ou wè, yo pat konnen sa yo t ap fè. E la yo te ekri an Latèn, e ou jwenn sa te di, sa a se “gran so a.” Yo pat konnen kisa yo t ap fè. Menm jan Kayif pat konnen l t ap pwofetize.

411 [Frè Branham bay egzanp sou tablo a—Editè a.] Men Gran So a. Men ni, ou wè, Vil la. Se pa jis yon kib plat *konsa*, ou wè, men li panche sou anwo konsa pou yo ka wè l. E sou Montay sen Seyè a, Seyè a va desann sou tèt Montay Li a; men Li. Se pou rezon sa a Enòk pat mete wòch ki kouvri an. Ou wè? Se pou rezon sa Pyè fetyè a dwe vini kounye a. E Montay la va apouse monte, e li va Montay Seyè a.

412 E anndan *la* Rachte yo pral abite. Avni ak gwo otowout, bagay sa yo, jan yo te ye a, pak, ak Ribyè Lavi a va koule, drèt atravè li. E chak kay va fèt avèk lò transparan. E lari yo va fèt avèk lò. E pwebwa Lavi a va la, e li va pwodwi douz sòt de fwi. E wa yo ak òm d onè tè a va pote respè ak glwa yo nan pòt li yo. E pòt yo pap fèmen lannwit, paske pa gen lannwit la.

Nan Vil sa kote ayo a se Limyè a,

Nan Vil sa kote pa gen lannwit;

Mwen gen on palè la, ke w pa gen pou pene ak kase tèt,

O, m prale kote ayo sa se Limyè a.

413 Èske nou pa wè ke ti vil yo, gwo vil yo, kay yo, abitasyon yo, ap--ap pale de sa kounye a menm? Tout bagay natirèl sa yo se lonbraj.

414 Pran on lonbraj, on sètèn distans, tankou men mwen. Anvan ke te gen on --on pozitif... ou pito on negatif, te dwe gen on pozitif. E, ou wè, lonbraj sa, fè kòm si m te gen douz dwèt, men alò lè w kòmanse ap apwoche yo ansanm, li--li fikse pou fè youn, e apre sa lonbraj la disparèt antre lan men an.

415 E se konsa, anpil fwa, moun yo panse gen twa oswa kat Dye. W ap gade twò lwen dèyè premye refòmasyon yo. Ou wè? Ap desann kounye a, ou jwenn, fikse jiskaskè w wè On sèl. Se egzakteman sa.

416 Gen on sèl Epouz; pa on douzèn, se denominasyon. Men on sèl Epouz, sa se Eli a, ki soti de chak...soti de --soti de tè a ki te predestine a sa, sila yo ki ka rekonèt plas yo nan Wayòm nan.

417 Sou Twòn sa, gade, si tèlman wo! Nouvo Vil la; ak fondasyon yo; douz pòtay; Jezi, Pyè fetyè a; apot yo, k ap jije; douz tribi yo.

418 Piramid Enòk la pa gen lonbraj ankenn lè nan jounen an. M te al an Ejip, bò kot piramid yo. Sa si tèlman byen plase jewografikman, e dapre dimansyon gran figi jewometrik sa; ke, kèlkeswa kote solèy la ye, pa janm gen yon lonbraj toutotou piramid lan. Ou wè kijan sa ye?

419 E pap jan gen lannwit la. Li menm sou tèt Montay la, ap kouvri l ak glwa Li. Limyè Glwa Li va la tout tan. Pap gen lannwit la. Jezi, Pyè fetyè a!

420 Bon remake. Konsa, Rachte a va mache nan Limyè. N ap chante kounye a, "Nou va mache nan Limyè a, bèl Limyè sa." Gen on bagay lan nou ki ap fè apèl. "Li te pase de lanmò a Lavi." Se paske l ap tann. Ou wè? Se sa ki atribi a, sa nou santi an.

421 An verite, sa se...Èske nou pare? Sa se Vil ke Abraham t ap chache a. Ou wè? Antan ke pwofèt, li te konnen ke Vil sa te yon kote. Bib la di sa. E Li te abandone vil kote li t ap viv, e li te pati; gade kote I te ale, ezakteman kote li pral tabli a. Ou wè? “Li t ap chache on Vil ke konstriktè e achitèk la se te Bondye,” ou wè, antan ke pwofèt.

422 Jezi te pati al prepare, avèk men Diven L yo, on Vil Diven; yon Achitèk Diven, pou on pèp Diven rachte, pou on pèp predestine. Li te pati al prepare I.

423 Abraham t ap chache I. “E li te konfese ke li te on peleren e on etranje, paske li t ap chache on Vil ke achitèk ak konstriktè a se te Bondye.” Pwofèt sa, te konnen li te kèkpa! Jan te wè I ap desann, men Abraham te panse li te dwe sou tè a lè sa menm. Poukisa? Li te rankontre Mèlkisedèk, Wa kote sa, e li te peye L ladim. “Li pat gen ni papa, ni manman. Li pat gen kòmansman oswa fen vi.” Abraham te rankontre L, e yo te pran kominyon drèt kote menm Vil la pral konstwi a, Montay sen Seyè an, kote Rachte a pral viv. O, la la!

424 Fwa sa jis pa rete. Non, nou alè; apre on ti tan nou pral nan Letènite.

425 O, Montay sen! Va gen ri annò transparan, avni yo; kay yo, e pak yo. Si w vle li sa, se Apokalips 21:18. Pyebwa Lavi a va la; ak douz sòt de fwi, youn chak mwa, va parèt sou li. Moun ki va manje fwi sa yo, yo va chanje dyèt yo chak, chak mwa.

426 E se--se apati de...se sèlman pou sa k ranpòte viktwa yo. Èske w konn sa? Se pa pou denominasyon yo.

Ou va di, “Èske w serye, Frè Branham?”

427 Ann al nan Apokalips 2, jis on minit, pou wè I. Apokalips 2:7. Ann wè kounye a si se vrèman Laverite ou pa. Apokalips 2:7 ou li I konsa.

E ke sa ki gen zòrèy la, ke I tande sa Lespri...

428 Bon, sonje, Li pap pale ak Jwif yo la. Sa se Legliz, Moun lòt Nasyon yo.

Ke sa ki gen zòrèy la, ke I tande sa Lespri di legliz yo; Sila k va ranpòte la viktwa, Mwen va kite I manje nan pyebwa lavi, ki nan mitan paradi Bondye a.

429 “Venkè yo sèlman, ki te pran viktwa sou bèt la, ki te venk mak li a,” sa se doktrin Katolik, Pwotestan, doktrin denominasyon, “ki te venk bèt la, mak li a, lèt ki ekri non I lan.” “Li va gen dwa pwoche Pwebwa Lavi a, pou antre nan pòtay kote anyen ki souye pap janm antre.” Ou wè? Panse a sa. Bon, jis on minit kounye a, pandan n ap avanse on tikras pi lwen. Pyebwa Lavi a va pou venkè yo sèlman.

430 Fèy yo va sèvi pou gerizon nasyon yo. Ki vle di, wa k ap viv la yo, ap pote lonè yo, lè yo va pote lonè yo vini pou layite I devan Twòn Bondye a. Jis tankou deyò a, dis...onz tribi yo te konn pote vini, yo chak, on dizyèm bay Levi, ou wè. Lè yo va pote lonè yo nan...soti nan tè beni an, anndan sa, yo va toupre Pyebwa Lavi a, pou keyi yon fèy sen...oswa on fèy Pyebwa Lavi a, e yo va soti ansanm. Pa gen ankò. Tout bagay an pè. Fèy yo se pou on souvni, pou gerizon nasyon yo.

431 Menm Pyebwa a, pa tankou Adan, li...Te gen on Pyebwa Lavi nan jaden d Edenn lan, pou I te ka manje si I pat tonbe. Pyebwa Lavi sa te fè I sonje, tout tan, ke nouvo...jenès li ta pral kontinye san rete. Ou wè?

432 Sa va menm lan pou nasyon yo. Fèy yo va pou gerizon nasyon yo; remake, pa maladi la. Ou va gen menm dwa ke Adan te genyen, tankou...kolonb avèk fèy sen an, tout bagay te...chak wa ap pran on fèy.

433 Remake, Rivyè Lavi a, petèt anpil ti kouran dlo te fòme I. Kounye a, sou tè sa...

434 M pral fini jin nan kèk minit. Sou tè sa...Oswa, m pral rete. Sa se kantite nòt ki rete, bon anvivon trant paj. Ya. Gade.

435 Nan sa--nan vi sa, m pat janm te wè anyen ki pi rafrechisan tankou lè w nan mòn yo epi w jwenn, jan m te preche nwit pase a, kouran dlo sa k ap bouyonnen monte, se on don pou resous lavi. Ou te ka fatigue ak swaf, si w tonbe bò kot on bon kouran dlo; desann pwofon kote mikwòb paka ale, desann pwofon dè santèn de pye nan tè a, sa ap bouyonnen pi, otantik, don dlo lavi. Nou apresye sa. Se pa anyen. La, tè a gen kouran dlo I yo ak dlo rafrechisan. Lè w swaf ap mouri, ou pran on bon, gòje dlo fre soti nan sa, sa va--sa va ede w pou viv.

436 Men gade ki kote Sila a te soti. Li te soti de Twòn lan, men kote li te jwenn don resous pou Lavi a. Sa te soti anba Twòn Bondye a, kote Bondye chita.

437 Tout bagay nèt, tout bagay tè sa, tè sa isit la ke n ap viv ladann lan; chak bagay, kit se Kreyen oswa payen, yo gen tanp yo. Èske w te janm panse a sa? Yo gen legliz yo, yo tout.

438 Men Sila a pa gen ditou. Bib la di, "E pat gen okenn tanp la. Men Seyè Bondye a e Ayo a te tanp lan." Ayo a se Limyè a. Ayo a se tanp lan. Ayo a se Twòn lan. Ayo a se Lavi. Li se Tanp sa. Ou wè, tout tanp sa yo gen yon bagay ke y ap adore; men, nan Vil sa a, Li se bagay sa. Li la ak pèp Li. Limyè Lespri L anvayi Vil piramid lan.

439 Tankou Pyè ak Jan, anwo sou tèt montay la. Limyè a te kouvri tèt montay la, e on Vwa te pale, pou di, "Sa a se Pitit cheri M lan."

440 Nan Apokalips 21:3 e 4, "Men tabènak Bondye a avèk lèzòm." Bondye tabènakle nan lòm, poutèt li te rachte l, dapre twa pwosesis sa yo. Kounye a Bondye pral rachte tè a epi tabènakle sou tè a, avèk sijè ki vin de tè Li yo, ke L te fè soti de tè sa. E atravè peche sa te chite, men...Li te oblije kite l ap kontinye. Men kounye a Li te voye Jezi pou rachte tè dechi sa, ke nou se on pati. "Pap gen menm on cheve nan tèt nou ki va peri." Jezi te di sa. Li te di, "M va resisite l ankò nan dènnye jou a." Ou wè? Poukisa? Ou se on pati tè a.

441 Remake, m te gen ti blag sa avèk madanm mwen ki te di m ke m te pèdi cheve m. M te reponn li ke m pat pèdi youn nan yo.

Li te di, "Ki kote yo ye?"

442 M te reponn, "Ki kote yo te ye anvann m te genyen yo." Kèlkeswa kote yo te ye a, yon matyè; kèlkeswa kote yo ye a, yo ap tann mwen. Ou wè? Se vre. M pral jwenn yo, yon jou.

443 Vye kò sa, ak rid epi ap faya, ap trennen, ap peze lou sou zèpòl, ak doulè nan jenou, ak-ak gòj anwe. Se kòrèk. Ou ka antere l nan lanmè, men Twonpèt la va reveye m!...?...Wi, mesye. Nou pral chanje, youn nan jou sa yo. M se on pati mond sa ki rachte a. Ou nan mond lan, men ou pa gen anyen pou *kosmos* la. Ou nan yon kategori diferan, kategori rachte yo.

444 Remake, "Tabènak Bondye a va avèk lèzòm." Remake, "Bagay ansyen yo te pase ale." Sa a, bagay sa, te pase ale. Sa vle di ke Syèl la te desann pou tabli lye rezidans Li avèk lòm. Ou wè? Syèl la ak tè a anbrase.

445 Jis egzakteman tankou lè Kolonb lan te vin sou pati tè a, ki te Jezi; Li te pousyè tè a, antan ke Lòm. Bondye, te vini de ti jèm Lavi sa, pa pwisans kreyatris. E San sa te nan sa...Lavi ki te nan San sa te monte retounen jwenn Bondye, men San an te koule sou tè a, pou reklame l. [Frè Branham frape sou chè a plizyè fwa—Editè a.]

446 Akoz de san an ki te transmèt atravè, jèm selil ki sot nan Kayen an, ou wè ; kounye a Li retounen ak pouvwa imajinatif jis tankou L te fè Adan an, kreye Adan, men Dezyèm Adan an. Epi atravè selil brize sa a la a, kote (peche) Kayen te brize selil san sa a sou jis la, wè, kounye a selil san sa a ... Paske, li te touye Abèl, men Abèl te fèt pa sèks.

447 Men, Sila sa a pat fèt pa sèks . "Se te kreyasyon Bondye a, konmansman an," e l te rachte tè a. Epi tout kalsyòm, posasyòm, petwoleyòm, limyè kosmik, ke w te fèt avèk yo a, te rachte. "Pa men yon cheve pa p andomaje. Apre sa, m pral resisite l nan dènnye jou a . "

448 Lè fini, se kisa ? Bondye desann pou abite sou tè a. Sal ye, li se yon pati de li, pwòp kò L. Li elve L pou jistifikasyon nou, epi nou jistifye lè n kwè e aksepte sa. Remake nan tip yo, Jezi vin ... Nan tip la, Jezi vin yon nonm; Bondye ... oswa predestine pou pran plas li, pou rachte nou, pou rann tout bagay sa yo posib. Remake, pa deyò bèl miray li yo, vil sa a.

449 Bon eske w te wè "Vil la"? Ou wè, se yon Montay sen. [Frè Branham desinen sou tablo a -ed.] "Pa gen anyen ki pral blese oswa detwi nan tout Montay sen m nan, Seyè a di." Vil la sa a se pa yon kare. Li se yon montay. Epi pwofondè l pa lajè l pa wotè a, yo egal, gade ; kenz san mil isit la a, kenz san mil Bò la a, kenz san mil toutotou l ; epi kenz san mil de wotè. Konsa se jis yon gwo montay, tankou piramid la , E vil la sou tèt montay la. Glwa!

450 Se la a w ye, men paradi Bondye a, limyè mond lan, Wayòm pafè sa a. Se pa setyèm jou a; Sila ki Etènèl la! Ou wè? Se pa Milenyòm nan; Nouvèl tè a ! Ou wè?

451 Pandan ke l la p nan Milenyòm nan, l ap nan pwosesis sanktifikasyon nan, men l dwe boule kanmenm. Ou wè ? Sal ye, san an rachte moun yo, sa raple souvni sa a ke se ... pri a te peye, mil lane sa a . Men apre sa li dwe pirifiye pa dife; jis menm jan ak oumenm, delege l yo nan vil sa a, delegasyon an.

452 Konsa si w mouri oswa w viv, ki diferans sa fè ? Si l vini jodi a, oswa li vin nan yon santèn lane, oswa yon milye lane, m pral repose m sèlman jouk lè chanjman m rive.

453 Konsa, granmoun gason ak granmoun fanm, penga w dekouraje. [Frè Branham desinen sou tablo a -ed.] Si w se yon reprezantasyon anwo isit la, nan atribi Bondye sa a, sa a, Bondye a; si w reprezante isit la , ou pa kapab ... Ou nan sa ki etènèl la. Men, si w te janbe sot de setyèm jou a, a wityèm lan, ou te rantre nan Etènèl la pa batèm Sentespri a, ou te fè pati de sa. Koulye a, si w ap jis mete konfyans ou nan yon sansasyon, oswa sote ponpe, oswa, "Mwen fè sesi. M gade setyèm jou m nan. M pa manje vyann , "ak bagay konsa, ki pral peri, kanmèm. Ou wè? Men sa a se Letènèl la. Ou wè? Sa a se Letènèl, Fèt apre fèt tabènak yo. Ou wè?

454 Fèt tabènak yo te dènye fèt la, setyèm fèt la. N ap adore kounye a anba fèt tabènak yo, setyèm laj legliz la.

455 Nan Milenyòm nan, nou pral anba tabènak yo, ankò, nan setyèm jou a.

456 Men, apre sa, apre setyèm jou a, nou gen yon sen Konvokasyon, retounen nan Letènèl la. Koman sa? Pa Sila ki te vini epi rachete e ramne nou, ki fè n konnen ke n te yon pati de Sa a.

457 Koulye a ki jan w fè konnen w se yon pati? Paske, se, Pawòl lè a, pwomès jou a. Ki sa l ye? Yon retou restorasyon an a premye jou a, premye a. "Epi li pral restore kè timoun yo a papa yo ,"nan mennen ankò yon restorasyon pannkotist otantik la, pa sansasyon yo ; epi pral manifeste limyè di swa a, menm Fis la ki te montre nan limyè maten an, jan ke l te pwomèt pou jou a. Amèn e amèn!

458 Ki kote nou ye, zanmi, ki kote nou ye? Jis ap tann kounye a pou rale kòn de chemen an, konsa Apokalips 11 la ka fè ... rive a jwif yo; se vre, anlèyman an ap vini.

459 obsève, deyò pòtay miray yo, gaye toupatou Nouvèl tè a, nasyon yo pral viv nan trankilite Etènèl. Kounye a se ki sa? Wa ki onore yo pral pote glwa yo nan li. Pap ka gen peche la a. Pap janm gen fanm ak cheve koupe ki pral antre nan vil sa a. M pral garanti w sa . Pap janm gen moun ak bout pantalon, fimè sigarèt fanm imoral yo, pwostitye yo, oswa mantè yo, idolat yo, nenpòt sa yo te ye a, pa pral antre nan vil sa a. Non, tout sa pral fini nèt. Peche pral disparèt. "Okenn bagay ki ka souye sentete l la pa pral antre la a ." Se sa L te di. "Tout bagay te aneyanti, pou tout tan ."

460 Gade nan chan l yo ak toutotou pòtay li to : Lous la pral vinn emab, lou a va vinn dou ; epi lyon an va dòmi ak ayo a ; Apre sa, bèt sovaj nan bwa a, pral gen yon ti moun pou kondwi l; Mwen pral chanje de kreyati ke m ye a.

461 Avèk lanmò sa a kap travay nan kò mòtèl mwen an, la vyeyès ap antre, m pral chanje.

462 Ou te tandè chante a? " Lous la pral vinn dou. Lou a pral donte . " Li pa pral pa sote, ak fè back e ap eseye touye w. Li pral mache avè w nan chemen yo. Kilès moun ki pral eritye li ? rachte yo. Ki moun li pral ye? Remake, m ka sèlman anseye ak tip yo kounye a. Remake, Frè Lee.

463 Ki moun ki soti mache sou nouvèl tè a ak pwofèt Noe? Sila yo ki te antre avèk li nan lach la. Se sa? Se yo ki te soti mache sou li. Ou wè? Moun yo ki te antre ak Noe, pa mesaj li a, te menm yo menm nan ki te sòti mache sou nouvo tè a apre batèm dlo l la.

464 Sila ki antre ak Jezi kounye a. Ki jan w antre nan li? Pa yon sèl Lespri; e L se Pawòl la. Ou vin fè pati de li. Ki pati nan li ou ye? Pawòl la k ap viv nan lè sa a, ki rekonèt. Ou pral kite avè l pou al nan milenyòm nan. Se lè ke w kite a. Remake, se pa yon nouvo jenerasyon. Yon transplantasyon ! Ou di, "Oh, Frè Branham!" Oh!

465 Remake, si Bondye te ka leve Eli epi anve li, de mil senksanzan de sa, pou mennen l tounen ankò sou latè a, pou l sa on pwofèt pou Jwif yo, konbyen plis Li ka fè l pou Epouz la!

466 Apre ke Noe soti nan lach la, remake sa ki te di Noe apre ke l soti de delij la, menm jan sa te ye ak Adan anvan. Apre ke l soti, sou nouvo tè a; li di: "Miltipliye epi ranpli tè a," apre delij la. Remake, "li te dwe fètil, ranpli tè a," tankou Adan nan kòmansman an.

Kounye a nou ka wè egzakteman la a. Kounye a tandè byen.

467 Adan te dwe "miltipliye epi ranpli tè a." Pa vre? Noe te dwe, apre nouvo a, (mond lan te detwi), te dwe "miltipliye e ranpli tè a." Nou konprann? Kounye a èske nou pa wè sa "semans" sèpan an ye? Kisa ki ranpli tè a? Nou konprann? Trè byen. Nou wè kijan Satan te pran Èv kounye a. Se poutèt sa lanmò reye sou tè a depi lè a. Epi Syèl la, tè a, bèt yo, atmosfè a, tout gen malediksyon Bondye poutèt sa. Sa se malediksyon an, paske Satan te rive la an premye.

468 Jezi vini pou rachte li, mennen l tounen bay Papa a. Pou fè sa, Li vin on pati de li; jan m fèk eksplike l. Epi de pousyè sa a (pati ke Jezi te ye a, Limenm) ki rachte, atravè Li tout atribi Bondye rachte avèk tè a.

469 Li te Pawòl pwononse. Nou menm ki rachte nou son pati de Li. Alò, si nou ka rekonèt! Wè?

470 Farizyen yo te pretann ke yo te ye. Men, nou wè premye ilistrasyon mwen, yo te sèlman sa on jan entelekyèl. Yo pat ka rekonèt Pawòl la lè L te manifeste dirèk devan yo. Yo di: "Nonm sa a, son move lespri."

471 Kounye a, jodi a, yo rele nou fo pwofèt. Yo rele nou tout bagay sal ke yo ka rele nou, pa moun ki relijye, wè, pa gwo moun ki gen talan. Wè, yo jis pa konprann. Wè?

472 Batèm dlo li pat sifi pou pirifye I; pa yo tou. Sanktifikasyon, San an, te pote I tounen, te reklame li. Men batèm Dife a te pirifye I; menm jan li fè I pou Epouz Li. Tankou, jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a.

473 Li pat janm te pwomèt pou leve on nouvo ras, jan m te di I, men Li te pwomèt pou rachte sa ki tonbe a. Sa ki te predestine yo-yo, yap eritye L jan L te pwomèt la. E Li se Bondye a ki pa ka chanje; nou konn sa.

474 Sonje, Bondye te pran Eli, apre anlèvman an, e te transpòte I, te replante I nan mitan pèp la, pou pran plas li kòm pwofèt nan mitan pèp li; trè byento, Li pral fè sa. Epi Li kenbe I vivan, pandan de mil senksanzan. Li dwe reaparèt.

475 Remake ankò, Li resisite Moyiz nan mitan mò yo. Kote tonm li? Èske yon moun ka jwenn li? Li Liv Jid la. Wè? Satan... Akanj ki tap diskite ak akanj lan, Satan, li te di, pa oze... ke "Seyè a reprime w", lè yo tap diskite sou kò Moyiz la. Epi la a, Pyè, Jak ak Jan te kanpe la a ap gade I, sou Mòn Transfigurasyon an, jis la a nan peyi kote Mòn lan dwe leve pou nou sa abite. Wè?

E Li vini pou rachte li.

476 Wè, te gen Legliz la ki te anlve lè sa a, ki te reprezante; te gen sa kap dòmi, ki te reprezante. Ki kote? [Frè Branham ap desine sou tablo a, nan pwochen paragaf yo-Ed.] Nan vil la, anlè tèt mòn lan. Wè?

477 Te gen Pyè, Jak epi Jan ki tap gade; twa kòm temwen. Te gen Eli, Moyiz epi Jezi; kòm temwen Selès. Wè?

478 Epi te gen Moyiz, sa ki te mouri, ki te resisite, Te gen Eli, sa ki te anlve, ki te toujou vivan. E toude te reprezante sou mòn sen sa a.

479 Epi, Jezi, Redanmtè a. Lè Bondye, anlè L *konsa*, te kouvri L ak onb Li, Li te di: "Sa se Pitit Mwen renmen anpil la."

480 Nou sonje, Jezi te di, apeprè on jou anvan sa, Li te di: "An verite Mwen di nou, gen kèk ki kanpe isit la kounye a, yo pap wè lanmò, jiskaske yo wè Wayòm Bondye a etabli sou pouvwa."

481 Kisa I te ye? Mò resisite yo epi sen anlve yo, ansanm, anlve ansanm pou rankontre L nan lè a. Avèk Bondye ki tap kouvri L ak onb Li, epi Jezi ki te kanpe la a nan onb sa a, kap di: "Sa se Pitit Mwen renmen anpil la, Li fè kè m kontan anpil," òd Nouvo Wayòm lan. Oh, frè, sè!

482 Lanmò pa chanje w. Lanmò jis chanje kote ou rete. Wè?

483 Sonje, Samyèl, lè I te mouri e ke yo te antere I depi dezan, li te nan Paradi. Sòsyè Endò a te rele I, epi Sayil te rekonèt li; e li menm tou, epi I te tonbe fas atè. Li pat chanje ditou. Li te toujou menm Samyèl la, apre ke I te mouri pandan dezan, e li te toujou pwofèt. Li te di: “Demen wap tonbe nan batay la, pitit gason w avè w, e nan lè sa a, demen swa, wap avè m.” E se egzakteman sa ki te rive.

484 Wè? E lè Moyiz ap tounen, epi Eli, pou Apokalips 11, yap toujou pwofèt. Alelouya!

485 Epi lòt bò a, nan Peyi a, Vil kote Ayò a se Limyè a, map konnen w, Frè McKinney. Map konnen nou, pèp mwen an, bijou mwen nan kouwòn lan. Lè yap soti de Lès ak Lwès, nan Vil la; lè lap la, de mil katsan kilomèt pa de mil katsan, e Vil la ki bati nan on kare. Lè nap chita la a sou Mòn sen an, kote Bondye chita sou Mòn lan, epi Jezi sou Twòn lan. E twonpèt an lò a pral sonnen lè Jozèf pral ale, pou I mache nan Paradi a, e pitit Bondye yo pral tonbe ajenou pou adore Li, paske yo konnen ke yo te rachte. Wè? Amèn! Alelouya!

Pafwa mwen anvi wè Syèl la,

Epi mwen pral wè glwa a;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

Mwen destine pou bèl Vil sa a

Seyè a prepare...

[Espas vid sou kasèt la-Ed.]

486 Ezayi te di, nan Ezayi 9.6: “E nan lapè Li e nan grandisman Li, pap gen okenn fen. Se Li menm ki pral chèf nou; yap rele Non Li Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan an, Papa Etènèl la. E se Li menm ki pral chèf nou; e nan grandisman Li e nan lapè Li, pap gen okenn fen.” Menm bèt yo la. Oh, lala!

Lous la pral dou, e lou a ap donte;

E lyon an pral lonje bò ayo a,

E bèt sovaj la ap dirije pa on timoun;

Men m pral chanje.

487 Kreyati sa a ke m ye, lap chanje, lè Jou sa a pral rive, paske m pral nan Vil sa a. Mwen destine pou bèl Vil sa a! M santi Pouvwa redanmsyon an nan tout kè m kounye a.

488 Si se pa sa, alò m voye jete vi mwen; m anseye lòt moun move bagay. Men lè m gade epi mwen wè pwomès ke L fè pou jou sa a, epi mwen wè Li konfime; epi ke m wè kongregasyon sa a ki chita la a, ki vini de de mil katsan kilomèt pa de mil katsan, on Eli ki soti de denominasyon, de ras, de kredo ak bagay, ki rasanble ansanm; alò ke m wè Pawòl la kap konfime tèt Li, mwen konnen, san mank, ke bijou kouwòn mwen an pral pi klere pase tout bagay nan mond lan, nan Jou sa a.

489 Ap rive on lè! Zanmi, nou pa rasanble isi a pou granmèsi. Nou jis ap tann pou moman sa a. Li trè, trè ta, men Jezi toujou trè, trè pre. Epi, Glwa Li, li ekstraòdinè. “Non Li pral rele Konseye.” Vil sa a, èske ou ka wè l? Se la a ke Epouz la ak Lemarye pral etabli, pou pa janm...

490 Kounye a, si nou panse sa a bèl lè nou woule è santèn de kilomèt an machin, pou chita la a epi manje Pawòl Li a, alò ke sa a jis on onb, kisa lap ye lè nou pral viv avè L nan Vil la! Lè m pral viv akote w, e lè nou pral manje nan pyebwa sa yo, e ke nou pral mache na lari sa yo, lè nou pral mache monte nan lari sa yo an lò, vè sous la, ke nou pral bwè nan sous la, ke nou pral antre nan paradi Bondye yo, avèk zanj kap plane sou latè a, kap chante kantik, oh, ala on Jou sa pral ye! Li vo tout bagay. Wout la sanble difisil, pafwa li vin di, men, oh, lap tèlman piti lè m pral wè L, tèlman piti. Kisa move non yo pral ye ak bagay ke yo te di, kisa yap ye lè m pral wè L nan bèl, bèl Vil Bondye sa a?

491 Annou bese tèt nou.

Mwen destine pou bèl Vil sa a

Seyè mwen prepare pou sak pou Li yo;

Kote tout Rachte tout laj yo

Ap chante “Glwa!” otou Twòn Blan an.

Pafwa mwen anvi wè Syèl la,

Epi mwen pral wè glwa li yo;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

492 Sou il Patmos, Jan te wè li! [Frè Branham kriye poutèt li kontan-Ed.]

493 Presye Jezi, espwa sa a, espwa mwen bati sou anyen ki mwens, Seyè. Sa se manman kè mwen; Vil sa a, gran Wa a. Bondye, pa kite on sèl peri la a, tanpri. Se pou nou egzaminen vi nou ankò, jodi a, Seyè, nap tann Vini Seyè a. Kote, tout Rachte sa yo, lòt bò a nan gran

kolize lavil Wòm sa a, kote Kreyen sa yo te devore pa lyon yo, pousyè a pral transfòme on jou!

494 Pap gen simityè sou pant mòn Glwa a. Pap gen manh pòt pou kenbe on kouwòm fineray. Pap gen dlo nan je ki pral sou li. Non, non. Pap gen pil gazon. Pa gen tanpèt ki pral frape l. Tout bagay pral bèl lòt bò a.

495 Ede nou, Seyè. Si gen youn isit la... ki envite a Soupe Maryaj Ayo sa a, a mil ane rèy Milenyòm sa a, e apre pou antre nan Vil la, apre ke Lin de myèl la fini. Milenyòm lan se sèlman Lin de myèl la. Apresa, Epouz la, pran... Lemarye mennen Epouz Li Lakay. Se pou Li. Mari Li; Epouz li. Oh, L ale pou L prepare on Kay, depi ke L te fiyanse.

496 Se pou nou rete fidèl a Li ki Pawòl la, paske Li se Pawòl. Kèlkeswa jan lòt moun ap eseye toumante nou, kenbe nou lwen Li; Seyè, atire m pi pre.

Paske pafwa mwen anvi wè Syèl la,

Epi mwen pral wè glwa li;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

497 Kay kap vini pou Lemarye ak Epouz la! Lap retounen... [Espas vid sou kasèt la-Ed.] nan Soupe Maryaj la; li pral fè twa jou edmi. Apresa retounen ankò, nan Milenyòm lan, pou lin de myèl nou. E apre Li-Li pral fè Vil la parèt. Tankou mari a kap mennen epouz la a sipriz li, jan ti epouz la kanpe la a etone, pandan ke lap gade fiti kay li! Epi pa lafwa, jodi a, Seyè, nou wè l lòt bò a. Lap jis isit la sou tè sa a. Ou te pwomèt li.

498 Egliz ou ap konplètman rachte, youn nan jou sa yo. E apres a mond Ou pral rachte, rès patikil yo. Men anvan, Ou te rachte pèp Ou, kò yo ki te fèt nan mond lan.

499 Ede nou, Bondye. Si gen youn isit la ki pa egzakteman sèten de sa, Seyè, kite yo resevwa l kounye a.

500 M konnen ke sa te long e ke li te fè cho, men, zanmi, nou pap toujou kanpe isit la. M pap toujou pastè nou. Ann asire nou

“Èske gon fason, Frè Branham?”

501 Wi, vin on pati nan Pawòl la, on pati nan Pawòl jodi a. Li pa ka on pati nan Pawòl epòk Moyiz; pati sa a, li deja fòme, se te pye yo. Nou nan Tèt la kounye a. Sa se Kris. Se pa epòk bra yo, nan tan Litè, non. Sa se epòk Tèt la. Kris, Tèt Wòch la, vin sou Kò a.

502 Si ou pa santi w byen sou sa, kote w kapab, èske ou ka leve men w pou m sa wè. Lòt moun yo, kite tèt nou bese. Ke Bondye beni w.

503 Di: “Sonje mwen nan priyè w, Frè Branham. M tèlman vle la a! M-m pa vle rate sa, Frè Branham. M-map checke, map fè tout sa m kapab, men priye pou mwen kounye a, sou vle?” Ke Bondye beni w.

504 Pandan ke wap panse a sa kounye a, jis priye, di: “Bondye...” Li nan pwòp kè w. Wè, si ou santi on bagay kap rale, kap pike kè w, se sa li ye. Se atribi sa a kap eseye deklare tèt li.

Mwen destine pou bèl Vil sa a

Seyè mwen prepare pou sak pou Li yo;

Kote tout Rachte tout laj yo

Pral chante “Glwa!” otou Twòn Blan an.

Pafwa mwen anvi wè Syèl la,

Epi mwen pral wè glwa li yo;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

505 Papa ki nan Syèl la, pran nou kounye a, Seyè. Se pou Gran Bèje a, Gran Bèje Redanmtè a, Gran Bèje ki kite Glwa a, ki te konnen ke kèk nan atribi yo te pèdi nan gran vale peche sa yo, kote lou yo ak bèt yo ta devore ti ayo sa a byento; men Li kite koridò an lò yo, Li desann sou tè a e Li vin youn nan nou, pou L te ka deklare nou lanmou Bondye an. La a Li jwenn yo, kèk nan denominasyon, kèk nan kay move repitasyon, kèk nan lari, avèg, kèk nan baryè, sou chemen, men Li rachte tout moun Papa a te nonmen pou L te rachte.

506 Epi Li te komisyone nou, pou nou viv pati sa a nan Pawòl la pou laj nou yo. E nou wè gwo refòm Litè a, nan epòk sa a; epi Wesley; avèk Lapannkòt. Kounye a nap veye pou Tèt Wòch Vil la. O Bondye, nou konn laj ak pwomès la ke yo ba nou pou jounen jodi a, kijan sa dwe retabli ankò. “Limyè aswè a ap muri fwi a. E pral rive ke, pral gon jou, ke nou pap ka rele, ni jou ni lannwit, men nan aswè pral gen Limyè.”

507 Menm Pitit Bondye glorie sa a, ki manifeste L nan kò imen isit la sou tè a, ki fè pwomès la viv egzakteman, ki avèg devan je Farizyen yo ak Sadiseyen yo epi Ewòdyen yo, elatriye.

508 E jodi a li repete ankò, Pawòl la ki manifeste menm jan L te ye. Pawòl la, ki konn sekrè kè a, jis menm jan L te ye, jan Ekriti a di, e L pa ka kase. Ede nou, Bondye, pou nou reyalize sa.

509 Ede sa yo ki leve men yo kounye a. Kite yo mare senti yo on ti kal pi fò; ke yo mete Levanjil lapè a; ke yo mete tout zam Bondye yo sou yo; rale kas la desann; pran boukliye lafwa a; mache devan, apati de jodia. Akòde I, Seyè.

510 Jis on ti tan, e yo pral rele nou, lè sa a Anlèvman an pral vini. Jis on gwoup tou piti, tankou Enòk, pral anlve.

511 Apresa, “rès semans fanm lan, ki respekte kòmandman Bondye yo,” Jwif yo, “ki gen temwayaj Jezikri,” Moun lòt nasyon yo, pral pouchase tankou chen, “e yo pral bay vi yo pou temwayaj yo”.

512 Alò, on maten glorye, kòmansman Milenyòm lan, Lin de myèl la pral kòmanse.

513 E apre, rès moun ki mouri yo pap viv anvan fen mil ane yo.” Apresa, nan fen mil ane yo, te gon Jijman, ki montre ke Kam te nan ach la. E Kam toujou la nan rès la. Moun ki tande Li epi ke rejte Li pral oblije jije.

514 Kounye a, akòde I, Seyè, ke nou pa konte pami yo, men ke nou nan apèl Soupe Maryaj sa a. Paske, nou rekonèt Jezi nan mitan nou jodi a. Nap antre avè L; soti nan mond lan, pou antre an Li. Annou mache nan Vil sa a, annou soti avè L.

515 Map vin granmoun, Seyè. Pa rete m anpil predikasyon pou preche. Men m fè W konfyans sèten. Map chache Vil sa a, menm jan papa m Abraram te fè. Gon Bagay andedan m kap di m ke lap vini. Map eseye, tout kote, Seyè, pou m repann Limyè a epi pou m rele yo. Pa kite youn nan yo, Seyè...

516 Jan sa te bèl, on moman, lè Ou te revele m sa a. Sikonferans lan ki apepre de mil katsan kilomèt, gen youn jis *isi a epi la a*, ki chita ansanm jodi a, ki rasanble on ti kote, pandan ke yp tann ke Vil sa a parèt. Nou deklare ke nou se pèlren ak etranje. Nou se de eskli. Payen yo, mond lan, yap ri epi yap moke yo; denominasyon relijye yo ap ridikilize, men nou pa kite bagay sa yo ebranle nou. Fè nou fè pati de Pawòl la, Seyè, ki pa ka deplase. “Li pral rive nan dènye jou yo.” Kite se nou, Seyè, kite ke yo konte nou pami yo. Nou mande I nan Non Jezi. Amèn.

517 Nou kwè I? [Kongregasyon an di: “Amèn.”] Annou leve me nou *konsa*.

Mwen destine pou bèl Vil sa a

Seyè mwen prepare pou sak pou Li yo;

Kote tout Rachte tout laj yo

Pral chante “Glwa!” otou Twòn Blan an.

Pafwa mwen anvi wè Syèl la,

Epi mwen pral wè glwa li yo;

Oh, ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

518 Kounye a, si nou pral rete ansanm nan Vil sa a, bay on moun lanmen, di: “Ke Bondye beni w, pèlren. Kote w soti? Louisiane, Georgie, Mississippi? Mwen menm tou, m son pèlren. Map chache Vil sa a.”

519 Map chache Vil sa a, Frè Nevil, lòt bò a. Nou pral lwen lòt bòt a...?... Frè Capps, map chache Vil sa a, ankò, aswè a. [Frè Branham kòmanse ap fredone *Okenn Desepsyon*- Ed.]

Epi mwen pral wè glwa li yo;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

Oh, lous la pral dou, e lou a ap donte;

E lyon an pral lonje bò ayo a, oh, wi;

E bèt sovaj la... ap dirije pa on timoun;

E map chanje, chanje de kreyati sa a ke m ye, oh wi.

Oh, pral gen lapè nan vale a pou mwen on jou;

Oh, pral gen lapè nan vale a pou mwen on jou.

(Se vre! Wi!)

Pap gen lapèn ankò, pap gen tristès ankò, pap gen pwoblèm ankò;

E pral gen lapè nan vale a pou mwen.

520 Wa envizib nou an, maten sa a, pral manifeste. E m pap wè Bill Dauch gen katrevendizan ankò. Nou pap wè m gen senkantankò. Men map chanje, Jou sa a.

E lè bèt sovaj la, pral dirije pa on timoun;

Men map chanje, chanje de kreyati sa a ke m ye.

521 Èske nou pap kontan? Pap gen cheve gri ankò; zepòl kap tonbe. Men bote, imòtèl, ap la a, a resanblans Li, pou klere plis pase solèy la. Oh, ala bèl!

... pou mwen, O Seyè, m priye;

Pap gen lapèn ankò, pap gen tristès ankò, pap gen pwoblèm ankò;

E pral gen lapè nan vale a pou mwen.

522 Se pou sa nou la a. Konbyen nan nou ki bezwen fòs pou vwayaj la? Ke Bondye akòde nou li! Konbyen nan nou ki malad nan kò nou, solda blese? On douzèn, ou plis. Nou kwè ke Li isi a, Wa envizib lan? Bagay ki vizib yo; envizib yo manifeste pa vizib la. Li se menm a yè, jodi a, e pou toutan, sof pou kò materyèl la. Kounye a, si se Lespri L ki preche sa atravè mwen menm, Li pral akonpli zèv ke Li akonpli lè L te isit la. Oh, ala bèl!

Mwen prale nan tè pwomiz la,

Mwen prale nan tè pwomiz la;

Oh, ki moun ki vle vin avè m?

Mwen prale nan tè pwomiz la.

Nan gwo plenn sa yo

On Jou Etènèl ap briye;

Kote Bondye Pitit la ap gouvènen pou toutan,

E fè nwit la disparèt.

Oh, mwen prale nan tè pwomiz la,

Mwen prale nan tè pwomiz la;

Oh, ki moun ki vle vin avè m?

Mwen prale nan tè pwomiz la.

523 Senksan tap mache nan rivyè a lòt bò a, premye jou ke Lanj Seyè a te parèt sou fòm vizib, pou konfime, menm jan Li te fè l sou mòn Sinayi a, ke m te rankontre L. M mache nan rivyè a, epi dè santèn tap chante menm chan sa a pou batèm lan. Men Li vini, Li desann,

menm Kolòn Dife sa a ke nou wè nan foto sa la a; ki tap desann, toupre isi a bò rivyè a, epi L di: “Menm jan yo te voye Jan pou prepare premye vini Li, Mesaj sa a pral anonse dezyèm Vini Li.” Wè? Men nou, wè.

Oh, ki moun ki vle vin avè m?

Mwen prale nan tè pwomiz la.

524 Menm Kolòn Dife sa a avè nou isit la. Èske nou reyalize sa? Li fè kèk nan nou pou on bagay, epi kèk pou on lòt bagay. Si nou vle, san okenn dout, kwè ke Li nan bilding sa a, mwen kwè ke Li pral pwouve tèt Li ba ou. Èske sa ap satisfè w? Si m pa ka pran tout moun... Li prèske dezè, men si nou... Li on ti kal pi ta pase inè, pito. Si nou kwè, kite L desann sou nou! Kote lafwa nou? Wè, nou dwe kwè sa. Si nou pa doute, ditou, lap mache.

525 Mwen-mwen rekonèt Prezans Diven Èt Kris la, ki Se Pawòl la. E Bib la di: “Pawòl la se... pwisan pase on epe de bò, epi Li koupe jiska mwèl zo a, epi Li disène panse yo ki-ki nan kè a, Li revele sekre kè a.”

526 Gade. Poukisa, m pat konn bagay sa yo, ane anvan yo. Epi lè m di l, san m pa konnen, gade sa L fè. Li di: “Kounye a, ou pral pran men moun yo, epi, pa panse anyen, jis pwononse atribi ke yo di w. Di son timè, kèlkeswa sa l ye.” Apresa Li di: “Pral gon moman ou pap bezwen fè sa ankò.” Wè? Wè? “Li pral disène bagay ki nan yo.” Nou gen tout kalite imitasyon, nou konn sa, prèske pou sedwi Eli a si sa posib. Gade kijan rès bagay la ale a Pawòl la, apresa wap konnen si se vre ou non. Men, Jezi toujou rete menm lan a yè, jodi a, e pou toutan.

527 Konbyen isit la ki malad, e ki konnen ke m pa konnen nou? Leve men nou, di: “M-m konnen ke ou pa konnen m.” Oh, li vrèman, m panse, toupatou. Sèl bagay ou dwe fè se jis kwè li.

Kwè sèlman, kwè sèlman,

Tout bagay posib, kwè sèlman;

Kwè sèlman, kwè sèlman,

Tout bagay posib, kwè sèlman.

528 Jezi di: “Sa ki rive nan jou Sodòm yo, pral rive tou lè Fis de Lòm lan pral revele sou tè a nan dènye jou yo. Lè Fis de Lòm lan pral revele, ou ke Li revele tèt Li nan dènye jou yo.” Kounye a, pa premye jou yo, jou nan mitan; dènye jou yo, wè, Li ta revele. E kounye a nou nan dènye jou yo. Sodòm jis la a, tout bagay, mesaje yo, menm bagay la.

529 Kisa ki te rive a-a ti rès ki te rele pou soti ak gwoup Abraram lan? Te gen Youn ki te vin nan mitan yo, nan kò imen; ki te reprezante nan on kò imen, ap manje avè yo, bwè avè yo, menm manje ke yo te manje, tout bagay. Li te kanpe nan mitan yo, te pote Mesaj la. Apresa L di: “M pral akonpli gwo bagay sa a.”

530 Epi Abraram tap kontinye etidye: “Èske se sa? Map chache on Vil. Èske se Wa a? “

531 Epi L di: “Poukisa Sara doute sa? “ Nan tant lan, dèyè Li.

532 Abraram di: “Seyè Bondye, Elohim!” Paske, Li te disène panse Sara yo.

533 Jezi te di ke sa ta pral repete ankò lè Li ta revele nan dènye jou yo , Tèt Wòch la kap vini nan Kò a. Pou rachte... Sa se rachte yo, Lap vini pou pran Pa L yo. Li la a avè nou.

534 Kounye a, gen sèlman on douzèn de men anviwon, oswa plis, ki leve. M kwè ke Bondye ka geri nou tout. Se vre. M kwè ke nou geri. M pa kwè ke on moun ka vrèman chita nan on kote tankou sa a san...nan on moman tankou sa a, ak atmosfè sa a isit la, san yo pa konnen, san yo pa rekonèt on bagay.

535 M vle nou priye. M vle ke nou jwenn kisa ki pa byen avè nou, nan-nan-nan kè nou, wè, e apres a kòmanse priye, di: “Seyè Jezi, revele sa a. Map -map pale avè W, map di W kisa ki pa byen avè m. E kounye a, voye Sentespri W bay Frè Branham, pou akonpli sa li di ki Verite, nan Mesaj sa a kote I pale de Ou, jodi a, alò ke m konnen ke se Verite. Kounye a, revele m li, Seyè. Pale avè m.”

536 Kounye a li gaye, on ti kal pa isi pa la. Alò jis priye, e jis kwè avèk tout kè nou, ke Bondye pral akòde I.

537 Kounye a m vle ke nou gade m, epi priye. Menm jan ak Pyè epi Jan te di: “Gade nou.” Li te vle on bagay, e li te sou pwèn pou resevwa I. E nou vle on bagay, e m kwè ke nou sou pwèn pou resevwa I. Li te di: “Gade nou.”

538 Li te di: “Lajan ak lò, m pa genyen, men sa m genyen, map ba ou I.”

539 Kounye a, gerizon, m pa genyen. Tout sa nan Kris. Men sa m genyen, on don Bondye, m ba ou I, lafwa pou kwè L. Kounye a, nan Non Jezikri, se pou nou tout geri. Kwè I. Wè? “Si w ka kwè!”

540 Gon dam ki chita la a, kap gade m. Li tap kriye, kèk minit, pandan li tap priye. Li gon pwoblèm tiwoyid kap deranje I. M pa konnen w. Ou son etranje pou mwen. Se vre, pa vre. [Sè a di: “ Se vre.”-Ed.] Ou pa moun isit, Ou soti Chicago. Mrs.Alexander. Si se vre, balanse men w. Kounye a tounen Chicago e rete anfòm.

541 Kisa l manyen? Menm bagay fanm sa avèk pwoblèm san an te manyen, bò rad Li, pa rad pa m.

542 Gon ti dam ki chita nan mitan foul la, si m ka fè l konprann mwen. Ou menm ki leve tèt ou sou kote. M pa konnen w. Ou son etranje pou mwen, men wap soufri ak on pwoblèm vant. Mari w chita bò kote w. Li gon bagay ki mal nan zòrèy li. Non w se Czap. Nou se etranje pou mwen. Nou pa moun isit. Nou soti Michigan. Se vre, balanse men nou. Retounen Michigan, an sante. Lafwa nou geri nou. "Si w ka kwè, tout bagay posib."

543 Gon ti dam la a ki gen pwoblèm nan gòj, li chita la nan fen an, li soti Georgie, li abiye an blan. Retounen Georgie, an sante. Jezikri geri w. Èske ou kwè l?

544 On dam ki chita la a, kap gade m, nan pwent chèz li. Li gen pwoblèm sinis. Lap kwè l, Bondye pral geri l, Mrs. Brown, kwè ak tout kè w, Jezikri pral... Ou son etranje pou mwen, men Li konnen w. Uh-huh. Ou kwè l? Leve men w. Se sa.

545 Kouche isit la sou on branka. Di l gade isit la. Lap soufri depi lontan. Si m te ka geri l, m tap fè l, msye. M pa ka geri. Li pa moun isit; li sot lwen. Ou soti Missouri. Pwoblèm ou entèn. Men si w kwè ak tout kè w, epi ou pa doute, Jezikri ka geri w; epi ou ka retounen Missouri, an sante, epi bay temwayaj ou. Ou kwè li? Alò aksepte l, epi pran branka w epi rantre lakay ou. Jezikri geri w.

546 Èske nou kwè? Sa se idantifikasyon Prezans Wa Etènèl la. Èske nou kwè l kounye a, avèk tout kè nou? Kounye a, Li sètènman fè on bag, toutotou bilding sa a. Èske nou kwè l ak tout kè nou? Nou kwè ke nou nan Prezans Li?

547 Kounye a, èske nou kwè ou nou aksepte ke nou fè pati de delegasyon Wayòm sa a? Leve men nou. Jezi di: "Men siy ki pral akonpaye moun ki kwè. Si yo mete men yo sou malad yo, yap geri." Nou youn lòt; ou son pati de mwen, m son pati de ou; nou tout fè pati de Kris. Kounye a, ansanm, annou mete men nou youn sou lòt.

548 La a menm, fanm sou branka a leve, lap deplase, lap retounen lakay li pou l byen. Amèn.

549 Nou tout geri, si nou kwè l. Kounye a mete men nou youn sou lòt, e nou se pati sa a de Kris. Priye pou moun ou mete men w sou li, jan ou vle a.

550 Seyè Jezi, nou rekonèt ke Ou la a. Ou se Wa nou; Ou idantifye tèt Ou nan mitan nou. Nou remèsye W pou Prezans sa a. Epi, Seyè, Ou di: "Si ou di mòn sa a, 'Wete kò w la', pa doute; kwè sa w di pral akonpli, ou ka genyen l, ou ka gen sa w te di."

551 Alò, nap obeyi kòmandman sa a, nap obeyi Pawòl Bondye ki pa ka fayi, nou menm antan ke delege pa W ki soti de de mil katsan kilomèt pa de mil katsan, menm jan ak Vil la, nou di Satan, dyab yo kale a: “Fen pa w, se pou ou boule. Nou se delegasyon Vil la ki gen fòm on kare, Vil kote Ayo a se Limyè a. Nou se atribi eksprime Bondye Toupwisan, ke Jezikri rachte pa gras Li.”

552 Satan, soti, epi kite tout moun ki malad isit la, nan Non Jezikri. Men sen ki te rachte, paske yo kwè Pawòl la e yo se atribi panse Bondye, kounye a men sa yo poze youn sou lòt. Ou pa ka kenbe yo ankò. Soti, nan Non Jezikri!

553 Kounye a, nan Non Seyè Jezi, kounye a, Li la a. Pawòl Li di Li la a. Prezans ou ak lafwa w temwanyè ke ou fè pati de delegasyon an. Menm tout mezi jeyografik nou ka montre, se sa. Èske nou ka rekonèt ke nou se pitit gason ak pitit fi rachte Bondye? Nou rekonèt ke sa a se Kay ou? Sa a se kote ou prale.

554 Se pou sa nou vin la a, se pou sa nou vin a Kris, nou manje Pawòl Li. E si nou pase on moman tankou sa a, isit la, jis pa atribi L yo ki eksprime, kisa lap ye lè nap rantre nan Prezans Li? Oh, sa a ap bèl! Nou chak gen dwa geri malad, mete men nou sou malad yo. Nou chak gen dwa batize.

555 Si gon moun isit ki pa batize nan Non Jezikri, pisin lan louvri.

556 Se sèl fason ou pral reyisi, uh-huh, se vre, se pou obeyi chak Pawòl. Sonje, se on ti fraz Pawòl la, nan kòmansman an, ki te lakòz tout peche sou tè a. Jezi di: “Nenpòt moun ki wete on mo nan sa, oswa ki ajoute on mo nan li, li pap antre.” Non li pa nan Liv la ankò, osito ke I fè sa. .

557 E pa gen kote nan Bib la kote on moun te janm batize, nan Legliz, otreman ke nan Non Jezikri. Si nou pat batize fason sa a, pito nou fè I.

558 “Oh,” nou di: “Sa pa fè oken diferans.” Sa te fon diferans pou Èv.

559 Satan di: “Oh, sètènman, Bondye, ou konn Bondye....” Men , Li fè I. Li te di I.

560 Li te bay Pyè kle Wayòm lan, e sa ki te lye nan Lapannkòt, li te lye pou toutan. Se rezon ki fè Epouz la reparèt, dezyèm fwa a; dwe gon Legliz ki pou soti nan dènye jou yo, menm jan te gen youn nan premye jou a, absoliman. Pyebwa a soti leve nan rasin li yo, pou I vin Pyebwa Epouz la, menm jan li te fè I lè sa a; Chedèw Bondye ankò, jan mwen te di sa de Dimanch de sa, ki dwe mennen nan Vil la.

Ke Bondye beni nou. “M kwè kounye a.”

561 Satan pèdi. Li konnen. Li sou tè a, li pral tankou on lyon kap gwonde. Sa pap dire lontan anvan li, oh, li fini. Li konn lè li. Li ale tankou on lyon kap gwonde.

562 Men, sonje, Prens Lapè a tou pre; Gran Diven an. Achitèk èt mwen an, Achitèk ki fè m jan mwen ye a, ki fè nou jan nou ye a, Li la a. Si se Achitèk la, ki konn asanble bilding lan, ki konn plase l byen, ki moun ki konnen pi byen pase Achitèk la? E Li la a, pou pwouve, ke Li la a.

563 Kounye a sa depann de lafwa w. Kwè, kwè sèlman! Uh-huh.

Mwen destine pou bèl Vil sa a

Seyè mwen prepare pou sak pou Li yo;

Kote tout Rachte tout laj yo

Pral chante "Glwa!" otou Twòn Blan an.

Pafwa mwen anvi wè Syèl la (lè tout sa pral fini),

Epi mwen pral wè glwa li yo;

Ala on jwa sa pral ye lè map wè Sovè mwen,

Nan bèl Vil an lò sa a!

564 Sonje, nan legliz la, aswè a, yo pral bay kominyon. Si nou nan vil la toujou, ke nou ta renmen vini, nou tap kontan genyen w. Se on souvni de sa nou pral manje, youn nan jou sa yo, avè L.

565 Mwen renmen nou. M pa konn kijan pou mwen eksprime l. M kwè ke nou se sèl latè a. E m tande pale de konpòtman nou deyò, nan mond lan, alò sa ban m plis konfyans nan nou.

566 Men, reflechi, ti gwoup sa a pral, bèl tankou nou, nap epapiye, youn nan jou sa yo. Nou pral reve sa. Men si sa rive ke youn nan nou ta mouri anvan nou rankontre ankò, nap...

Map rankontre nou nan maten an, bò rivyè ki klere a,

Lè tout lapenn yo pral disparèt;

Map kanpe bò pòtay la, lè pòt yo pral gran louvri,

Nan fen jou lavi long, fatigan sa a.

Map rankontre nou nan maten an, bò rivyè ki klere a,

M pèdi nan mitan an.

... bò rivyè a, epi, avèk anchantman, map renouvle ansyen amitye;

Map wè nou lè a, map rankontre nou.

Nap rekonèt mwen nan maten an, avèk souri ke map genyen,

Map rankontre nou nan maten an, nan Vil la, ki konstwi an fòm kare.

567 Nou renmen I? "Jiskaske nou rankontre!" Kounye a annou leve. Pote Non Jezi Avè W, bannou akò a.

568 Nou renmen Li? [Kongregasyon an di: "Amèn."-Ed.] Èske Li pa ekstraòdinè? ["Amèn."] Èske nou kwè sa se Verite? ["Amèn."] Èske nap dirije nou la a, pa gras Bondye? ["Amèn."] Jiskaske nou rive lòt bò a:

Pote Non Jezi avè ou,

Tankou on bouklye kont tout pyèj yo;

E lè tantasyon yo ap akimile,

Jis respire sen Non sa nan lapriyè.

Se sèl sa ki gen pou fè, jiskaske nou wè nou ankò. Trè byen.

Pote Non Jezi avè ou,

Timoun ki gen chagren ak...

[On moun di: "Aswè a?"-Ed.] Non.

Lap ba ou lajwa,

Pote I tout kote w prale.

Presye Non, Oh ala dous!

Espwa latè e jwa Syèl la;

Presye Non, Oh ala dous!

Espwa latè e jwa Syèl la.

569 Kounye a, m te dwe koupe nan Mesaj mwen. On jou, si Seyè a vle, map tounen e map pale de “avni” sa yo, ma reprann sa, wè, lè nap gen plis tan. Nou tap plenyen ke nou pa rete ase lontan. Jodi a, nou fè l. Li fè cho. Men, kounye a, ke Bondye beni nou. M renmen chante sa a.

570 On vwazen isit la, di, lòt aswè a lè yo te koupe opalè ki deyò, li di: “M te tèl man renmen Mesaj la, men poukisa nou te koupe bèl chan sa yo, wè, deyò a?” Alò, vwazen, sou wap tandè maten an, m panse ke nou gen pi bon vwazen yo ki genyen nan Jeffersonvil. Nou pake machin nou devan lakay yo, ak tout lòt bagay; yo pa di anyen sou sa; nou jis kontinye. Alò, nou remèsye yo kounye a.

571 Oh, ala Li ekstraòdinè! Ke Bondye avè nou kounye a.

...Non, Oh ala dous!

Espwa latè e jwa Syèl la.

Jiskaske nou rankontre...

572 Annou bese tèt nou. Pastè a pral fini reyinyon an, jis nan on ti moman. Ke Bondye avè nou!

...nap rankontre nan pye Jezi, (nan gran Vil la, nan Twòn lan),

Jiskaske nou rankontre! Jiskaske nou rankontre!

Ke Bondye avè nou jiskaske nou rankontre.